Ой, уæрæйдæ, Тауыче.
Нæ рæсугъд чызг Тауыче,
Ой, уæрæйдæ, Тауыче!

Нарæгастæу Тауыче,
Ой, уæрæйдæ, Тауыче!
Нанайы чызг Тауыче,
Ой, уæрæйдæ, Тауыче!

*Ирон адæмон сфæлдыстадæй*

## Уазджыты зарæг

**В.** Фæцæуæм уæм, фæцæуæм!
**Д.** Ой, уæрæйдæ, ой!
Ой, уæрæйдæ, ой!

*Дети поют припев и одновременно делают два хлопка в ладоши и два притопа в одну сторону ногами; затем два хлопка и два притопа в другую сторону*

**В.** Фарнимæ уæм фæцæуæм!

**Д.** Ой, уæрæйдæ, ой!
Ой, уæрæйдæ, ой!

*Движения те же (хлопки можно делать и у плеч).*

**В.** Амонд немæ фæхæссæм!

**Д.** Ой, уæрæйдæ, ой! ————Ў Ў————
Ой, уæрæйдæ, ой! ————Ў Ў————

**В.** Арфæтæ уын фæкæнæм!

**Д.** Ой, уæрæйдæ, ой! ————Ў Ў————
Ой, уæрæйдæ, ой! ———— Ў Ў————

*Ирон адæмон сфæлдыстадæй*

7-е занятие

### Тема: «Я И МОЯ СЕМЬЯ» – «ÆЗ ÆМÆ МÆ БИНОНТÆ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«пъ»*.

– Познакомить детей со словами: *зæронд лæг, зæронд ус, фæндыр.*

– Активизировать слова и словосочетания: *æз, цæрын, мæ мады мад, мæ мады фыд, мæ фыды мад, мæ фыды фыд*.

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Кæимæ?» и «Чи сты?».*

– Учить детей воспринимать тексты *«звуковой зарядки»* и *«рифмовки».*

**Материал:** рисунки детей «Древа семьи».

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка.**

Пъолтæ ’мпъузын, пъолтæ ’мпъузын,
Мыстытæ сæ хуынкъ кæнынц.

Пъолтæ ’мпъузын, пъолтæ ’мпъузын,
Мыстытæ та хъæд хæрынц.

*Джимиты Кларæ*

**Работа над текстом.** Прочитать и перевести незнакомые слова: *æмпъузын* – латаю, *хуынкъ кæнынц* – дырявят, *хъæд* – деревянная доска.

**2. Рифмовка.**

**Хъуыбады**

Сæрдæй, зымæгæй,
Гуыбыр, тызмæгæй
Йæ кæрцы мидæг, гъей!
Ныхасы бады
Зæронд Хъуыбады –
Нæ фæндырдзæгъдæг, гъей!

*Хетæгкаты Къоста*

**Работа над текстом.** Прочитать. Познакомить детей со словами: *зæронд* – старый, *фæндыр* – гармоника, *фæндырдзæгъдæг* – гармонист.

**В.** Старик – иронау – зæронд. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Зæронд.
**В.** Зæронд лæг. Старый мужчина. Зæронд лæг.
**Д.** Зæронд лæг.
**В.** Зæронд ус. Женщина – иронау – ус. Зæронд ус.
**В.** и **Д.** Зæронд ус.
**Д.** Гармонь – фæндыр. Фæндыр.
**Д.** Фæндыр.
**В.** Гармонист – фæндырдзæгъдæг.
**Д.** Фæндырдзæгъдæг.

**3. Повторение пройденного материала.**

**В.** Æркæсут уæ ныхтæм. Читæ сты уæ бинонтæй зæрæдтæ? Дзерæ!
**Дз.** Нана æмæ дада.

**В.** Чи сты зæрæдтæ уæ бинонтæй? Папæ æмæ мамæ? Давид!
**Д.** Нагъ. Зæрæдтæ сты мæ фыды фыд æмæ мæ фыды мад.
**В.** Чи сты зæрæдтæ? Дæ мады мад æмæ дæ мады фыд? Алинæ!
**А.** О, зæрæдтæ сты мæ мады мад æмæ мæ мады фыд.
*(Ответы детей на вопрос: «Чи сты?»).*
**В.** Чи у зæронд ус? Æркæсут уæ нывтæм. Чи у зæронд ус? Геор!
**Г.** Зæронд ус у нана.
**В.** Чи у уæ нывты зæронд ус? Томæ!
**Т.** Зæронд ус у мæ мады мад Дзæнæт.
*(Ответы детей на вопрос: «Чи у?»)*
**4. Физкультминутка «Зарядка».**
**В.** Радзурут-ма, кæимæ цæрут уæхимæ? Расскажите-ка, с кем вы живете дома! Кæимæ цæрыс, Алинæ? Кæс дæ нывмæ.
**В.** и **А.** Æз цæрын…
**А.** … мамæ, папæ æмæ ме ’фсымæримæ.
**В.** Тынг хорз дзуапп радта Алинæ. Алинæ цæры йæ мад, фыд æмæ æфсымæримæ. Кæимæ цæрыс, Аслан?
**А.** Æз цæрын мæ мад æмæ мæ нанаимæ.
*(Ответы детей на вопрос: «Кæимæ?»)*
**5. Повторение пройденного материала.**
**В.** Скоро будем отмечать день рождения поэта Коста Хетагурова. Надо вспомнить его стихотворения: «Фыдуаг», «Скъолайы лæппу», «Уасæг»…
Слæуут зылды æмæ уал ахъазæм. Сымах зонут хъазт «Гино»…
*Игра знакома детям. Рассказывают знакомые стихотворения поэта.*
*Распределить тексты между детьми, подготовиться ко дню празднования дня рождения Коста Хетагурова.*

**Работа вне занятия.** Беседы с детьми по рисункам «Древа семьи». *(Чи у? Чи сты? Кæимæ цæрыс?)*; повторить знакомые сихотворения К. Хетагурова.

*8-е занятие*

## Тема: «Я И МОЯ СЕМЬЯ»– «ÆЗ ÆМÆ МÆ БИНОНТÆ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука «пъ».

– Познакомить детей со словами: æхсæз, авд, аст, фараст, дæс.

– Активизировать слова и словосочетание: *пъол, цар, дæлæ, уæлæ, æз дæн.*

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цал сты?», «Кæмæй дæ?».*

**Материал:** рисунки детей «Древо семьи», игрушки или их картинки по 5 штук.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см.7-е занятие).*

**2. Рифмовка** *(см.7-е занятие).*

**3. Повторение знакомых стихотворений Коста Хетагурова.**

**4. Игра-диалог «Цепочка».**

**В.** Состязаются команды на медаль. Кого считалка выберет, та команда и начинает игру первая…

Дæттут дзуапп иу фарстайæн: *«Кæмæй дæ?»*. Иронау зæгъ, кæмæй у дæ мыггаг. Кæмæй дæ?

**В.** Æз дæн Хъаратæй. Томæ, ды кæмæй дæ?

**Т.** Æз дæн Хъантемыратæй. Людæ, ды кæмæй дæ?

**Л.** Æз дæн Герасимова. Дзерæ, ды кæмæй дæ?

*(Диалогом охватить всех девочек.)*

**5. Физкультминутка «Зарядка».** *(см 2-е занятие).*

**В.** Ныр та зылды æрлæууæнт «Цæргæстæ». Хъусынц сæм «Бæлæттæ». Зауыр, райдай хъазт ды! Дзуапп дæттæм фарстайæн: *«Кæмæй дæ?»*
**В.** и **З.** Æз дæн Калотæй. Давид, ды кæмæй дæ?
**Д.** Æз дæн Уырыймæгтæй. Сергей, ды кæмæй дæ?
**С.** Æз дæн Савиди. Геор, ды кæмæй дæ?
*(Диалогом охватить всех мальчиков.)*
*Воспитатель с помощью детей подводит итог состязаний двух команд и награждает медалью победившую команду.*

**6. Знакомство с новым материалом.**

*Воспитательница просит детей поднять левую руку вверх.*
**В.** Левая рука – иронау – галиу къух. Галиу.
**В.** и **Д.** Галиу къух.
**В.** Равдисут мæм уæ галиу къухтæ! Банымайæм не ’нгуылдзтæ!..
**В.** Цал сты нæ иу къухы ’нгуылдзтæ? Оля!
**О.** Фондз.
**В.** Нæ иу къухы ’нгуылдзтæ сты фондз. Ныр та мæм равдисут рахиз къухы ’нгуылдзтæ! Правая рука – иронау – рахиз къух.
**В.** и **Д.** Рахиз къух.
**В.** К пяти пальцам левой руки прибавим – бафтауæм – пальцы правой руки. Считаем по-русски.
**Д.** Шесть, семь, восемь, девять, десять.
**В.** и **Д.** Æхсæз, авд, аст, фараст, дæс.
**В.** Банымайæм дæсы онг иумæ!
*(Ответы детей.)*
**В.** Рахæсс фондз кубикы! Давид! Сæвæр сæ стъолыл. Банымайут сæ иумæ…
Рахæсс фондз пирамидæйы! Алинæ! Сæвæр сæ кубикты фарсмæ. Банымайут хъазæнтæ иууылдæр…
*(Ответы детей на вопрос: «Цал сты хъазæнтæ?»)*

**В.** Цал сты дæ бинонтæ? *Æркæс дæ ныв*мæ æмæ банымай дæ бинонты. Томæ, цал сты дæ бинонтæ?
**Т.** Мæ бинонтæ сты цыппар.
**В.** Цал сты дæ бинонтæ? Геор! Нымай сæ хъæрæй!..
**Г.** Мæ бинонтæ сты аст.
**В.** Тынг бирæ бинонтæ ис Георæн. Лæппу цæры иу хæдзары йæ нанаимæ. Чи ма цæры уæ хæдзары?
**Г.** Папæ, мамæ, папæйы хо Асиат æмæ ме ’ртæ æфсымæры.
*(Ответы детей на вопрос: «Цал сты дæ бинонтæ?»)*
**7. Подготовка ко дню рождения Коста Хетагурова.**
*Разучить с детьми тексты для переклички.*

Кæмдæр дæ сидзæргæс кæуы,
Нæ айсæфти йæ хъыг.
Фыдохау зæрдæйыл цæуы
Йæ судзгæ цæсты сыг.

*Хаджеты Таймураз*

Мæтæй тад æхсæв уа, бон,
Дуджы раз йæ хæс фыста.
Кæд, мыййаг, æз дæн зæххон,
Уæд уæларвон у Къоста.

*Чеджемты Геор*

**Работа вне занятия.** Разучить с детьми песню «Коста», повторить знакомые стихотворения Коста Хетагурова; на занятиях по рисованию или в свободное время нарисовать сюжеты по его стихотворениям.

*9-е занятие*

## Тема: «Я И МОЯ СЕМЬЯ»– «ÆЗ ÆМÆ МÆ БИНОНТÆ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«пъ»*.
– Познакомить детей со словами и словосочетанием: *хъæбул, хъæлдзæг, арв, фырт, чызг, æз дæн.*

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цал сты?», «Кæй?»*.

– Учить детей воспринимать на слух текст небольшого стихотворения *«Мады хур»*.

– Учить детей диалогической речи.

**Материал:** десять знакомых детям игрушек.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см.7-е занятие)*.
**2. Рифмовка** *(см.7-е занятие)*.
**3. Повторение пройденного материала.**
*На столе воспитателя десять игрушек.*
**Дидактическая игра «Чего не стало?»**
**В.** Банымайæм нæ хъазæнтæ… Цал сты?
**Д.** Дæс. Хъазæнтæ сты дæс.
**В.** Бацъынд кæнут уæ цæстытæ! Ракæсут! Цал ма сты хъазæнтæ? Аслан, рауай, банымай сæ.
**А.** Хъазæнтæ ма сты аст.
**В.** Банымайут сæ иумæ! Раст банымадта Аслан. Хъазæнтæ ма сты аст. Цал хъазæны нал ис стъолыл?
*(Ответы детей на вопрос: «Цал сты?»)*
**4. Игра-диалог «Цепочка».**
**В.** Дзуапп дæттут фарстатæн: «Кæй фырт дæ?» æмæ «Кæй чызг дæ?». Дзурут уæ фыды ном. Чызджытæ, слæуут зылды.
**В.** Æз дæн Мæхæмæтты Асланы чызг. Ды та?
**Т.** Æз дæн Хъантемыраты Тотыры чызг. Ды та?
**О.** Æз дæн Кæсæбиты Зелимы чызг. Ды та?
*(Диалогом охватить всех девочек.)*
**5. Физкультминутка «Зарядка».** *(см 2-е занятие)*.
**В.** Зылды слæуут, лæппутæ. Хъазт райдайдзæн Давид.
**Д.** Æз дæн Уырыймæгты Мараты фырт. Ды та?
**В.** и **С.** Æз дæн Савиди Игоры фырт. Ды та?
*(Диалогом охватить всех мальчиков.)*
**В.** Кæй фырт дæ, Зауыр?..

Кæй чызг дæ, Дзерæ?..

*(Ответы детей на вопрос: «Кæй?..»)*

**6. Разучивание текста стихотворения «Мады хур».**

**Мады хур**

Дзуры хъæлдзæгæй Тимур:
–Хоны мæ дзыцца йæ хур.
Ау, цæмæн, кæд хур ис арвыл,
Бæстæты йæ хурæй тавы.

Радта дзуапп дада Инус:
– Ды – ныййарæгæн йæ рухс,
Мадæлтæн хъæбултæ цал ис,
Хуртæ дæр дунейыл уал ис.

*Къозаты Мурат*

**Работа над текстом.** Прочитать, перевести непонятные слова.

**В.** Весело – иронау – хъæлдзæг. Дзуры хъæлдзæгæй Тимур.

**В.** и **Д.** Дзуры хъæлдзæгæй Тимур.

**В.** Солнце на небе – иронау – хур ис арвыл. Небо – арв. Зæгъæм иумæ...

**В.** Дитя – иронау – хъæбул. Мадæлтæн хъæбултæ цал ис. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Мадæлтæн хъæбултæ цал ис,
Хуртæ дæр дунейыл уал ис.

**В.** Сколько, мол, у матери детей, столько на свете и солнышек. Ласковые слова.

**Работа вне занятия.** Повторить с детьми стихотворение *«Мады хур»*. Повторить стихотворения Коста Хетагурова, поручить родителям с детьми разучить куплеты переклички *(см. 10-е занятие)*.

*10-е занятие*

## Тема: «ДЕНЬ ПОЭЗИИ КОСТА ХЕТАГУРОВА» – «ХЕТÆГКАТЫ КЪОСТАЙЫ ПОЭЗИЙЫ БОН»

*(Из опыта работы)*

**В.** «Уырыссаг зæгъы – Пушкин, англисаг – Шекспир, немыцаг – Гете, ирон – Къоста…» – фыста Абайты Васо. Стыр поэт æмæ нывгæнæг Хетæгкаты Къостайы райгуыр-

дыл абон сæххæст 150 азы. Ацы рухс бон мах дæр бæрæг кæнæм Къостайы гуырæн бон. Касаты Аслæнбег фыста:

Хуры цалхæн рахизмæ – йæ зылд,
Галиумæ ныл ма разилæд, адæм!
«Мауал хъуысæд а зæххыл хъæрзын» –
Ахæм дзырд кæрæдзийæн цы раттæм!

**В.** Нæ гыццыл Ирыстон тынг бирæ зындзинæдтæ уыны æмæ нæ алкæй дæр æхсызгон хъæуы Къоста.
Тихая музыка по произведениям поэта.
Дети идут к портрету Коста и возлагают цветы. Воспитатель зажигает у портрета свечу. В это время дети читают четверостишия.

**1-й реб.** Æз дзыллæйæ къаддæр куы дарин,
Куы бафидин искуы мæ хæс,
Уæд афтæ æнкъардæй нæ зарин,
Нæ хъуысид мæ кæуын хъæлæс.

**2-й реб.** Но если б народу родному
Мне долг оплатить удалось,
Тогда б я запел по-другому,
Запел бы без боли, без слез.

*Хетæгкаты Къоста*

**3-й реб.** Мæтæй тад æхсæв уа, бон,
Дуджы раз йæ хæс фыста.
Кæд, мыййаг, æз дæн зæххон,
Уæд уæларвон у Къоста.

*Чеджемты Геор*

**4-й реб.** Кæмдæр дæ сидзæргæс кæуы,
Нæ айсæфти йæ хъыг,
Фыдохау зæрдæйыл цæуы
Йæ судзгæ цæсты сыг.

*Хаджеты Таймураз*

**2. Песня «Коста». Музыка Л. Цаллаговой.**

**3. Стихотворение «Коста и Пушкин» Г. Кайтукова.**

Коста и Пушкин, здравствовать вам долго.
Без вас он был бы пуст, мой отчий дом.
Аул мне показался книжной полкой,
Над саклей сакля, как над томом том.

Два гения, вы поднялись над веком,
Неся ему души своей дары.
Я одного из вас сравню с Казбеком,
Другому имя дам Эльбрус-горы!

**4. Зарæг «Фæззæг». Хетæгкаты Къостайы ныхæстæ.**

**5. Кафт «Хохаг» кафынц скъоламæ цæттæгæнæн къордтæ.**

**6. Звучит тихая музыка.**

*2–4 детей становятся по обе стороны портрета поэта и рассказывают его стихотворения, написанные для детей: «Фыдуаг», «Уасæг», «Зæрватыкк», «Гино».*

*Группа ребят водит хоровод и поет разученное на музыкальном занятии произведение Коста Хетагурова.*

**«Цъиу æмæ сывæллæттæ»**

**7. Национальные игры по выбору детей.**

Возможные варианты:

1). «Йæ синтыл йе ’мбалы тагъддæр чи ахæсдзæн?»

2). «Чи тагъддæр азгъордзæн йæ цыппæртыл?»

**8. Танцуют дети: «Хонгæ» или «Симд» и «Зилгæ».**

**9. Стихотворение.**

В стране орлов и горных туров,
Где воздух чист, вода чиста,
Родился мальчик Хетагуров,
Поэт по имени Коста.

Еще не знал окрестный житель,
Что рядом с ним в ауле Нар
Рожден народный просветитель,
Несущий в сердце божий дар.

Он был открытым и свободным
Для честных, искренних сердец.
Он был поистине народным –
Поэт художник и борец.

*Евгений Гусев.*

*Бæрæгбоны сценари бацæттæ кодта 3-æм рæвдауæндоны педагог Æгкацаты Э.Х.*

*11-е занятие*

## Тема: «НАСТУПИЛА ОСЕНЬ» – «ÆРЦЫД ФÆЗЗÆГ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука «пъ».

– Познакомить детей со словами и словосочетаниями: *цъæх, адæм, рог дарæс, хъарм дарæс*.

– Активизировать слова и словосочетания: *фæззæг, сæрд, кæрдæг, тæвд, уазал, мах стæм, сымах стут.*

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цыхуызæн?».*

**Материал:** сюжетные картины серии «Лето» и «Осень».

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 7-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 7-е занятие).*
**3. Повторение пройденного материала.**

**В.** Мы с вами праздновали день рождения Коста Хетагурова. Скажите, кто из детей лучше рассказал стихотворение поэта? Чи радзырдта хуыздæр? Аивдæр? Кæмæ байхъусæм абон?

*(Ответы детей. Один из детей рассказывает стихотворение).*

Цавæр æмдзæвгæ ма ныффыста сывæллæттæн Хетæгкаты Къоста?

*(Ответы детей.)*

**4. Знакомство с новым материалом.**

*Воспитатель устанавливает на видном месте сюжетные картины серии «Лето» и «Осень». Ведется беседа по этим картинам.*

**В.** Лето – иронау – сæрд. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Сæрд.

**В.** Сегодня мы познакомимся с новым словом. Зеленый – иронау – кæрдæгхуыз. Вы это уже знаете, но слово зеленый по-осетински – цъæх. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Цъæх.

**В.** Зеленый – иронау – кæрдæгхуыз æмæ цъæх. Оба эти слова обозначают одно понятие – зеленый. Цы хуызæн сты нæ дидинджыты сыфтæ?

**Д.** Кæрдæгхуыз.

**В.** Цыхуызæн сты нæ дидинджыты сыфтæ? Куыд ма ис зæгъæн? Как еще сказать – зеленого цвета? Алинæ!

**А.** Нæ дидинджыты сыфтæ сты цъæх.

**В.** Цыхуызæн у нывы заз бæлас?

**Д.** Цъæх.

**В.** Заз бæлас у цъæх, кæрдæгхуыз.

**5. Физкультминутка «Зарядка».** *(см 2-е занятие).*

**6. Знакомство с новым словом.**

**В.** Сегодня мы познакомимся с одним очень хорошим словом. Человек – иронау – адæймаг. Люди – иронау – адæм. Повторяйте мои слова.

| | |
|---|---|
| Æз дæн адæймаг. | *Прикладывает руки к груди.* |
| Мах стæм адæм. | *Показывает на всех детей.* |

**В.** Аслан, ды адæймаг дæ?

**А.** Æз дæн адæймаг.

**В.** Аслан, мах чи стæм?

**В.** и **А.** Мах стæм адæм.

*(Ответы детей на вопросы: «Чи дæ?» и «Чи стæм?»)*

**В.** Ныр та æркæсæм нæ нывтæм. Какое время года на них изображено?
Чем отличается одна картина от другой (Провести беседу. Задать детям вопросы: *«Цыхуызæн?», «Цавæр афон дарæм рог дарæс?», «Цы уынут ацы нывы?», «Цы нал ис фæззæджы та?).*

**7. Чтение текста.**

**Зæрватыччытæ**

Гыццыл Асиат йе ’мбæлттæй фехъуыста, зæрватыччытæ дард бæстæмæ тæхдзысты, уый, æмæ базгъордта сæхимæ. Баййæфта цъиуты телыл бадгæйæ. Нал раиртæста æртæ лæппыны сæ мадæй. Рахъомыл сты.

– Чив! Чиви! Чивитæ! Ма атæхут! Мæ уаты зымæг тынг хъарм вæййы. Хор æмæ дон уын фаг дæтдзынæн, дыргътæ æмæ адджинæгтæ уын æлхæндзынæн, æрмæст ма атæхут! – дзуры чызг, тынг зæрдиагæй кæй бауарзта, уыцы зæрватыччытæм. Нæмттæ дæр сыл йæхæдæг сæвæрдта.

– Чив! Чиви! Чивитæ! Чивитæ! Чивитæ! – дзуапп ын радтой зæрватыччытæ.

– Нана, цы зæгъынц? – афарста чызг.

– Æрбатæхдзыстæм, дам, уалдзæджы æмæ æрцæрдзыстæм нæ ахстоны.

– Ма атæхут!

– Чив! Чиви! Чивитæ! Чивитæ! Чивитæ!

– Нана, цы мын зæгъынц? – афарста та Асиат.

– Фæнды сæ байхъусын ирон фæндыры цагъдмæ. Бауарзын сын кодтай нæ музыкæ æмæ йæ дард бæстæйы дæр мысдзыстæм, зæгъынц.

Тагъд рæстæг музыкæ айзæлыд. Стахтысты зæрватыччытæ, цалдæр зылды æркодтой кæрты сæрмæ æмæ сæхи арвмæ систой.

– Фæндараст ут, мæ хуртæ! – загъта нана. Асиат та кæугæ скодта.

*Джимиты Кларæ*

**Фарста:** «Цавæр афæдзы афон уыдис?»

**Работа вне занятия.** Наблюдения в природе. («Цы ивддзинæдтæ æрцыдис сæрдимæ абаргæйæ?»)

*12-е занятие*

**Тема: «ДЕНЬ РОЖДЕНИЯ» – «ГУЫРÆН БОН»**

*(См. 6-е занятие)*

*13-е занятие*

**Тема: «НАСТУПИЛА ОСЕНЬ» – «ÆРЦЫД ФÆЗЗÆГ»**

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«тъ»*.

– Познакомить детей со словами: *джитъри, цывзы, нуры*.

– Активизировать слова и предложение: *картоф, къабуска, уырыдзы, цæхæра, хъæдындз; халсартæ зайынц хуымы.*

– Учить детей составлять предложения из однородных членов, используя союз *«æмæ»*.

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цæмæй?» и «Кæмæй?»*.

**Материал:** натуральные овощи: картофель, капуста, морковь, лук, перец, чеснок, огурец, или их муляжи; кукла Бечи.

**Ход занятия**

**1. Звуковая зарядка.**

**Стъалы**

– Æз стъалы дæн, уый зонын.
– Чызг-стъалы?
– Лæппу-стъалы?

– Дзуапп уын ратдзæн мад-стъалы,
Йе стъалы мæ уый фæхоны.

**2. Рифмовка.**

Фæззæг, фæззæг! Ӕрхастай тыллæг.
Фæззæг, фæззæг! Ӕрхастай бæркад.
Фæззæг, фæззæг! Нæ кæны мынæг.
Фæззæг, фæззæг! Нæ къонайы арт.

**Работа над текстом.** Перевести непонятные слова: *тыллæг* – урожай, *бæркад* – изобилие, *нæ мынæг кæны* – не гаснет, *къонайы арт* – огонь в очаге. Желательно петь это четверостишие.

**3. Повторение пройденного материала.**

**В.** На прошлом занятии познакомились с очень важным словом «человек». Адæймаг. Кæмæй зæгъæм, адæймаг у, зæгъгæ? Кæмæй? Куклайæ? Арсæй? Бæхæй? Лæппуйæ? Кæмæй? Давид!

**Д.** Лæппуйæ.

**В.** Кæмæй ма зæгъæм адæймаг? Оксанæ!

**О.** Мамæ æмæ папæйæ.

*(Ответы детей на вопрос «Кæмæй?»)*

**4. Физкультминутка «Шестилетний солдат».**

Салдат цæуы, салдат цæуы!
Салдат цæуы, салдат цæуы!
Иу, дыууæ, иу, дыууæ!
Иу, дыууæ, иу, дыууæ!

Кæцæй цæуы?
Кæдæм цæуы?
Уый чи зоны?
Фæлæ цæуы, цæуы, цæуы!

Салдат тæхы, салдат тæхы!
Салдат тæхы, салдат тæхы!
Иу, дыууæ, иу, дыууæ!
Иу, дыууæ, иу, дыууæ!

Кæцæй тæхы?
Кæдæм тæхы?
Уый чи зоны?
Фæлæ тæхы, тæхы, тæхы!

Салдат кæуы, салдат кæуы!
Салдат кæуы, салдат кæуы!
Цæмæн кæуы?
Цы йæ хъæуы?
Уый чи зоны?
Нæ салдатыл, нæ салдатыл
Ӕхсæз азы цæуы!

*Джимиты К.*

**5. Повторение пройденного материала.**

*На столе воспитателя – кукла Бечи. Плачет.*

**В.** Бечи, цæмæн кæуыс?

**Б.** Борщ мæ хъæуы!

**В.** Чи зоны, борщ цæмæй фыцынц, уый?

**Б.** Ӕз зонын, борщ цæмæй фыцынц, уый! Борщ фыцынц торттæй! Къафеттытæй, шоколадæй…

**В.** Бечи! Байхъус-ма нæ сывæллæттæм!

*Воспитатель устанавливает на видном месте предметные картинки с изображением фруктов, другой еды и овощей, чтобы дети имели возможность выбора.*

**В.** Цæмæй сфыцæм Бечийæн борщ? Алинæ! Рауай æмæ равзар дыууæ нывы. Цæмæй сфыцæм борщ, Алинæ?

**А.** Картоф æмæ къабускæйæ.

**В.** Раст равзæрста Алинæ?

**Д.** О.

**В.** Цæмæй ма фыцæм борщ? Томæ! Рауай æмæ равзар дыууæ нывы. Цæмæй ма сфыцæм борщ?

**Т.** Уырыдзы æмæ цæхæрайæ.

*(Ответы детей на вопрос: «Цæмæй сфыцæм борщ?»)*

**6. Дидактическая игра «Чудесный мешочек».**

В мешочке овощи.
**В.** Мæнæ ацы голладжы ис халсартæ. Узнайте не глядя, на ошупь, скажите, что нашли, а потом покажите. Аслан, рауай!
**В.** Цы ссардтай?
**А.** Уырыдзы.
**В.** Равдис æй сывæллæттæм.
**А.** Мæнæ уырыдзы.
**В.** Чи ссардзæн голладжы картоф? Геор! Цы ссардтай?
**Г.** Картоф.
**В.** Чи ссардзæн голладжы джитъри? Огурец – иронау – джитъри. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Джитъри.
**В.** Чи ссардзæн джитъри? Зауыр!
**З.** Мæнæ джитъри.
**В.** Æз та голладжы ссардзынæн нуры æмæ цывзы. Чеснок и перец.
**В.** и **Д.** Нуры æмæ цывзы.
**В.** Нуры æмæ цывзы адджын сты æви судзаг?
**Д.** Судзаг!
**В.** Нывæрæм халсартæ голладжы æмæ сæ арвитæм хæринаггæнæнмæ, цæмæй нын борщ сфыцой.
**Б.** Сæкæр ыл нæ уыдзæн? Адджын борщ уарзын! Мæн адджын борщ хъæуы!
**В.** Бечи, дзур сывæллæттимæ иумæ!
**Б.** и **Д.** Картоф, къабуска, уырыдзы, цæхæра, хъæдындз, пъæмидор…
**В.** Борщ та адджын вæййы цæхæра, къабуска æмæ уырыдзыйæ.
Тынг адджын борщ нын сфыцдзæн нæ хæринаггæнæг.
**Б.** Кæд? Ныртæккæ?
**В.** Нæ, Бечи. Райсом. Ныртæккæ та голладжы халсартæ æз арвитдзынæн хæринаггæнæнмæ.

**Работа вне занятия.** Во время обеда побеседовать с детьми. *(Цæмæй конд у дзул? Цæмæй нын сфыхтой борщ (хъæрмхуыпп)?*

*14-е занятие*

## Тема: «НАСТУПИЛА ОСЕНЬ» – «ÆРЦЫД ФÆЗЗÆГ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«тъ»*.

– Познакомить детей со словами: *булкъ, æрхæцын, бадзурын.*

– Активизировать слова серии: *«Овощи», «Фрукты», «Еда».*

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цæуыл зайынц?» и «Кæмæ?».*

– Учить детей составлять предложения из 3–5 слов.

**Материал:** предметные картинки серии «Овощи», «Фрукты», «Еда», персонажи театра «Репка»; кукла Бечи. ТСО – музыка «Хонгæ» и «Зилгæ».

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 13-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 13-е занятие).*
**3. Развитие речи.**
*Появляется Бечи с маленькой сумкой.*
**В.** Цы нын æрбахастай, Бечи?
**Б.** Æз дуканийы балхæдтон халсарты ныхтæ!
**В.** Цæмæн дæ хъæуынц?
**Б.** Куыд цæмæн? Мæхи скъоламæ цæттæ кæнын æз дæр! Æз хъуамæ уон æппæтæй зондджындæр лæппу!
**В.** Хиппæлой ма у, Бечи! Уый худинаг у! Стыдно быть хвастливым! Фæлтау сывæллæттæм дæ ныхтæ равдис.

**Б.** Гъа, айс халсарты нывтæ!
**В.** Бузныг, Бечи.
**Б.** Табуафси!
*Воспитательница устанавливает предметные картинки на видном месте. Картинки овощей, знакомых фруктов, немного еды.*
**В.** Сывæллæттæ, адон иууылдæр (все это) – халсартæ сты?
**Б.** Мæныл не 'ууæндыс? Иууылдæр халсартæ сты!
**В.** Бечи, ды дæр ахуыр кæн, мæнæ иннæ сабиты бафæзм. Сбад æмæ сæм байхъус. Слушай – иронау – байхъус. Зæгъæм иумæ Бечийæн.
**В.** и **Д.** Бечи, байхъус. Байхъус махмæ.
**В.** Дыргътæ зайынц бæлæстыл, халсартæ зайынц хуымты. Цы сты адонæй халсартæ? Алинæ! Рауай, равзар ацы нывтæй дыууæ.
**А.** Къабуска æмæ джитъри.
**В.** Цы равзæрста Алинæ? Зауыр!
**З.** Алинæ равзæрста къабуска æмæ джитъри.
**В.** Къабуска æмæ джитъри халсартæ сты?
**Д.** О!
**В.** Цытæ ма сты адонæй халсартæ?
*(По этой схеме отобрать овощи и картинки установить отдельно на видном месте.)*
**В.** Цытæ сты адонæй дыргътæ та? Давид!
**Д.** Фæткъуы æмæ кæрдо.
**В.** Фæткъуы æмæ кæрдо дыргътæ сты? Оксанæ!
**О.** О, дыргътæ.
**В.** Цæуыл зайынц дыргътæ? Оксанæ!
**О.** Дыргътæ зайынц бæласыл *(бæлæстыл)*.
*(Воспитательница ставит их отдельно.)*
**В.** Цытæ ма уынæм ацы нывты? Хæринæгтæ, дыргътæ æви халсартæ?
**Д.** Хæринæгтæ.

**В.** Раст стут. Рахæсс æртæ нывы, Томæ! Цытæ рахастай?
**Т.** Æз рахастон дзул, къафетт æмæ торт.
*(Ответы детей на вопросы: «Цытæ уынæм нывты?» и «Цы рахастай?»).*
**4. Подвижная игра «На дереве, на грядке».**
**Правила игры.**
**В.** Если слово, которое услышите, обозначает название фрукта, тяните руки вверх; если слово обозначает название овоща, то приседаете и показываете на землю.
*(Джитъри, фæткъуы, пъæмидор, кæрдо, уырыдзы, хъæдындз, бал, къабуска, курага).*
**5. Физкультминутка «Шестилетний солдат»** *(см 13-е занятие).*
**6. Развитие речи. Работа над текстом «Репка».**
**В.** Вы хорошо знаете сказку «Репка». Я хочу перевести сказку на осетинский язык, но забыла, кто кого позвал. Подскажите, пожалуйста.
**В.** Дада булкъ ныссагъта. Помните? Посадил дед репку. Репка – иронау – булкъ.
**В.** и **Д.** Булкъ.
**В.** Посадил – иронау – ныссагъта.
*(Показывает картинки: репку и персонажей.)*
**В.** Сырæзыд – выросла. Сырæзыд булкъ стыр – тынг стыр. Дада схæцы-схæцы, фæлæ йын булкъ стонын нæ комы. Кæмæ бадзырдта дада?
**Д.** Нанамæ.
*(Ответы индивидуальные или хоровые.)*
**В.** Фыссын: «Дада бадзырдта нанамæ». Схæцынц-схæцынц, фæлæ сын булкъ стонын нæ комы. Кæмæ бадзырдта нана?
**Д.** Чызгмæ. Нана бадзырдта чызгмæ.
**В.** Фыссын: «Нана бадзырдта чызгмæ».
Схæцынц-схæцынц, фæлæ сын булкъ стонын нæ комы. Кæмæ бадзырдта чызг?..

*(Ответы детей: куыдзмæ, гæдымæ, мыстмæ.)*

**6. Аудирование**

**В.** Дзурæм аргъауы кæрон иумæ.

**В.** и **Д.** Мыст æрхæцыд гæдыйыл, гæды æрхæцыд куыдзыл, куыдз æрхæцыд чызгыл, чызг æрхæцыд нанайыл, нана æрхæцыд дадайыл, дада – булкъыл! Схæцыдысты – æмæ стыдтой булкъ.

*(Возможен показ иллюстрации к сказке.)*

Бузныг, стыр бузныг, сывæллæттæ! Ныр базыдтон, чи кæуыл æрхæцыдис, уый.

**В.** Эта русская сказка говорит нам о том, что дружной семье под силу решать любые трудности. А сказку по-осетински я вам расскажу позже. Спасибо, что помогли мне.

**7. В.** Фæззæг æрцыд. Ис нæм бирæ дыргътæ æмæ халсартæ. Кафæм!

Музыкæ. *(Дети танцуют «Зилгæ» и «Хонгæ»).*

**Работа вне занятия.** Во время приема пищи побеседовать с детьми *(Цæмæй нын сфыхтой кас (борщ, хъæрмхъуыпп)? Цæмæй конд у дзул?..).*

*15-е занятие*

## Тема: «НАСТУПИЛА ОСЕНЬ» – «ÆРЦЫД ФÆЗЗÆГ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«тъ»*.

– Познакомить детей со словами: *æнгуз, чылауи, курага, сæнæфсир, дыргъбæлас.*

– Активизировать слова: *дыргъ, æртонын, скъахын, тæгæр, бæрз.*

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Дæумæ цы ис?», «Цал?».*

– Продолжать учить детей диалогу.

**Материал:** муляжи или предметные картинки фруктов, овощей, лопаты.

## Ход занятия

**1. Звуковая культура** *(см. 13-е занятие)*.
**2. Рифмовка** *(см. 13-е занятие).*
**3. Повторение пройденного материала.**
**Словесная игра-диалог «Цепочка».**
*У детей – предметные картинки серии «Овощи».*
**В.** Играют две команды.
**В.** Фыццаг зылды слæуут сымах, лæппутæ. Байхъусут Бечимæ.
**Б.** и **В.** Мæнмæ ис цæхæрайы ныв. Дæумæ цы ис, Давид?
**Д.** *(кæсы нывмæ).* Мæнмæ ис хъæдындзы ныв. Дæумæ цы ис, Андрей?
*(По этой схеме охватить диалогом всех мальчиков. Подвести итог должны девочки: все ли справились с заданием?)*
**В.** Ныр та зылды слæуут сымах, чызджытæ. Хъазт райдайдзынæн æз.
**В.** Мæнмæ ис картофы ныв. Дæумæ цы ис, Оля?
**О.** Мæнмæ ис джитърийы ныв. Алинæ, дæумæ цы ис?
*(По этой схеме спросить всех девочек. Подвести итог.)*
**В.** Ничи фæрæдыд. Ничья. Молодцы. Присуждаю по медали обеим командам. *(Вешает на их экраны медали.)*
**4. Игра «На дереве, на грядке»** *(см. 14-е занятие).*
**5. Физкультминутка «Шестилетний солдат»** *(см 13-е занятие).*
**6. Знакомство детей с новым материалом.**
*У воспитательницы на столе – муляжи или устанавливает на видном месте предметные картинки: ореха, сливы, абрикоса и винограда; овощей – картофеля и моркови.*
**В.** На земле растет много разных деревьев. Одни – просто деревья. Другие – плодовые. Плодовые – иронау – дыргъбæлæстæ.

**В.** и **Д.** Дыргъбæлас. Бирæ дыргъбæлæстæ.
**В.** Рæвдауæндоны кæрты цавæр бæлæстæ ис? Цавæр бæлас у цъæх сæрдæй, зымæгæй?
**Д.** Нæзы бæлас. Заз.
**В.** Раст зæгъут. Цавæр бæлæстæ ма ис нæ кæрты? Зауыр!
**З.** Березы. Бæрз бæлæстæ.
**В.** Бæрз бæлæстæн цыхуызæн сты сæ сыфтæ?
**Д.** Бур.
**В.** Вы собрали большой букет красных кленовых листьев. Клен – иронау – тæгæр. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Тæгæр.
**В.** Нæ кæрты ис дыргъбæлас?
*(Выслушать ответы детей. Где они видели плодовое дерево?)*
**В.** Нæ кæрты ис хорз бæлæстæ. Рæсугъд бæлæстæ. Дыргътæ сыл нæ зайы. Мæнæ æнгуз *(показывает)*. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Æнгуз.
**В.** Æнгуз æрзадис æнгуз бæласыл.
**В.** и **Д.** Æнгуз æрзадис æнгуз бæласыл.
**В.** Чылауи. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Чылауи. Слива. Чылауи.
**В.** Цы сфыхта мамæ чылауийæ?
**Д.** Вареннæ.
**В.** Вареннæ фыцынц мæнæ курагайæ дæр. Абрикос – иронау – курага. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Курага.
**В.** Сæнæфсиртæ кæм фенæм бирæ? Виноград – иронау – сæнæфсир.
**В.** и **Д.** Сæнæфсир.
**В.** Кæм уынæм бирæ сæнæфсиртæ?
**Д.** Цæхæрадоны. Базары. Дуканиты.
**В.** Абон базонгæ стæм ног дыргътимæ. Æз сæм амонын, сымах сæ дзурут иумæ.

**Д.** Сænæфсир, æнгуз, чылауи, курага.
**В.** А теперь послушайте, что нам пишет кукла Залина.
*«Уæ бон хорз, сывæллæттæ! Æз абон æртыдтон иу ведрайы дзаг чылауитæ. Скъахтон белæй æртæ ведрайы картæфтæ. Тагъд рæстæг уæм ацæудзынæн æмæ дыргътæ халсартимæ аласдзынæн рæвдауæндоны сывæллæттæн. Нæ фембæлдмæ! Зæлинæ».*
**В.** Сорвала – иронау – æртыдтон. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Æртыдтон. Сорвала с дерева – æртыдтон бæласæй.
**В.** Скъахтон картоф. Кто переведет на русский язык? Зауыр!
**З.** Выкопал картошку.
**В.** Выкопал – иронау – скъахтон. Чем выкопала Залина картошку? Пальцами? Цæмæй скъахта Зæлинæ картоф? Томæ!
**Т.** Белæй.
**В.** Лопата – иронау – бел. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Бел.
**В.** *(читает текст еще раз)*. Цал ведрайы æртыдта Зæлинæ чылауитæ? Геор!
**Г.** Зæлинæ æртыдта чылауитæ иу ведра.
**В.** Раст дзуапп радта Геор? Томæ!..
*(По этой схеме задать еще 2–3 вопроса по содержанию текста и закрепить слово «скъахта»).*
**Работа вне занятия.** Закрепить названия деревьев участка детского сада: узнавать их по форме листьев. Во время еды закреплять названия овощей и фруктов.

*16-е занятие*

## Тема: «НАСТУПИЛА ОСЕНЬ» – «ÆРЦЫД ФÆЗЗÆГ»

**Цели:**

– Продолжать работу над произношением звука *«тъ»*.

– Активизировать слова: *чылауи, æнгуз, сænæфсир, курага.*

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цы нал ис?», «Кæм ис?».*

– Учить строить *(употреблять в речи)* однородные члены предложения с союзом *«æмæ».*

**Материал:** муляжи или предметные картинки: слива, орех, виноград и абрикос; огурец и помидор. ТСО – музыка «Хонгæ».

### Ход занятия

**1. Звуковая культура** *(см. 13-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 13-е занятие).*
**3. Повторение материала предыдущего занятия.**
**Дидактическая игра «Чего не стало?»**
*На столе воспитательницы – муляжи или предметные картинки сливы, ореха, винограда, абрикоса, помидора и огурца.*

**В.** Я буду убирать по две картинки. Бацъынд кæнут уæ цæстытæ!
Цытæ нал ис стъолыл? Томæ!
**Т.** Нал сты чылауи æмæ æнгуз.
**В.** Раст загъта Томæ. Иумæ зæгъут, цытæ нал ис стъолыл?
**В.** и **Д.** Нал сты чылауи æмæ æнгуз.
**В.** Цытæ нал ис стъолыл? Оля!..
*(По этой схеме поработать над оставшимися словами.)*

**4. Развитие связной речи.**
Учить детей отвечать на вопрос: *«Кæм ис?» Воспитательница кладет муляжи или картинки на стол, на пол, на стул, на тарелку, под салфетку.*

**В.** Вы должны ответить, где находится картинка фрукта. Кæм ис сæнæфсир? Алинæ!
**А.** Сæнæфсир ис тæбæгъы.
**В.** Кæм ис сæнæфсир, Оля?
**О.** Сæнæфсир ис тæбæгъы.
**В.** Раст загътат. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Сæнæфсир ис тæбæгъы.
**В.** Кæм ис æнгуз? Давид!
**Д.** Под салфеткой.
**В.** Цы загъта Давид? Кæм ис æнгуз? Геор!
**Г.** Æнгуз ис салфеткæйы бын.
**В.** Мæнæ æнгуз. Раст загъта Геор. Кæм ис æнгуз?
**В.** и **Д.** Æнгуз ис салфеткæйы бын.
*(По этой схеме поработать над другими словами.)*

**5. Физкультминутка «Шестилетний солдат»** *(см 13-е занятие)*

**6. Музыкальная игра «Ма фæрæдий!»**

**В.** Вы танцуете под музыку «Хонгæ». Я буду говорить слова. Если услышанное вами слово обозначает что-то из овощей, вы, танцуя, опускаете руки вниз – показываете, где растет; если же услышанное слово обозначает что-то из фруктов, то поднимаете руки вверх, продолжая танцевать.
Музыка.
**В.** Чылауи, картоф, æнгуз, фæткъуы, пъæмидор, курага, уырыдзы, кæрдо.

**7. Развитие речи.**

*Учить употреблять в речи однородные члены предложения.*

**В.** Слæуут зылды. Возьмитесь за руки по три человека. Томæ, раст мæ бамбæрстой сывæллæттæ? Æртыгæйттæй слæууыдысты?
**Т.** и **В.** Мæнæ Зауыр, Оля æмæ Андрей.
**В.** Давид! Читæ ма æрхæцыд кæрæдзийы къухтыл?
**Д.** Оксанæ, Ромæ æмæ Дзерæ.
*(По этой схеме спросить еще 2–3 детей.)*

**8. Игра «Переводчики».**

*Учить детей образовывать множественное число существительных.*

**В.** Много слив. **Д.** Бирæ чылауитæ.

| | |
|---|---|
| Много яблок. | Бирæ фæткъуытæ. |
| Много картофеля. | Бирæ картæфтæ. |
| Много груш. | Бирæ кæрдотæ. |
| Много моркови. | Бирæ уырыдзытæ. |
| Много капусты. | Бирæ къабускатæ. |

**Работа вне занятия.**

Наблюдения в природе. *(«Цы фесты зæрватыччытæ?» (Сауцъиутæ.) «Цавæр цъиутæ ма бæззадис нæ кæрты?» (Нæ горæты.) «Бæлæстæй кæцы нæ аивта йæ хуыз?»)*

*17-е занятие*

## Тема: «НАСТУПИЛА ОСЕНЬ» – «ÆРЦЫД ФÆЗЗÆГ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«хъ»*.

– Учить классифицировать слова по заданной теме.

– Учить детей диалогической речи по образцу и наглядности.

– Учить детей воспринимать тексты *«рифмовки»* и *«звуковой зарядки»*.

– Учить детей отвечать на вопрос: *«Дæумæ цы ис?»*.

**Материал:** предметные картинки знакомых овощей и фруктов. ТСО – музыка *«Хонгæ»*.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка.**

**Хъулон фæззæг**

Хъулон фæззæг – мæ хъыбылмæ базил.
Сахор мын – сырх йæ рустæ,
Цъæх – йæ хъустæ, бур йæ къæдзил.

**2. Рифмовка.**

**Инал**

Нанайы зæрдæ, ой,
Иналæй райы, ой!
Нана Иналы æрбылбон найы,
Æрвылбон найы, ой!

*Плиты Харитон*

**Работа над текстом.** Прочитать, перевести незнакомые слова: *зæрдæ – сердце, райын – радоваться, æрвылбон – ежедневно, найы – купает. Желательно спеть.*

**3. Словесная игра «Цепочка».**

**Цель:** классификация понятий: «овощи», «фрукты». У детей – предметные картинки овощей и фруктов.

**В.** Соревнуются команды «Голубей» и «Орлят».

Хъазт райдайдзысты чызджытæ. Слæуут зылды.

Во время игры употребляем два слова: овощ – *халсар* и *дыргъ* – фрукт. Хъазт райдайдзынæн æз. Мæнмæ ис дыргъ. *(Показывает картинку всем детям.)* Алинæ, дæумæ цы ис?

**А.** Мæнмæ ис халсар. *(Показывает картинку всем.)* Оля, цы ис дæумæ?

*(По этой схеме охватить диалогом всех девочек.)*

**В.** Мальчики, вы следили за игрой девочек?

**Д.** Да.

**В.** Чызджытæй исчи фæрæдыд хъазгæйæ?..

*(Выслушать ответы и дать оценку игре девочек.)*

**В.** Ахъазæм! Хъазт хуыйны: «Хуымы, бæласыл!» Кæд æмæ, цы фехъусат, уый бæласыл зайы, уæд уæ цæнгтæ хæрдмæ сивазут! Кæд æмæ хуымы, уæд та æрбадут.

– Кæрдо, цæхæра, æнгуз, къабуска, чылауи, джитъри, курага, бал, картоф, фæткъуы.

**В.** Ныр та ахъаздзысты лæппутæ. Чызджытæ, байхъусут сæм сымах.

Райдайдзыстæм хъазт æз æмæ Зауыр.

**В.** и **З.** Мæнмæ ис дыргъ. Аслан, дæумæ цы ис?
**А.** Мæнмæ дæр ис дыргъ. Давид, дæумæ цы ис?
*(По этой схеме охватить диалогом всех детей. Подвести итог, выявить победителя и повесить на их экран медаль.)*
**4. Развитие речи.**
**В.** Сывæллæттæ! Сæвæрут халсартæ стъолыл! Дыргътæ та – бандоныл! Ныр кæсут æмæ дзурут, цы сæвæрдтат стъолыл, уымæ.
*(Показывает все картинки, дети называют их и дают оценку.)*
**В.** Адон иууылдæр халсартæ сты?
*(Ответы детей.)*
**В.** Ныр та дзурут, мæнæ ацы нывтæ цытæ сты, уый.
*(Показывает картинки фруктов.)*
**А.** Адон цы сты?
**Д.** Дыргътæ.
*(Ответы детей.)*
**5. Музыкальная игра «Ма фæрæдий!»**
Правила. У детей листья трех цветов: красные, желтые, зеленые. Играет музыка «Хонгæ».
**В.** Дымгæ хæссы фæззыгон сыфтæ. Дымгæ кафы сыфтимæ!.. Дымгæ зæххыл æрбадын кодта сырх сыфты æмæ кафы иннæтимæ… Кафы! Ныр та фелвæста зæххæй сырх сыфтæ! Æрбадтысты бур сыфтæ!..
*(Танцуют и слушают слова воспитателя, выполняют ее указания.)*
**6. Чтение текста.**

### Фондз картофы

**Дз.** – Дзурæг.　　**А.** – Аслан.　　**Т.** – Тимæ.

**Дз.** Иу фæззыгон бон Аслан æмæ Тимæ ацыдысты цæхæрадонмæ. Хо æмæ æфсымæр уалдзæджы иумæ ныссагътой фæйнæ иу картофы. Фæззæджы сæ ракъахтой, стæй сæ сфыхтой.

**А.** Тимæ, дыууæ дихы акæнæм нæ картæфтæ, – загъта Аслан æмæ сæ банымадтой.

**Дз.** Фондз картофы! – загътой иумæ.

Сæвæрдтой сæ къусты фæйнæ дыууæ картофы. Стъолыл баззад иу картоф.

**А.** Уый мæн у! – загъта Аслан. –Æз хистæр дæн!

**Т.** Уый мæн у! – загъта Тимæ. – Æз кæстæр дæн!

**А.** Нæ, мæн у! Æз лæппу дæн!

**Т.** Мæн у! Æз чызг дæн!

Фæхыл сты Аслан æмæ Тимæ.

*Джимиты К.*

**Работа над текстом.** Перевести непонятные детям слова по ходу чтения: *фæйнæ иу* – по одному, *дыууæ дихы* – на две части (поровну); задать вопрос: *«Ды куыд бакæнис?»*
**Работа вне занятия.** Повторить «Арфæтæ», наблюдения в природе.

*18-е занятие*

## Тема: «НАСТУПИЛА ОСЕНЬ» – «ÆРЦЫД ФÆЗЗÆГ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«хъ»*.

– Познакомить детей со словами и словочетаниями: *булкъ, асыкк, ныссадзын, схæцын, æмбырд кæнын, нæ фæразын.*

– Активизировать слова по теме «Овощи».

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цы кусы?» и «Цы кусынц?».*

– Учить детей монологической речи.

**Материал:** сюжетные картинки «Наш огород» и «На школьном огороде» Маклаковой-Семеновой Л.Б.; атрибуты на головы детям (собаки, кошки, мышки).

## Ход занятия

**1. Звуковая зарядка.**

Хъыбыл рафæйлыдта хуым,
Хъæдындзтæ дзы ссардта.
Иу дзы нал ныууагъта уым,
«Халсартæ сты» – загъта,
Стæй йæ хъыллист райхъуыст:
– Нана! Фæдис! Хъусыс?
Арт мæ гуыбыны ыссыгъд!

*Джимиты Кларæ*

***2*. Рифмовка.**

**Фæззæг**

Уæлæ рагъæй
Хъæумæ ракаст,
Хъæумæ ракаст
Буркуырæтджын,
Бур раздарæн –
Й ’астæуыл.

*Чеджемты Геор*

**3. Развитие речи.**

*Учить детей рассматривать сюжетную картинку и отвечать на вопросы по теме: «Цы кусы?», «Цы кусынц?».*

**В.** Цавæр афон уынут нæ ныввты?

**Д.** Фæззæг.

**В.** Я опишу действия на картине, вы угадайте, о ком говорю. Уыци-уыци, кæй кой кæнын? Дыууæйæ æмбырд кæнынц уырыдзытæ. Аслан!

**А.** и **В.** Мæнæ дыууæ чызджы æмбырд кæнынц уырыдзытæ.

**А.** Ацы дыууæ чызджы æмбырд кæнынц уырыдзытæ.

**В.** Собирают – иронау – æмбырд кæнынц. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Æмбырд кæнынц. Собирают. Æмбырд кæнынц.

**В.** Цытæ æмбырд кæнынц ведрайы? Зауыр!

**3.** Лæппутæ ведрайы æмбырд кæнынц джитъритæ.
**В.** Цы ма кусынц сывæллæттæ ацы хуымты?..
*(Индивидуальные ответы детей на вопросы: «Цы кусы?», «Цы кусынц?»).*
**4. Физкультминутка «Шестилетний солдат»** *(см 13-е занятие).*
*Дети могут уйти на середину зала, а могут эти движения выполнять, стоя возле своих столов. (Желателен первый вариант.)*
**5. Развитие речи.**
*Дети учатся составлять 1–5 предложения по сюжетным картинам: дают имена людям, нарисованным на картине. Воспитатель может задавать наводящие вопросы по темам.*
**6. Чтение русской народной сказки «Репка».**
**В.** Вы помогли мне вспомнить текст «Репки». Послушайте ее и ответьте на мой вопрос «Кæуыл?».

**Булкъ**

*(Настольный театр)*

Дада ныссагъта (посадил) булкъ. Сырæзыд булкъ стыр – тынг стыр. Дада схæцыд булкъыл. Схæцы, схæцы, фæлæ йын стонын нæ комы. Бадзырдта дада нанамæ. Нана æрхæцыд дадайыл. Дада – булкъыл.

Схæцынц, схæцынц, фæлæ йæ стонын нæ фæразынц. *(Вытянуть не могут.)* Бадзырдта нана чызгмæ. Чызг æрхæцыд нанайыл, нана – дадайыл, дада – булкъыл. Схæцынц, схæцынц, фæлæ йæ стонын нæ фæразынц. Бадзырдта чызг куыдзмæ.

Куыдз æрхæцыд чызгыл, чызг – нанайыл, нана – дадайыл, дада – булкъыл. Схæцынц, схæцынц, фæлæ йæ стонын нæ фæразынц. Бадзырдта куыдз гæдымæ.

Гæды æрхæцыд куыдзыл, куыдз – чызгыл, чызг – нанайыл, нана – дадайыл, дада – булкъыл. Схæцынц, схæцынц,

фæлæ йæ стонын нæ фæразынц. Бадзырдта гæды мыстмæ.

Мыст æрхæцыд гæдыйыл, гæды – куыдзыл, куыдз – чызгыл, чызг нанайыл, нана – дадайыл, дада – булкъыл. Схæцыдысты иумæ æмæ стыдтой булкъ.

**Работа над текстом.** Дети отвечают на вопрос: *«Кæуыл æрхæцыд?» (мыст, гæды, куыдз, чызг, нана, дада).* Показать настольный театр.

**Работа вне занятия.** Закрепление пройденной темы, во время прогулки повторить физкультминутку – закрепить текст и движения.

*19-е занятие*

**Тема: «КОЛОСОК» – «ÆФСИР»**

*(Украинская народная сказка)*

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«хъ».*

– Познакомить детей со словами: *æфсир, суг, арт, магуса, мæнæу.*

– Активизировать слова: *гуыл, ссад, сфыцын, пец.*

– Учить детей воспринимать на слух текст сказки.

– Учить составлять предложения из 3–5 слов, используя наглядные пособия.

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цы нал ис?»* и *«Кæм?».*

**Материал:** настольный театр с персонажами к сказке *«Æфсир»*; предметные картинки овощей и фруктов или их муляжи до десяти штук.

**Ход занятия**

**1. Звуковая зарядка** *(см. 18-е занятие).*

**2. Рифмовка** *(см. 18-е занятие).*

**3. Повторение пройденного материала.**

**Игра «Чего не стало?»**

*Воспитательница устанавливает на видном месте (на столе) знакомые детям овощи (их картинки или муляжи).*

**В.** Хъазт хуыйны *(называется)* «Цы нал ис стъолыл?» Дзурут, цы ис стъолыл халсартæй.

**Д.** Картоф, къабуска, уырыдзы, цæхæра, джитъри, пъæмидор, хъæдындз, цывзы, нуры.

**В.** Æз бамбæхсдзынæн (спрячу) халсартæй дыууæ. Бацъынд кæнут уæ цæстытæ!

Цы нал ис стъолыл? Дзерæ!

**В.** и **Дз.** Стъолыл нал сты…

**Дз.** …картоф æмæ хъæдындз.

**В.** Молодец, Дзера! Запомнила и ответила правильно. Бацъынд кæнут уæ цæстытæ! Цы нал ис стъолыл? Геор!

**Г.** Стъолыл нал сты цæхæра æмæ цывзы.

*(Ответы детей на вопрос: «Цы нал ис?»).*

**4. Развитие речи.**

*Поупражнять детей в понимании повелительного наклонения глагола. На видном месте те же предметные картинки, муляжи или овощи.*

**В.** А теперь выполните мои поручения! Сæвæр æнгуз æмæ нуры тæбæгъы! Томæ! Кæм сæвæрдтай æнгуз æмæ нуры?

**В.** и **Т.** Æз æнгуз æмæ нуры ...

**Т.** ... сæвæрдтон тæбæгъы.

**В.** Кæм сæвæрдта Томæ æнгуз æмæ нуры? Зæгъут иумæ!

**Д.** Томæ æнгуз æмæ нуры сæвæрдта тæбæгъы.

**В.** Сæвæр уырыдзы æмæ фæткъуы скъаппы. Алинæ! Кæм сæвæрдтай уырыдзы æмæ фæткъуы?

**А.** Æз уырыдзы æмæ фæткъуы сæвæрдтон скъаппы.

**В.** Кæм сæвæрдта Алинæ уырыдзы æмæ фæткъуы?

**Д.** Алинæ уырыдзы æмæ фæткъуы сæвæрдта скъаппы.

*(По этой схеме спросить еще 2–3 детей.)*

**5. Физкультминутка «Шестилетний солдат».**

**6. Чтение украинской народной сказки «Колосок».**

### Æфсир

*(Настольный театр)*

**Дз.** – Дзурæг. **Хъ.** – Уасæг Хъи-хъо.
**З.** – Мыст. **Цъ.** – Мыст.

**Дз.** Цардысты æмæ уыдысты уасæг Хъи-хъо æмæ мысты лæппынтæ Цъыллынг æмæ Зыллынг. Уасæг-иу талынгæй фестад, йæ хъæлæсы дзаг ныууасыдаид, æмæ-иу сæ алыварс цæрджытæ райхъал уыдаиккой, стæй-иу йæ куыстытæм бавнæлдта. Мыстытæ та кафыдысты, зарыдысты æмæ хъазыдысты. Иуахæмы Хъи-хъо кæрт марзта æмæ ссардта мæнæуы æфсир (колос пшеницы).

**Хъ.** Цъыллынг! Зыллынг! Кæсут-ма! Æз ссардтон мæнæуы æфсир! Чи йæ банай кæндзæн? *(Кто его промолотит?)*

**Цъ.** Æз – нæ!

**З.** Æз дæр – нæ!

**Дз.** Уасæг йæхæдæг бавнæлдта æфсир най кæнынмæ. Мыстытæ та ногæй хъазынил фесты. Банай кодта уасæг æфсир æмæ та фæдзырдта мыстытæм.

**Хъ.** Цъыллынг! Зыллынг! Кæсут-ма, цас мæнæу нæм ис! Ныр æй куыроймæ *(на мельницу)* ахæссын хъæуы. Мæнæу æрыссын хъæуы! Чи йæ ахæсдзæн куыроймæ?

**Цъ.** Æз – нæ!

**З.** Æз дæр – нæ!

**Хъ.** Хорз, хорз! Æз æй мæхæдæг ахæсдзынæн куыроймæ æмæ йæ æрысдзынæн.

**Дз.** Мыстытæ та хъазынц дарддæр. Уалынмæ уасæг æрбаздæхт куыройæ ссады голлагимæ.

**Хъ.** Цъыллынг! Зыллынг! Кæсут-ма, цас ссад æрыссадтон!

**Цъ.** Уæ, дæ цæрæнбон нын бирæ æрбауа, Хъи-хъо!

**З.** Цæй сæрæн дæ, цæй, Хъи-хъо!

**Хъ.** Ныр пецы арт скæнын хъæуы æмæ хыссæйæ гуылтæ сфыцæм! Чи скæндзæн хыссæ? Чи скæндзæн пецы арт?

**Цъ.** Æз – нæ!
**З.** Æз дæр – нæ!
**Дз.** Уасæг пецы арт скодта æмæ хыссæйæ гуылтæ сфыхта. Стъолыл гуылтæ æрæвæрдта. Мыстытæ уайтагъд стъолы уæлхъус æрбалæууыдысты.
**Цъ.** Мæ уд æххормагæй схауы! *(Проголодался я!)*
**З.** Хъи-хъо! Рæвдздæр нын авæр гуылтæй!
**Хъ.** Зæгъут-ма, чи ссардта мæнæуы æфсир?
**Цъ.** и **З.** Ды, Хъи-хъо!
**Хъ.** Чи банай кодта æфсир?
**Цъ.** и **З.** Ды, Хъи-хъо!
**Хъ.** Хыссæ чи скодта æмæ гуылтæ чи сфыхта?
**Цъ.** и **З.** Ды, Хъи-хъо (тынг сабыр хъæлæсæй).
**Хъ.** Сымах та цы бакуыстат?
Цъыллынг æмæ Зыллынг сабыргай стъолæй сæхи айстой сæргуыбырæй.
Хъи-хъо сæ нæ баурæдта: нæ хъæуы ахæм магусатæн адджын гуылтæ дæттын.

*Ратæлмац æй кодта æмæ*
*инсценировкæ сарæзта 96-æм*
*рæвдауæндоны педагог Дзодзыккаты*
*Риммæ Мураты чызг*

**Работа над текстом.**
Воспитательница показывает детям либо колосок пшеницы, либо его картинку.
**В.** За лето вырастает колосок пшеницы. Колосок – иронау – æфсир.
**В.** и **Д.** Æфсир.
**В.** Люди молотят колоски – высвобождают из них зернышки пшеницы. *(Показывает зерна.)* Эти зерна отвозят в мельницу и из них получается мука. Из муки пекут пироги, хлеб и другую еду. Петух развел огонь из дров. Дрова – иронау – сугтæ. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Сугтæ.
**В.** Огонь – иронау – арт.
**В.** и **Д.** Арт. Огонь. Арт.
**В.** Еще в нашей сказке встретитесь с очень важным словом «лентяй». Лентяй – иронау – магуса.
**В.** и **Д.** Магуса.
*В ходе повествования целесообразнее показывать настольный театр и переводить незнакомые слова. При повторном показе нет необходимости переводить слова текста.*
*Задать один вопрос: «Хъи-хъо мыстытæн цæуылнæ радта гуылтæ?»*
**Работа вне занятия.** Сывæллæттимæ саразын беседæ: «Сымах æххуыс кæнут бинонтæн?» Во время еды закреплять названия овощей и фруктов. Из чего сварен компот (борщ, пюре), сделан салат?

*20-е занятие*

## Тема: «ОДЕЖДА» – «ДАРÆС»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«хъ»*.

Познакомить детей со словами: *цухъхъа, худ (папаха), нымæт, кæлмæрзæн, нымæтхуд.*

– Активизировать слова и словосочетание: *адæм, раджы заман, хæхбæстæ, къуымбил.*

– Учить отвечать на вопросы: *«Кæуыл?» и «Цы ис дæумæ та?».*

**Материал:** национальная одежда: черкеска, папаха, бурка, войлочная шляпа, пуховый платок *(или предметные картинки)*; персонажи к сказке *«Æфсир».*

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 18-е занятие).*

**2. Рифмовка** *(см. 18-е занятие.)*
**3. Повторный показ настольного театра «Æфсир».**
**4. Физкультминутка.**
**5. Познакомить детей с новым материалом.**

**В.** Раджы заман – в давние времена – ирон адæм дардтой мæнæ ахæм дарæс. *(Показывает национальную одежду.)* Черкеска – иронау – цухъхъа. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Цухъхъа.

**В.** Кæуыл фенут ахæм цухъхъа? Ансамблы кафджытыл?

**Д.** О, ансамблы кафджытыл.

**В.** Кæуыл ма фенут ахæм дарæс? Алинæ!

**А.** Нæхи рæвдауæндоны сывæллæттыл.

**В.** Цухъхъатæ скæнынц нæхи лæппутæ, ирон кафт куы фæкæнынц, уæд. Кæуыл уыдис фæстаг хатт цухъхъа? Давид!

**Д.** Мæныл уыд цухъхъа! Æз кафыдтæн…

**В.** Нæ лæпputæ арæх скæнынц кафгæйæ цухъхъатæ. Уæдæ худтæ дæр ныккæнут уæ сæртыл. Папаха – иронау – худ. Уый зонут. *(Показывает.)* Ай цы у, Мæдинæ?

**М.** Уый у худ.

**В.** Худ æмæ цухъхъа арæх фенут, фæлæ чи зæгъдзæн, цы у мæнæ ацы дзаума? *(Показывает бурку.)* Нымæт. Бурка – иронау – нымæт. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Нымæт. Нымæт.

**В.** Бурку делают из овечьей шерсти. Она не пропускает воду, и в морозный день поверх одежды горцы надевали бурку. А из овечьей шерсти вязали себе одежду, из козьего пуха – платки.

**В.** Платок – иронау – кæлмæрзæн. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Кæлмæрзæн.

**В.** Чи дардта худ? Устытæ æви лæгтæ?

**Д.** Лæгтæ.

**В.** Чи дардта кæлмæрзæн та? Оля!

**О.** Кæлмæрзæн дардтой устытæ.
**В.** Кæлмæрзæн дардтой чызджытæ дæр. А это войлочная шляпа – иронау – нымæтхуд.
**В.** и **Д.** Нымæтхуд.
**В.** Чызджытæ дардтой мæнæ ахæм худтæ. *(Показывает русский и осетинский головные уборы.)* Кæцы худ дардтой ирон чызджытæ?
*(Ответы детей.)*
**В.** Чи рахæсдзæн?.. *(цухъхъа, ирон къаба, нымæтхуд)*
*(Ответы детей.)*
**6. Закрепление нового материала.**
**Игра-диалог «Цепочка».**
У детей – предметные картинки серии «Одежда». Соревнуются две команды: «Орлята» и «Голуби».
**В.** Лæппутæ, зылды слæуут! Хъазт райдайдзынæн æз.
**В.** Мæнмæ ис нымæтхуд. Давид, цы ис дæумæ та?
**Д.** Мæнмæ ис къурткæ. Андрей, цы ис дæумæ та?
*(Охватить диалогом всех мальчиков).*
**7. Физкультминутка по желанию детей.**
**В.** Ныр та хъазынц чызджытæ. Хъазт райдайдзæнис Томæ.
**Т.** Мæнмæ ис юбкæ. Алинæ, цы ис дæумæ та?
**А.** Мæнмæ ис нымæт. Оля, цы ис дæумæ та?
*(По этой схеме провести диалог с девочками. Вывести победителя и повесить на их экран медаль).*
**Работа вне занятия.** Рассмотреть фотографии с праздничного утренника, побеседовать. *(Кæуыл ис цухъхъа? Кæуыл ис рагон ирон дарæс?)*

*21-е занятие*

## Тема: «ОДЕЖДА» – «ДАРÆС»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«дж»*.

– Активизировать слова и словосочетания: *дарæс, зымæгон дарæс, сæрдыгон дарæс, рагон дарæс.*

– Учить детей на слух воспринимать небольшие тексты «звуковой зарядки» и «рифмовки».

– Учить отвечать на вопросы: *«Цы у?», «Цы сты?».*

– Учить детей классифицировать предметы одежды.

**Материал:** предметные картинки зимней и летней одежды, национальной одежды (или сами предметы); дидактическая кукла, кукла Залина.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка «Æртæ лæджы».**
*(Тагъддзуринаг.)*

**Æртæ лæджы**

Хæрз æрæджы
Бæрзæфцæджы
Æртæ лæджы

Цъæх хæйрæджы
Сау куырмæджы
Дардтой сæджы.

*Цæрукъаты Валодя.*

**Работа над текстом.** Перевести непонятные словосочетания: *бæрзæфцæджы* – березовая роща на горном перевале; *куырмæджы* – в темноте; *сæджы* – в саже. Читать по 2 строчки.

**2. Рифмовка.**

Фæуазал ис бæстæ,
Фæхъуынтъыз ис бон.
Æнкъардхуыз – нæ фæзтæ,
Ныггыццыл ис бон.

**3. Развитие речи.** *Воспитатель на видном месте устанавливает предметные картинки одежды. Дети сидят*

*полукругом. Перед ними на детском столике стоят куклы: Маша и Залина.*

**В.** Машæйæн балæвар кæнут зымæгон дарæс. Æз ын лæвар кæнын хъуырбæттæн æмæ æрмкъухтæ. *(Выбирает из картин.)* Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Машæ, æз дын лæвар кæнын хъуырбæттæн æмæ æрмкъухтæ.

**В.** Шарф – иронау – хъуырбæттæн. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Хъуырбæттæн. Шарф.

**В.** Варежки – иронау – æрмкъухтæ.

**В.** и **Д.** Æрмкъухтæ.

**В.** Цы балæвар кодтон Машæйæн? Зауыр!

**З.** Хъуырбæттæн æмæ æрмкъухтæ.

**В.** Цы балæвар кодтон Машæйæн? Оксанæ!

**О.** Хъуырбæттæн æмæ æрмкъухтæ.

**В.** Цы лæвар кæныс Машæйæн? Аслан! Рауай, равзар ныв!

**А.** Æз Машæйæн лæвар кæнын къурткæ.

**В.** Цы балæвар кодта Аслан Машæйæн? Людæ!

**Л.** Къурткæ.

**В.** Цы лæвар кæныс Машæйæн? Алинæ!

**А.** Æз ын лæвар кæнын хъарм худ.

**В.** Цы балæвар кодта Алинæ Машæйæн? Геор!

**Г.** Алинæ балæвар кодта Машæйæн худ.

*(По этой схеме спросить еще 2–3 детей.)*

**4. Физкультминутка по желанию детей.**

**5. Продолжаем знакомить детей с темой.**

**В.** Зæлинæйæн та балæвар кæнут рагон ирон дарæс. Бæрæгбоны Зæлинæ скæндзæн рагон дарæс, ныккæндзæн йæ сæрыл худ.

**В.** Цы лæвар кæнут Зæлинæйæн? Давид! Рауай, равзар ныв.

**Д.** Æз Зæлинæйæн лæвар кæнын худ.

**В.** Цы ма лæвар кæнут Зæлинæйæн? Томæ!

**Т.** Æз ын лæвар кæнын къаба.

*(Ответы детей.)*

**6. Развтие речи.**

*Воспитатель устанавливает картинки на видном месте: зимнюю одежду – отдельно, летнюю – отдельно, старинные наряды – отдельно.*

**В.** Цы сты адон? *(Показывает на картинки.)*

*Дети перечисляют хором.*

**В.** Цы сты? Сæрдыгон дарæс æви зымæгон дарæс?

**Д.** Сæрдыгон дарæс.

**В.** Цы сты? Аслан!

**А.** Уыдон сты сæрдыгон дарæс.

**В.** Цы сты адонæй рагон дарæс та?

**Д.** Цухъхъа, нымæт, худ, кæрц, кæлмæрзæн, къаба.

*(По этой схеме закрепить: зымæгон дарæс.)*

**Работа вне занятия.** Закрепить название одежды и действий с ней.

*22-е занятие*

## ТЕМА: «МАГАЗИН ИГРУШЕК» – «ХЪАЗÆНТЫ ДУКАНИ»

*(Дидактическая игра)*

**Цели:**

– Продолжать работу над произношением звука *«дж»*.

– Активизировать слова и словосочетание: *хъуг, гæды, маргъ, сырд, куыдз, карк; хæдзарон цæрæгой*.

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цы у?», «Кæм цæры?», «Цы хæры?», «Куыд уасы?», «Цас у йæ аргъ?»*.

– Учить диалогическому единству, используя выражения: *«Уый у…», «Уый цæры…», «Уый хæры…»*.

**Материал:** предметные картинки: коровы, кошки, собаки, курицы, медведя, лисы; игрушки с ценниками, кружочки – рубли для счета.

## Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 21-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 21-е занятие).*
**3. Беседа по сюжетной картине: «Домашние животные и птицы».**
*Повторение пройденного материала.*
*Воспитатель кладет на стол вниз изображением картинки: коровы, курицы, собаки, кошки.*
**В.** Учимся загадывать загадки. Соревнуются две команды. На моем столе вниз изображением находятся знакомые вам домашние и дикие животные, птицы. Капитан берет одну картинку и показывает ее своей команде. Дети вспоминают все об этом животном, звере или птице и ответят на мои вопросы. Помните кто как кричит? Не выдавайте это до последнего. За каждый ответ команда зарабатывает рубль.
*По считалке выбирают команду, которая начнет игру первой.*
**В.** Хъазт райдайдзысты «Цæргæстæ». Давид, рауай, сис ныв æмæ йæ равдис лæппутæм.
**В.** Цы у? Маргъ, сырд æви хæдзарон цæрæгой?
**Д.** Хæдзарон цæрæгой.
**В.** и **Девочки.** Хæдзарон цæрæгойтæ бирæ сты!
**В.** Цы хæры? Зауыр!
**З.** Хæры кæрдæг.
**В.** и **Д.** Кæрдæг бирæ цæрæгойтæ хæрынц!
**В.** Цы пайда у? Цы дæтты? Геор!
**Г.** Дæтты æхсыр.
**В.** и **Д.** Æхсыр бирæ цæрæгойтæ дæттынц!
**В.** Чызджытæ, цæй ныв ис «Цæргæстæм»? У хæдзарон цæрæгой, хæры кæрдæг, кæны æхсыр. Æхсыр кæнынц сæгътæ, хъуццытæ, фыстæ. Томæ!
**Т.** Куыд уасы?
**М.** Му-уу!

**Д.** Уый у хъуг!
**В.** Равдисут чызджытæм уæ ныв.
Ныр та банымайæм, цал дзуаппы радтой лæппутæ. Нымайут уе 'нгуылдзтæ! Хæдзарон цæрæгой *(паузæ)*. Хæры кæрдæг *(паузæ)*. Дæтты æхсыр *(паузæ)*. Уасы: му-муу! Цал сомы бакуыстой «Цæргæстæ?»
**М.** Цыппар сомы.
**В.** Гъа, Давид, ахæсс дæ командæйæн цыппар сомы.
**4. Физкультминутка «Шестилетний солдат».**
**В.** Учимся загадывать загадки. Будут их отгадывать мальчики. Томæ, сис ныв.
**В.** Томæ, цы у?
**Т.** Уый у маргъ.
**В.** и **М.** Мæргътæ бирæ сты!
**В.** Цы хæры? Оксанæ!
**О.** Уый хæры хор.
**В.** и **М.** Хор бирæ цыдæртæ хæры.
**В.** Цы дæтты? Оля!
**О.** Уый дæтты айк.
**В.** и **М.** Æйчытæ бирæ мæргътæ дæттынц *(æфтауынц)*!
**В.** Куыд уасы?
**Д.** Къо-къо-къо! Хъуыдатт-хъуыдатт!
**М.** Карк!
**В.** Раст æй базыдтат. Нымайут иумæ уе 'нгуылдзтæ. Я буду говорить предложения, делать паузы: уый у маргъ, уый хæры хор, уый дæтты æйчытæ, уый уасы: *«Къо-къо-къо!»*. Цал уыци-уыцийы сты?
**Д.** Цыппар!
**В.** Чызджыты командæ дæр бакуыста цыппар сомы.
Томæ, рауай, ахæсс дæ командæйæн æхца.
**Материал для загадок:**
*Гæды:* цæры хæдзары, уарзы æхсыр, ис ыл (дары) хъарм фæлмæн кæрц, ахсы мыстытæ, уасы…

*Куыдз:* цæры кæрты, уарзы дзидза, дары хъарм фæлмæн кæрц, хъахъхъæны хæдзар, рæйы…
*(Воспитатель задает вопросы к этим определениям.)*
**5. Дидактическая игра «Магазин игрушек».**
*Команды решают, что купить на заработанные деньги. Капитаны команд назначаются продавцами.*
**В.** Тома, встань за прилавок.
**Т.** Цы æлхæныс, Геор?
**Г.** Æз æлхæнын стыр машинæ.
**Т.** Цас у йæ аргъ?
**Г.** Йæ аргъ у дæс сомы.
**В.** Бафид уæйгæнæгæн дæс сомы æмæ ахæсс машинæ.
*(Считают. У команды «Орлят», скажем, 8 рублей.)*
**Т.** Нæй дæм дæс сомы. Равзар æндæр хъазæн.
*(Команда решает, что им купить из игрушек на восемь рублей.).*
**В.** Ныр та уæйгæнæг у Давид. Чызджытæ, балхæнут уе 'хцайæ хъазæнтæ.
*(По этой схеме продолжить игру, подытожить ее.)*
**Работа вне занятия.** Повторить счет до 10-ти.

*23-е занятие*

## ТЕМА: «МАГАЗИН ИГРУШЕК» – «ХЪАЗÆНТЫ ДУКАНИ»

(Дидактическая игра)

**Цели:**

– Продолжать работу над произношением звука *«дж».*

– Познакомить детей со словом: *«туман».*

– Активизировать слова и словосочетание: *арс, тæрхъус, рувас, хъаз, сырд; хæдзарон цæрæгой.*

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цы у?», «Кæм цæры?», «Цы хæры?», «Цас у йæ аргъ?».*

– Учить детей воспринимать на слух небольшие тексты.

**Материал:** предметные картинки: зайца, гуся, овцы, медведя, лисы; купюру 10-ти рублей, монеты или кружочки для счета.

## Ход занятия

**1. Звуковая зарядка (см. 21-е занятие).**
**2. Рифмовка.**

**Нымайæн**

Иу, дыууæ, æртæ, цыппар!
Ды мæ дзыппы ’хца ныппар!
Сом – мæ арсæн, сом – мæ сагæн,
Иу туман – мæ сырх кæсагæн.
Цал сомы сты, цал туманы?
Банымай сæ ды!

*Джимиты Кларæ*

**Работа над текстом считалки.** Прочитать и объяснить значение слова «туман». Показать купюру.

**В.** Это – десять рублей. Дæс сомы. Десять рублей – иронау та – туман! Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Туман.

**В.** Равдисут мæм уе ’нгуылдзтæ. Нымайæм иронау.

**В.** и **Д.** Иу туман, дыууæ туманы, æртæ туманы, цыппар туманы, фондз туманы.

**В.** Дарддæр нымайæм иннæ къухы ’нгуылдзтæ!

**В.** и **Д.** Æхсæз туманы, авд туманы…

**3. Дидактическая игра «Магазин игрушек».**

*Учить детей загадывать и отгадывать загадки.*

*На столе воспитательницы – предметные картинки по теме изображением вниз.*

**В.** С правилами игры вы знакомились на предыдущем занятии. Соревнуются команды. В нашем магазине сегодня

картинки других животных и птиц. Вам они могут достаться, если сможете загадать загадки, отвечая на мои вопросы. Чем больше расскажете о картинке, тем больше денег заработаете. Члены команды помогают друг другу.

*Считалкой выбирают команду, которая начнет игру первой.*

**В.** Хъазт райдайдзысты чызджытæ. Томæ, рауай, ахæсс ныв дæ командæйæн.

**В.** Цы у?

**Т.** Уый у сырд.

**В.** и **М.** Сырдтæ бирæ сты!

**В.** Кæм цæры? Алинæ!

**А.** Уый цæры хъæды.

**В.** и **М.** Хъæды бирæ сырдтæ цæры!

**В.** Цы хæры? Оксанæ!

**О.** Уый хæры дыргътæ.

**В.** и **М.** Дыргътæ бирæ сырдтæ хæры!

**В.** Цы уарзы? Оля!

**О.** Уый уарзы мыд.

**Д.** Уый у арс!

**В.** Равдисут уæ нывы. Уый у арс. Банымайут, цал уыци-уыцийы загътой «Бæлæттæ».

**В.** Уый у сырд, цæры хъæды, хæры дыргътæ, уарзы мыд.

**Д.** Цыппар уыци-уыцийы!

**В.** Томæ, рауай, ахæсс дæ командæйæн цыппар сомы.

**4. Физкультминутка по желанию детей.**

**В.** Хъазæм дарддæр.

*(По уже знакомой схеме, соблюдая все правила игры, задавать вопросы о гусе, зайце, лисе и овце. По две загадки на каждую команду.)*

– Цæры хæдзары кæрты, у маргъ, æфтауы æйчытæ, зоны ленк кæнын доны, уасы: «Хъа-хъа-хъа!» *(Хъаз.) (К этим ответам и задавать вопросы.)*

– У сырд, цæры хъæды, хæры кæрдæг æмæ халсартæ, уарзы уырыдзы æмæ къабуска. *(Тæрхъус.)*

– У сырд, цæры хъæды, хæры тæрхъусты, аргъæутты йæ хонынц «хинæйдзаг». *(Рувас.)*

– У хæдзарон цæрæгой, уарзы кæрдæг æмæ хор, дæтты къуымбил. *(Фыс.)*

*В конце занятия команды считают заработанные деньги и воспитатель проводит дидактическую игру «Магазин игрушек» (см. п.5 21-го занятия).*

**Работа вне занятия.** Наблюдения в природе за состоянием погоды.

*24-е занятие*

## Тема: «МАГАЗИН ИГРУШЕК» – «ХЪАЗÆНТЫ ДУКАНИ»

*(Дидактичекая игра)*

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«дж»*.

– Активизировать слова и словосочетания, обозначающие животных и домашних птиц, игрушки.

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цы æлхæныс?», «Цас кæны?», «Цал ма сты?».*

**Материал:** игрушки, знакомые детям, их предметные картинки, монеты, ценники к игрушкам от 1 до 10.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 21-е занятие).*

**2. Рифмовка** *(см. 22-е занятие).*

**3. Повторить пройденный материал.**

**Д /и «Чего не стало?»**

*(На столе у воспитательницы 10 игрушек (без ценников.)*

**В.** Банымайæм, цал сты хъазæнтæ! Дзурæм иумæ.
*(Посчитали по-осетински до десяти.)*
**В.** Бацъынд кæнут уæ цæстытæ!.. Хъазæнтæй цыдæр фесæфт! Цал ма сты? Аслан!
**А.** Аст.
**В.** Раст дæ! Цытæ нал сты сæ бынæтты? Тимур!
**Т.** Нал сты рувас æмæ куыдз.
**В.** Бацъынд та кæнут уæ цæстытæ! Фесæфт уæ хъазæнтæй?
**Д.** О.
**В.** Цытæ нал ис сæ бынæтты?..
*(По этой схеме повторить счет до10-ти.)*
**4. Физкультминутка по желанию детей.**
**5. Дидактическая игра «Магазин игрушек».**
*Воспитатель отдает командам заработанные на предыдущих занятиях кружочки – «деньги». Считают кружочки хором. Определяют, чья команда заработала больше.*
**В.** Кæй командæ фылдæр бакуыста?
**Д.** Чызджыты командæ. *(«Бæлæтты» командæ.)*
**В.** Чызджытæ райдайдзысты хъазт!
**Правила игры.** *На столе (полке) – игрушки с ценниками-кружочками. Члены команды могут выкупить игрушки на определенную (заработанную ими) сумму. У кассира – картинки тех игрушек, которые выставлены на продажу.*
**В.** Дзерæ, цы æлхæныс?
**Дз.** Æз æлхæнын арс.
**В.** Цас кæны арс? Нымай хъæрæй!
**Дз.** Иу, дыууæ, æртæ, цыппар, фондз сомы.
**В.** Бафид кассæмæ фондз сомы.
*(Ребенок отсчитывает пять кружочков и получает чек – картинку игрушки).*
**Дз.** Гъа, чек.
**В.** Айс арс. Зæрдæрухсæй дзы фæхъаз, Дзерæ.
**Дз.** Бузныг.

**В.** Табуафси.
**В.** «Цæргæсты» командæйæ чи цæуы дуканимæ? Давид! Цы æлхæныс?
**Д.** Æз æлхæнын велосипед.
**В.** Тынг зынаргъ дзаума. Цас кæны?
**Д.** Дæс сомы.
**В.** Иу ныхасæй зæгъ велосипеды аргъ.
**Д.** Туман.
**В.** Банымай хъæрæй велосипеды аргъ.
*(Считает.)*
**В.** Раст банымадтай. Бафид туман кассæмæ æмæ рæхæсс чек.
*(По этой схеме «продать» игрушки.)*
**Работа вне занятия.** Повторить счет до 10-ти.

*25-е занятие*

## ТЕМА: «ДВА ДРУГА» – «ДЫУУÆ ХÆЛАРЫ»

**Цели:**

– Продолжать работу над произношением звуков «хъ» и *«къ»*.

– Познакомить детей со словами: *сызгъæрин, хъама, хæйрæг, мæйрухс, давæг – абырæг.*

– Активизировать слова и словосочетание: *цухъхъа, къаба, чызджы худ, нымæт.*

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цал туманы кæны?», «Цы балхæндзæн?».*

**Материал:** персонажи к инсценировке; национальная одежда или картинки одежды с ценниками.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка.**

Къо-къо-къо, нæ кæрчытæ!

Мауал кæнут зарджытæ.
Хъа-хъа-хъа, нæ урс нæлхъаз!
Æнæ «хъа-хъа» бафæраз.
Уадз мæ хъæбул, мæ дарæг,
Афынæй уа, айрæза.

**2. Рифмовка «Нымайæн».**

Къаппа-къуппа,
Ды фыццаг!
Къаппа-къуппа,
Ды дыккаг!
Ды – æртыккаг,
Ды – цыппæрæм,
Дæу æвзарæм!

**3. Развитие речи.**

*Повторение пройденного материала.*

*Воспитатель устанавливает на видном месте картинки: черкески, папахи, бурки, девичьи шапки с ценниками из кружков.*

**В.** Зæлинæ æмæ Бечи ацыдысты дуканимæ. Цытæ балхæндзæнис Зæлинæ йæхицæн? Алинæ!

**А.** Зæлинæ балхæндзæнис къаба æмæ худ.

**В.** Раст дæ. Цал туманы кæнынц къаба æмæ худ иумæ? Нымайæм сæ!.. Цал туманы кæнынц къаба æмæ худ? Андрей!

**А.** Аст туманы.

**В.** Зæлинæ аст туманæй балхæдта йæхицæн къаба æмæ худ. Цы балхæдта Бечи та? Оля!

**О.** Бечи балхæдта цухъхъа.

**В.** Цал туманы кæны цухъхъа?

**О.** Цыппар туманы.

*(Ответы детей на вопрос: «Цал туманы?»)*

**4. Физкультминутка «Шестилетний солдат».**

**5. Чтение текста «Два друга».**

## Дыууæ хæлары

*(Настольный или кукольный театр)*

**Дз.** – Дзурæг. **К.** – Казик. **Т.** – Тамерлан.

**Дз.** Тамерлан æмæ Казик бадтысты уаты. Хъазыдысты шахмæттæй. Æмбылдта æрмæст Тамерлан. Уый хъыг уыдис Казикæн æмæ йæхицæй æппæлы.

**К.** Мæнæн сызгъæрин майдан радтой, уый фехъуыстай? Телевизоры мæ æвдыстой!

**Т.** Нæ фехъуыстон!

**К.** Ды æмбисæхсæв фынæй фæкæныс! Æз та дысон нæ бæхы хъахъхъæдтон.

**Т.** Цы тас у уæ бæхæн?

**К.** Дысон æм давджытæ æрбацыдысты! Сæ къухты – хъаматæ! Æрæмбæхстысты къудзиты æмæ сæ иу загъта: «Амарæм уал Казикы!» Æз уый фехъуыстон, цы! Атæррæст сæм кодтон рудзынгæй! ...

**Т.** Æз сæ фæтарстаин!

**К.** Уый – ды! Æз дæуау тæппуд нæ дæн! Рацахстон иу абырæджы æмæ йæ фехстон бæласы сæрмæ! Иннæйы ныззыввытт кодтон уæртæ Тæлынты кæртмæ, дыууæйы кæрæдзийыл фæхостон!

**Т.** Æз сæ фæтарстаин! Афтæ бирæ уыдысты?

**К.** Милуан! Иннæтæ фæлыгъдаиккой, фæлæ сæ æз фысты дзугау мæ разæй скодтон æмæ милицæйы балæууыдыстæм!

**Т.** Уый дын лæг! Хъæбатыр дæ, Казик!

**К.** Милицæ мын радтой сызгъæрин майдан! Хъæбатыры майдан!

**Дз.** Казик йæ дзыппæй фелвæста шоколадæй майдан, æркæстытæ йæм кодта.

**К.** Баивæм, Тамерлан! Ды мын – шахмæтты къопп, æз та дын – мæ сызгъæрин майдан! Хъæбатыры майдан. Бахæр æй æмæ тæппуд нал уыдзынæ…

**Дз.** Уыцы рæстæг дын уатмæ багæпп кодта цыппæркъахыг.

Мæйрухсмæ лæппутæ ауыдтой цыппæркъахыджы сæрыл нымæтхуд, йæ фæсонтыл – хъуынджын тинтычъи (пуховый) сау кæлмæрзæн, йæ фæстаг къахыл та – дзабыр. Мээ-ээ! – мæсты хъæлæсæй суасыд цыппæркъахыг.

**К.** Уауу! Фервæзын мæ кæн! Хæры мæ уæ бирæгъ! Фæдис!

**Т.** Ма тæрс, Казик!

**К.** Нана! Фæдис! Хæры мæ нæ сыхæгты бирæгъ!

**Дз.** Лæппу амбæхст Тамерланы фæстæ æмæ тъизы *(плачет)*.

**Т.** Ма ку, Казик.

**К.** Цæмæн мæ бахæра сымах бирæгъ? Дæхи дын бахæрæд!

**Дз.** Уыцы рæстæг та цыппæркъахыг сгæппытæ кодта æмæ нымæтхуд йæ иу сыкъайыл ацауындзæг, дзабыры фындз фæстæмæ азылдис. Уый федта цы, нæ хъæбатыр! Цъæхахст кæны.

**К.** Хæйрæг у! Кæсыс ын йæ гыццыл сыкъамæ! Йæхæдæг – сæнтсау! Хæры мæ!

**Т.** Алидз уæхимæ, Казик! Алидз!

**К.** Асурдзæнис мæ уæ хæйрæг! Бацу йæм хæстæг дæхæдæг! Кæнæ бадзур дæ мадмæ! Хæйрæг уын уæхи бахæрæд! Бадзур дæ мадмæ!

**Т.** Нæ, мамæ дзы фæтæрсдзæн æмæ тæригъæд у.

**К.** Хæйрæг! Уæ, хæйрæг! Æз уæртæ Габойы фырт дæн!
Цу махмæ æмæ дын дада нæ бæхы ратдзæн мæ бæсты!
Цу! Кæнæ Тамерланы бахæр!

**Т.** Нæ, бæх дæр тæригъæд у! Æз æм цæуын мæхæдæг. Ды алидз уæхимæ.

**Дз.** Цыппæркъахыг та алæууыд йæ фæстаг къæхтыл. Бынтон фæтарст Казик æмæ алыгъд сæхимæ. Цыппæркъахыгæн та йе рагъæй зæхмæ æрхаудис нанайы кæлмæрзæн, æмæ Тамерлан базыдта йæ сау уæрыччы.

**Т.** Орко? О, фыдуаг! Дарæсауындзæны та уыдтæ?

**О.** Мэ-ээ-э!

**Т.** Фæтæрсын мын кодтай мæ хæлары.

**Дз.** Мэ-ээ-э! – худы Орко æмæ гæппытæ кæны.
Работа над текстом. Рассказать, показать и одновременно переводить незнакомые слова: дарæсауындзæн – вешалка, хæйрæг – черт, мæйрухс – при свете луны.
**Фарстатæ:** 1. Кæй схонæм хъæбатыр?
2. Куыд схонæм Казикы?
**Работа вне занятия.** Разучить роли персонажей рассказа. Привлечь к этой работе родителей, чтобы потом дети могли показать инсценировку другой группе *(или драматизацию)*.

*26-е занятие*

## ТЕМА: «ДВА ДРУГА» – «ДЫУУÆ ХÆЛАРЫ»

**Цели:**

– Продолжать работу над произношением звуков «хъ» и *«къ»*.

– Активизировать слово и словосочетание: *дарæс, æз ссардтон.*

– Учить детей отвечать на вопрос: *«Цы ссардтай?»*.

– Учить детей на слух воспринимать текст рассказа и показать инсценировку по его содержанию.

**Материал:** атрибуты для инсценировки рассказа; предметные картинки серии «Одежда». ТСО – музыка *«Хонгæ»* и *«Зилгæ»*.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 25-е занятие)*.
**2. Рифмовка** *(см. 25-е занятие)*.
**3. Дидактическая игра «Чудесная коробка».**
**В.** Абон уын равдисдзынæн театр. Уæ билеттæ сты мæнæ ацы къоппы. Сисут фæйнæ иу нывы.
*Воспитательница уводит детей в сторонку. Чтобы пройти в «кинозал» и сесть на свое место, надо ответить на*

*вопрос: «Цы ссардтай къоппы?» Кто не знает ответа на этот вопрос, советуется со своей командой.*
**В.** Æвдисут уæ нывтæ! Слæуут рады. Станьте в очередь. Слæуут рады.
**В.** Оксанæ, цы ссардтай къоппы?
**В.** и **О.** Æз къоппы ссардтон хæдоны ныв.
**В.** Рацу мидæмæ. Аслан, ды цы ссардтай къоппы?
**А.** Æз ссардтон худы ныв.
*(Ответы на вопрос: «Цы ссардтай къоппы?»)*
**4. Показ инсценировки силами детей (или повторный показ настольного театра воспитателем).**
**5. Танцуют дети. Музыка «Хонгæ» и «Зилгæ».**

*27-е занятие*

## Тема: «ДЕНЬ РОЖДЕНИЯ» – «ГУЫРÆН БОН»

**Цели:**
– Знакомить детей с национальной литературой и искусством, национальными народными играми, пословицами и поговорками.
**Материал:** национальная одежда для именинников. ТСО – музыка к национальным танцам «Хонгæ» и «Зилгæ», мелодии к другим песням и хороводу.

### Концерт для именинников

*1. Дети всей группы сидят полукругом. Перед ними сидит именинник (именинники.)*
**В.** Сывæллæттæ, сыстут. Арфæтæ ракæнæм... *(имя – имена).*
**В.** Амондджын у (ут), дзæбæхæй фæцæр (ут)!
**Мальчики.** Оммен, Хуыцау!
**В.** Фылдæр дæ (уæ) чи уарзы, уый (уыдоны) фæндиаг у (ут)!
**Мальчики.** Оммен, Хуыцау!
**В.** Рухсзæрдæйæ фæцæр (ут)!

**Мальчики.** Оммен, Хуыцау!
**В.** и **Д.** *(поют)*:

Дæ (уæ) цæрæнбон бирæ,
Дæ (уæ) цæрæнбон бирæ!
Бирæ, бирæ, бирæ азты
Бирæ нын фæцæр (ут!)

**В.** *(обращается к имениннику).*

Хъуамæ дæу, мæ чысыл къона,
Сомбон Ир йæ хъæбул хона.
Тынг хорз саби дæ ныр дæр,
Кафгæ, заргæйæ мын цæр.

*Дауырæ*

**2. В.** *(Имя, имена.)* Сбад (ут). Байхъус (ут) æмæ бакæс (ут) концертмæ! Сымах (дæу) номыл у абон нæ цин! Дæуæн (сымахæн) лæвар кæнынц де (уе) ’мгæрттæ æмдзæвгæтæ.
1–2 детей рассказывают стихотворения на осетинском языке.

**3. Танец группы девочек или мальчиков, разученный с музыкальным руководителем на ее занятиях.**

**4. Осетинская народная игра «Сынæгæй хъазт».**
*Именинники начинают игру первыми, если этого пожелают сами. Все соблюдают правила игры. Победителей отмечают призами.*

**5. Исполнить желание именинника (ков).**
**В.** Исполняем желания именинника (именинников)! Фæнды дæ, акаф, азар, радзур æмдзæвгæ, равдис фокус!

**6. Хоровод «Гуырæн бон».**
*Сольный танец именинника (именинников), с кем сами пожелают, затем танцуют все дети «Хонгæ» и 1–2 пары – «Зилгæ».*

*28-е занятие*

## ТЕМА: «МАГАЗИН ИГРУШЕК» – «ХЪАЗÆНТЫ ДУКАНИ»

**Цели:**

– Продолжать работу над произношением звука *«хъ»*.

– Познакомить детей со словами: *хъæд, хъуымац*.

– Активизировать слова: *авг, фарфор, пластмассæ, æфсæйнаг.*

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цæмæй конд у?», «Цы æлхæныс?»*.

– Учить детей переводить с русского на осетинский язык.

**Материал:** игрушки и предметы, сделанные из стекла, фарфора, ткани, железа, пластмассы, дерева; кукла Бечи.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 25-е занятие).*

**2. Рифмовка** *(см. 25-е занятие).*

**3. Знакомство с новым материалом.**

**В.** Нæ горæты ис хъазæнты дуканитæ. Цы дзы уæй кæнынц? Продают – иронау – уæй кæнынц. Цы уæй кæнынц хъазæнты дуканиты?

**Д.** Хъазæнтæ.

**В.** Ис нæм, хæринаг кæм уæй кæнынц, ахæм дуканитæ дæр. Цы дзы уæй кæнынц?

*(Ответы детей на вопросы: «Цы уæй кæнынц халсарты æмæ дыргъты дуканиты, дарæсы дуканиты?»)*

**В.** Но есть и такие магазины, в которых продают игрушки и посуду, одежду и другие товары. Сегодня мы побываем в одном таком магазине. Вот мой товар. *(Показывает товар.)* Играют две команды. Становитесь в две очереди. Подходите! То девочка, то мальчик становятся покупателями. Я – продавец.

Кто купит больше товара. Отвечаете на один вопрос: *«Цæмæй конд у?»* Из какого материала изготовлена вещь?
**В.** Железо – иронау – æфсæйнаг *(Показывает вещь.)*
**В.** и **Д.** Æфсæйнаг. Æфсæйнагæй конд.
**В.** Деревянный – иронау – хъæдын. *(Показывает вещь.)*
**В.** и **Д.** Хъæдын. Хъæдæй конд.
**В.** Ткань – иронау – хъуымац. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Хъуымац. Хъуымацæй конд.
**В.** Хъуымацæй конд сты фæлмæн хъазæнтæ. Хъазт райдайдзысты чызджытæ. Оля, цы ’лхæныс дуканийы?
**О.** Æз æлхæнын стыр арс.
**В.** Цæмæй конд у стыр арс? Хъуымацæй?
**О.** Хъуымацæй.
**В.** Цыбыр дзуапп ма дæттут! Зæгъæм иумæ.
**В.** и **О.** Арс конд у хъуымацæй.
**В.** Айс хъазæн!
**О.** Бузныг.
**В.** Табуафси, Оля. Аслан, цы ’лхæныс?
**А.** Æз æлхæнын машинæ.
**В.** Цæмæй конд у машинæ?
**А.** Машинæ конд у пластмассæйæ.
**В.** Айс хъазæн.
*(По этой схеме поработать над словами:*
*æфсæйнагæй конд – уидыг, пирамидæ…*
*авгæй конд – агуывзæ, вазæ…*
*хъуымацæй конд – рувас, къæбыла…*
*фарфорæй конд – чашкæ, тæбæгъ…*
*резинæйæ конд – пурти, шар…).*

**4. Физкультминутка «Шестилетний солдат».**

**5. Переводчики.**

**В.** Послушайте небольшой текст. Бечи еще не очень хорошо понимает по-русски и переведите каждое предложение текста на осетинский язык.

**День рождения**

У Марата был день рождения. Ему исполнилось 5 лет. Бабушка испекла большой торт. Мама подарила ему плюшевого медведя. Папа купил Марату велосипед.

Мальчик обрадовался подаркам, потом спросил:

– А кто мне подарит живого щенка?

– Денег нет на покупку щенка, – ответил папа.

– Папа, продай велосипед и медведя. На эти деньги и купи мне щенка, – сказал ему Марат.

*Вопрос:* «Как поступит папа?»

*(Перевод на осетинский язык может быть индивидуальным или хоровым, но по предложениям.)*

**Гуыræн бон**

Маратæн уыд йæ гуыræн бон. Сæххæст ыл 5 азы. Нана йын скодта стыр торт. Мад ын балæвар кодта плюшæй конд арс. Йæ фыд ын балхæдта велосипед.

Лæппу бацин кодта лæвæрттыл, стæй бафарста:

– Чи мын балæвар кæндзæн къæбыла?

– Æхца нæм нæй къæбыла балхæнынæн, – дзуапп радта фыд.

– Папæ, ауæй кæн велосипед æмæ арсы. Уыцы æхцатæй мын къæбыла балхæн,– загъта йын Марат.

**Фарста:** *«Куыд бакæндзæн папæ?»*

*(Ответы детей.)*

**Работа вне занятия.** В свободное от занятий время закрепить материал занятия *(«Цæмæй конд у?»(пурти, кубик, стъол, бандон, уидыг, машинæйы цалх…).*

*29-е занятие*

**ТЕМА: «ФРУКТОВО-ОВОЩНОЙ МАГАЗИН» – «ХАЛСАРТÆ ÆМÆ ДЫРГЪТЫ ДУКАНИ»**

*(Дидактическая игра)*

**Цели:**

– Продолжать работу над произношением звука *«хъ»*.

– Познакомить детей со словом и словосочетаниями: *исты равзарын, хъыбыл, хъуамæ бафида*.

– Активизировать названия знакомых овощей и фруктов.

– Учить детей согласовывать числительные с существительными.

– Учить детей отвечать на вопрос: *«Цас у йæ аргъ?»*.

– Учить детей воспринимать на слух тексты *«звуковой зарядки»* и *«рифмовки»*.

**Материал:** знакомые овощи и фрукты *(муляжи или картинки)* с ценниками.

**Ход занятия**

**1. Звуковая зарядка.**

Хъазтæ æмæ хъыбыл
Алыгъдысты хъæдмæ.
Хъазты рувас расырдта,
Хъыбылы та – бирæгъ.
Нанамæ сæ æрбатардтой
Гæды æмæ иу сæгъ.

*Джимиты Кларæ*

**2. Рифмовка.**

Хохы цъæх айнæгæй
Хуры цæст ракæсы,
Ракæсы райсомæй раджы.
Хъазгæ, рæвдаугæйæ,
Царды хос хъарм тынтæ
Айтауы хъæдгæрон, таджы.

*Баситы Мысост*

**3. Д/и «Фруктово-овощной магазин».**

*Воспитатель на видном месте устанавливает знакомые детям фрукты и овощи (их муляжи или картинки) с ценниками.*

**В.** Правила игры такие. Девочки покупают все то, из чего варят компот и варенье. Мальчики покупают все то, из чего варят борщ. Соревнуются команды. Они могут советоваться. У обеих команд – по тридцать рублей.
**В.** Туманы цал сомы ис? Цал туманы ис командæмæ?
*(Ответы детей.)*
**В.** Цы æлхæны чызджыты командæ? Æвзарут дыууæ дыргъы иумæ. Томæ!
**Т.** Æз æлхæнын бал æмæ чылауи.
**В.** Цас у балы аргъ?
**Т.** Фондз сомы.
**В.** Цас у чылауийы аргъ та?
**Т.** Иу сом.
**В.** Цас у иумæ сæ аргъ? Банымай сæ хъæрæй.
**Т.** Æхсæз сомы.
**В.** Мальчики следят за правильными ответами девочек. Идет соревнование. Раст банымадта Томæ? Давид!
**Д.** Раст.
**В.** Цал сомы мын хъуамæ бафида?
**Д.** Аст сомы.
*(По этой схеме провести работу со словами: кæрдо, фæткъуы, курага, сæнæфсир).*
**4. Физкультминутка «Шестилетний солдат».**
**В.** Ныр та лæппутæ æлхæнынц халсартæ борщæн. Æвзарынц дыууæ халсары. По две штуки. Аслан!
**А.** Æз æлхæнын къабускæ æмæ картоф.
**В.** Цас у къабускайы аргъ?
**А.** Æртæ сомы.
**В.** Цас у картофы аргъ та?
**А.** Дыууæ сомы.
**В.** Цас у иумæ къабуска æмæ картофы аргъ? Банымай сæ!
**А.** Фондз сомы.
**В.** Чызджытæ, раст банымадта Аслан?

*(По этой схеме продать другие овощи.)*
**В.** Цы балхæдтой кампот æмæ вареннæ фыцынæн чызджытæ?
Цы балхæдтой борщ фыцынæн лæппутæ?
Цал сомы (туманы) ма баззадис чызджытæм?
Цал сомы (туманы) ма баззадис лæппутæм?
Чи уæ рамбылдта? Чи хуыздæр зыдта нымайын æмæ иронау дзурын?
*(Ответы детей на эти вопросы и определение победителя.)*
**5. Игра «На дереве, на грядке!»**
*Напомнить правила игры. Если слово, услышанное детьми, обозначает название фрукта, они тянут руки вверх! Если же оно обозначает овощ – они приседают.*
**Слова:** *фæткъуы, цæхæра, уырыдзы, кæрдо, картоф, чылауи, къабуска, курага, хъæдындз, æнгуз.*
**6. Чтение текста.**
**Аххытæ æмæ оххытæ**
**В.** Хорз дæхи цæхсадтай, Нох?
**Д.** – Охх!
Уый мæнæй куы фæцис рох…
**В.** Хъус-ма: уæрмæн дзыххъ ыскъах!
**Д.** – Ахх!
Риссы та мæнæн мæ къах…
**В.** Фосæн – дон: ысты сæргой!
**Д.** – Ой!
М’ астæу мæ нæ уадзы ’нцой…
**В.** Уæдæ уæртæ бацым бас!
**В.** и **Д.** – Цас?
Ратдзыстут мын ноджы кас?
*Цæрукъаты Валодя*
**Работа над текстом.** Перевести незнакомые слова: *ферох ис* – забыл, *астæу* – поясница, *кау* – плетень. Прочитать еще раз и задать воспрос: *«Куыд схонæм лæппуйы?» (От-*

*веты детей: ленивый – зивæггæнаг.)*

**Работа вне занятия.** Во время еды закрепить названия овощей и фруктов.

*30-е занятие*

## ТЕМА: «КАК КОТЕНКУ ЗАХОТЕЛОСЬ БЫТЬ ДЕВОЧКОЙ» – «ГИДАЙЫ ЧЫЗГ УÆВЫН КУЫД БАФÆНДЫД»

**Цели:**

– Продолжать работу над произношением звуков *«хъ»* и *«къ»*.

– Познакомить детей со словами и словосочетанием: *бырæттæ, ныхсын, хæрдмæ кæлын, кæфхъуындар.*

– Учить детей отвечать на вопросы по содержанию текста.

**Материал:** предметные картинки молока, мяса, свеклы; кастрюля из кукольного уголка; кукла Бечи.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 29-е занятие).*

**2. Рифмовка** *(см. 29-е занятие).*

**3. Развитие речи.**

*Повторение пройденного материала.*

**В.** Чи нын радзурдзæн, зымæгмæ йæ мад вареннæ кæнæ кампоттæ цæмæй скодта?

*(Ответы детей.)*

**В.** Чи нын радзурдзæн, цы уарзы хæринæгтæй?

**Б.** Æз уарзын торт, къафеттæ, печенитæ…

**В.** Бечи, торт цæмæй кæнынц, уый зоныс?

**Б.** Нæ зонын! Адджын у, уый зонын! Къафеттæ адджын сты, уый зонын, ситро адджын у, уый зонын!..

**В.** Уæдæ сбад, байхъус æмæ базон, ды афтæ тынг цы торт уарзыс, уый цæмæй кæнынц.

**Б.** Торт мын скæндзыстут?!

**В.** Нæ, Бечи. Зæгъдзыстæм дын, цæмæй кæнынц ахæм адджын хæринаг, уый! Цæмæй кæнынц торт? Алинæ!
**А.** Мамæ торт скæны ссад, сæкæр æмæ айкæй.
**В.** Раст дæ, Алинæ. Цы ма вæййы тортыл? Дзерæ!
**Дз.** Тортыл ма вæййы æнгузтæ æмæ банантæ.
**В.** Дзерæ раст дзуапп радта. Цы ма вæййы тортыл? Томæ!
**Т.** Нана ма царв æмæ сæкæрæй скæны крем.
*(Ответы детей на вопросы: «Цæмæй?», «Цы ма вæййы?»)*
**В.** Бечи, ныр базыдтай, цæмæй конд у торт, уый?
**Б.** Базыдтон! Ссад, сæкæр, æйчытæ, царв, банантæ, æнгузтæ, шоколад! Тынг адджын хæринаг у! Алы бон дæр æрмæст торт хæрдзынæн!
**В.** Нæй уый гæнæн, Бечи! Хæрын хъæуы алцыдæр!
**4. Физкультминутка «Зарядка».** ***(см. 2-е занятие)***
**5. Чтение сказки.**

**Гидайы чызг уæвын куыд бафæндыд**

*(Аргъау)*

Иу бон та нана Гидайы мыстытæ ахсынмæ æрвыста. Гæдыйы лæппын æм æрбамæсты æмæ загъта:

– Нал мæ фæнды гæды уæвын! Мæн фæнды чызг уæвын!

– Чызгæн хæдзары бирæ куыстытæ ис, – дзуры йæм нана.

– Æз алцы куыст дæр зонын. Балхæн мын къаба æмæ бант! – загъта Гида.

Нана Гидайæн балхæдта къаба, бабаста йын йæ хъуырыл стыр бант æмæ загъта:

– Мæ чызг, ныммæрз хæдзар, ныхс тæбæгътæ æмæ сфыц кампот. Мæнæ дын стъолыл дыргътæ æмæ сæкæр, – загъта нана æмæ ацыд цæхæрадонмæ.

Гида бырæттæ йæ къæдзилæй скъаппы бынмæ бамарзта. Йе ’взагæй тæбæгътæ асдæрдта æмæ кампот фыцынмæ ацыд.

Хусгонд дыргътæ æмæ сæкæр кастрункæйы ныккодта æмæ загъта:

– Æз кампот æхсырæй сфыцдзынæн!

Ныккодта кастрункæйы æхсыр. Ауад къæбицмæ æмæ рахаста дзидза. Ныппæрста та уый дæр кастрункæйы.

– Цæмæй ссырх кæны нана йæ кампот? – афарста та йæхи Гида æмæ ауад къæбицмæ.

– Мæ кампот уыдзæн адджын æмæ сырх-сырхид! – фырцинæй ныхъхъæр кодта Гида, рахаста цæхæра æмæ та уый дæр кастрункæйы ныппæрста. Уый фæстæ ссыгъта арт æмæ рудзынгыл сбадт.

Чи зоны, цас рæстæг рацыд, фæлæ рафыхт кампот æмæ кæлын райдыдта кастрункæйæ пецмæ, пецæй та – пъолмæ.

Гида фæтарст æмæ хъæр кæны:

– Нана! Кастрункæйы кæфхъуындар бады æмæ кампот хæрдмæ калы! Мяу! Мяу! Хæдзар кампотæй байдзаг уыдзæнис æмæ басудздзынæн! Фæдис! Фервæзын мæ кæн кæфхъуындарæй.

Нана цæхæрадонæй æрбазгъордта, фелвæста Гидайы æмæ загъта:

– Ма тæрс! Нæ басудздзынæ!

**Работа над текстом.** Читать и переводить незнакомые детям слова: мыстытæ ахсынмæ æрвыста – посылала ловить мышей, ныхс – помой, бырæттæ – мусор, хæрдмæ кæлынтæ байдыдта – переливался через край.

**Фарстатæ:**

1. Цæмæй фыхта Гида кампот?

2. Цæмæн скалдис кастрункæйæ кампот? *(Что нельзя было класть в компот?)*

**Работа вне занятия.** Уточнить с детьми, из чего варят им еду и питье.

*31-е занятие*

## Тема: «ЧУДЕСНЫЙ МЕШОЧЕК» – «ÆМБИСОНДЫ ГОЛЛАГ»

*(Дидактическая игра)*

**Цели:**

– Продолжить работать над произношением звуков *«къ»* и *«хъ»*.

– Познакомить детей со словами и словосочетанием: *астæу, дардбæстаг, лыг кæнын, сис.*

– Активизировать слова и словосочетания, обозначающие орудия труда и действия с ними.

– Учить детей диалогической речи, используя выражения: *«Æз систон...», «Мæн хъæуы...».*

– Учить детей отвечать на вопрос: *«Цæмæн хъæуы?».*

**Материал:** *мешочек или картонная коробка, вилка, нож, чашка, кастрюля, ведерко, лопата, термометр, карандаш, мяч.*

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 29-е занятие).*

**2. Рифмовка**

**3. Дидактическая игра «Мигæнæнтæ».**

*Воспитательница устанавливает на видном месте все предметы.*

**В.** Адон æз æвæрдзынæн мæ голладжы. Сымах иумæ нымайут, цы æвæрын, уыдон. *(Перечисляют их по-осетински.)*

**В.** Соревнуются две команды. Подходите по-одному из каждой команды, не глядя, берете в мешочке предмет, говорите, что это, потом его показываете всем. Томæ, рауай! Цы ссардтай?

**Т.** Ссардтон кард.

**В.** Сис æй! Цы систай голлагæй? Взять – иронау – сисын. Зæгъæм иумæ: «Сисын»…

**Т.** Æз голлагæй систон кард *(Показывает всем.)*
**В.** Цæмæн хъæуы кард?
**Т.** Дзул лыгтæ кæнынæн. Лыг кæнынæн.
**В.** Раст дæ. Сæвæр кард стъолыл æмæ сбад.
Аслан, рауай, сис иу исты. Цы ссардтай?
**А.** Æз ссардтон бел.
**В.** Сис æй голлагæй. Цы систай голлагæй?
**А.** Æз голлагæй систон бел.
**В.** Цæмæн хъæуы бел? Геор! Къахынæн?
**Г.** Бел хъæуы къахынæн.
*(По этой схеме поработать над другими словами по теме.)*
*Предполагаемые ответы:*

Чашкæ – цай цымынæн, дон – нуазынæн.
Цъылын – мæрзынæн.
Бел – зæхх къахынæн.
Термометр – тæвд барынæн.
Пурти – хъазынæн.
Ведра – дон хæссынæн.
Кърандас – ныв кæнынæн.

**4. Физкультминутка «Зарядка».**
**5. Если есть время, посчитать медали команд, выявить победителя.**
**6. Развитие связной речи.**
*На столе воспитателя – все предметы из чудесного мешочка: термометр, нож, вилка, ложка, карандаш, веник, кастрюля, ведерко, чашка.*
**В.** Адон нывæрæм къоппы æмæ сæ арвитæм хъæумæ Бечийы дадайæн.
Цæмæн хъæуы дадайы чашкæ? Цай цымынæн?
**Д.** Цай цымынæн.
**В.** Æвæрын къоппы чашкæ. Цæмæн хъæуы дадайы ведра? Зауыр!
**З.** Дон хæссынæн.

*(Ответы детей на вопрос: «Цæмæн хъæуы?»)*

**7. Переводчики.**

**В.** Переведите мои предложения с русского на осетинский язык.

**В.** Я вилкой ем котлеты.

**Д.** Æз вилкæйæ хæрын котлеттæ.

**В.** Я ложкой ем борщ.

**Д.** Æз уидыгæй хæрын борщ.

**В.** Я карандашом рисую цветы.

**Д.** Æз къæрандасæй ныв кæнын дидинджытæ.

**В.** Я термометром измеряю температуру.

**Д.** Æз тæвдбарæнæй барын тæвд.

**В.** Я в кастрюльке варю кашу.

**Д.** Æз кастрункæйы фыцын кас.

*(Ответы детей могут быть индивидуальными.)*

**Работа вне занятия.** Повторить физкультминутку.

*32-е занятие*

## Тема: «ИГРУШКИ ФАТЪИ» – «ФАТЪИЙЫ ХЪАЗÆНТÆ»

*(Инсценировка сказки)*

**Цели:**

– Продолжить работать над произношением звуков *«хъ»* и *«къ»*.

– Познакомить детей со словами и словосочетанием: *æмбисонды фын, курдиат, тути, маймули, судзин.*

– Активизировать названия знакомых игрушек.

– Учить детей воспринимать на слух текст небольшой сказки и отвечать на вопросы по его содержанию.

**Материал:** персонажи настольного театра; *игрушки: медведь, заяц, еж, собака, кошка.*

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 29-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 29-е занятие).*
**3. Развтие речи.**
*Повторение пройденного материала.*
*На столе у воспитателя – игрушки.*
**В.** Радзурут-ма, кæм цæры цæрæгой, цы уарзы? Чем особенным отличается от других животных. Цы нæй иннæтæн? Оксанæ, рауай! Радзур нын иу цæрæгойы тыххæй. Кæм цæры?
**О.** Тæрхъус цæры хъæды. Уарзы халсартæ.
**В.** Цы ис тæрхъусæн, фæлæ нæй иннæтæн? Нет у других?
**О.** Тæрхъусæн ис стыр хъустæ. Иннæтæн нæй ахæм хъустæ.
**В.** Хорз радзырдтай. Сбад. Сослан, рауай!
**С.** Арс цæры хъæды. Уарзы мыд.
**В.** Чем еще отличается от других? *(Показывает на игрушки.)*
**С.** Арс у стырдæр.
**В.** Цы у тыхджындæр, рувас æви арс?
**С.** Арс.
*(По этой схеме поработать над словами: уызын, къæбыла, гæды.)*
**В.** Раст зæгъут. Уызыныл ис судзинтæ. Иголки – иронау – судзинтæ. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Уызыныл ис судзинтæ. Гæдыйæн ис рихитæ…
**4. Физкультминутка «Мæ къухтæ».**
**5. Чтение сказки.**

### Фатъийы хъазæнтæ

*(Аргъау)*

**Дз.** – Дзурæг.
**Ф.** – Фатъи.
**Р.** – Рувас.
**У.** – Уызын.
**А.** – Арс.
**Т.** – Тути.
**Цъ.** – Цъиу.
**Б.** – Балеринæ.

**Дз.** Аргъау авд дзыхæй дæр дзуры,

Аргъау авд низы дæр суры.
Аргъауæн мæлæт дæр нæй,
Йе 'рцыдмæ цæрут фæрнæй.

**Дз.** Раджы нæ, фæлæ хæрз æрæджы цардис нæ сыхы иу гыццыл чызг Фатъи. Чызг афтæ сфыдуаг, æмæ нал кастис йæ мады коммæ, нал хъуыста йæ фыдмæ дæр. Фатъи пырх кодта йæ хъазæнтæ, не 'фснайдта йæ дарæс, нæ тæригъæд кодта цæрæгойтæ æмæ зайæгойтæн дæр. Иу ахæмы бинонтæ æхсæвæр бахордтой æмæ схуыссыдысты. Бафынæй Фатъи дæр æмæ уыны æмбисонды фын. Тути дын стахтис скъаппы сæрмæ æмæ дзуры.

**Т.** Хур, дон, зæхх, уæлдæф! Мæй æмæ стъалытæ! Фатъийы хъазæнтæ удæгас фестæнт сырдæй, маргъæй.

**Дз.** Тути уый загъта, цы! Уайтагъд чызджы уат байдзаг хъæрзынæй, уасынæй, тызмæг хъæлæстæй.

Уыцы рæстæг стъолы бынæй рабырыд тæрхъус æмæ дзуры кæугæйæ.

**Т.** Ох-ох-ох! Мæ фæрстæ – саст! Фатъи мын атыдта мæ хъус!

**Дз.** Уæд диваны фæстæйæ сгæпп кодта æнæкъæдзил рувас дæр æмæ хъæр кæны.

**Р.** Тути, фестын кæн уыцы чызджы карк æмæ йæ æз ахæрдзынæн!

**Дз.** Уызын рауадис кæцæйдæр.

**У.** Фатъи æвзæр чызг у! Тынг æвзæр чызг! Фæлæ йæ ма бахæрын кæн рувасæн. Тæригъæд у сывæллон. Бафæрсæм уал зондæй нæ паддзахы. Арс, хъусыс нæ?!

**Дз.** Стыр морæ арс хуыссыд къуымы. Йæ къах – саст, йæ кæрц – чъизи, стæй йæ цæстытæй иу æрбайсæфтис. Рабадт арс æмæ кæуы.

**А.** Цæй паддзах ма дæн?! Иуцæстон къуылых паддзах кæй хъæуы?

**Т.** Ды дæ сырдты паддзах ацы хæхбæсты. Цы уынаффæ хæссыс уыцы къулбадæг чызгæн æмæ мæнæ йæ хъазæнтæн

дæр? Æз дын сæххæст кæндзынæн дæ курдиат. Æмбисонды цъиу дæн.

**А.** Сырдтæ нæ хъæдмæ нал бауадздзысты, Тути. Бафæрсон хъазæнты.

**Р.** Цы нæ фæрсыс?! Мæ кæрц – тындтытæ, мæ къæдзил дæлæ куыдздоны баззад æмæ дзы къæбыла хъазы! Бахæрдзæнис мæ уайтагъддæр бирæгъ! Мæнæн нæй бынат хъæды!

**А.** Тæрхъус, ды та цы зæгъыс?

**Т.** Æнæхъус куы дæн, стæй мæллæг æмæ æдых! Мæн дæр бирæгъ бахæрдзæн!

**Цъ.** Нæ, мæнæн дæр хъæды нæй бынат. Къалатийæ куы аирвæзин, уæд дæлæ аквариумы чъизи донæй уæддæр бануазин. Кæсаг дзы амард æххормагæй.

**Арс.** Тути, фехъуыстай нын нæ бæллæхтæ?! Ныр байхъус мæ курдиатмæ! Фатъи бон-изæрмæ цæрæд йæхи фæндиаг. Æхсæв-бонмæ та уæд мах хъазæн. Фестын æй кæн маймули! Хъазæн маймули!

**Т.** Хур, дон, зæхх, уæлдæф! Мæй æмæ стъалытæ! Фатъи бон-изæрмæ цæрæд чызгæй! Æхсæв-бонмæ та уæд хъазæн маймули! Сымах фыны фæзмут (подражайте) Фатъийы!

**Дз.** Чызг æцæгдæр гыццыл маймулийы хуызы скъаппы сæрмæ сгæпп кодта.

**Ф.** Æз уæ бырæттæм акалдзынæн! Мæнæн мамæ ног хъазæнтæ балхæндзæн! Æз уæ басудзын кæндзынæн!

**Т.** Фатъи! Махæн нæй басудзæн, иууылдæр фæзмдзыстæм дæу!

**Ф.** Æз маймули нæ дæн. Æз чызг дæн.

**Т.** Фатъийы хъазæнтæ! Разы стут мæ уынаффæимæ?

**Дз.** Разы уыдысты иууылдæр. Æрмæст зæронд уызын батæригъæд кодта чызгæн.

**У.** Фатъи къулбадæг митæ кодта, уымæй раст стут, фæлæ куы нал пырх кæна йæ хъазæнтæ, тæригъæд куы зона цæрæгойтæн, уæд та?

**Т.** Уæд уындзæнис æрмæст хорз фынтæ. Уыдзæнис рæсугъд æмæ зæрдæхæлар чызг. Уарздзысты йæ йæ хъазæнтæ.
**Дз.** Æмбисонды тути атахт гом рудзынгæй. Хъазæнтæ та хъæргæнгæ базгъордтой скъапмæ æмæ лæбурынц гыццыл маймулимæ.
**Арс.** Ныртæккæ мын ссар мæ цæст! Апырх дæ кæндзынæн!..
**Т.** Цы фæцис мæ хъус!?
**Р.** Æрбахæсс мын мæ къæдзил!..
**Дз.** Фатъи фыртæссæй фехъал æмæ кæуы.
**Ф.** Мамæ! Папæ! Баххуыс мын кæнут! Фервæзын мæ кæнут!..
**Фарстатæ:** 1. Махмæ ис ахæм къулбадæг сывæллон?
2. Чи баххуыс кæндзæн Фæтъийæн?
**Работа над текстом.** Показать инсценировку и по ходу рассказывания переводить незнакомые детям слова: *сфыдуаг, нал кастис коммæ* – стала непослушной, балованной; *амæлын* – умереть, *тызмæг хъæлæстæ* – злые голоса.
**В.** На следующем занятии поговорим о том, как помочь Фатъи.
**Работа вне занятия.** Беседа с детьми о том, кто убирает дома их игрушки.

*33-е занятие*

## Тема: «ИГРУШКИ ФАТЪИ» – «ФАТЪИЙЫ ХЪАЗÆНТÆ»

*(Инсценировка сказки)*

**Цели:**

– Продолжить работать над произношением звуков *«ц»* и *«цъ»*.

– Познакомить детей со словами и словосочетаниями: баныхасын, баххуыс кæнын, фестын, удæгас фестын.

– Учить детей монологической речи, отвечая на вопросы по содержанию текста.

**Материал:** предметные картинки 4 домашних птиц: петуха, курицы, гуся, утки; кукла Фатъи.

## Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 29-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 29-е занятие).*
**3. Развтие речи.**
*Повторение пройденного материала.*
**В.** Фатъи плачет. Она попросила чтобы вы помогли ей помириться со своими игрушками. Посоветуйте, что ей сделать. *(Ответы детей.)*
**В.** Зæгъут ын иронау! Байхъусдзæн уæм æмæ нал тæрсдзæн…
**В.** и **Ф.** Нал сæ пырх кæндзынæн.
**В.** Переведите мои слова!
Фатъи попроси прощение у своих игрушек.
Цы загътон чызгæн? Зауыр!
**З.** Фатъи, ракур хатыр дæ хъазæнтæй!
**В.** Зæгъут-ма, иумæ!
**В.** и **Д.** Фатъи ракур хатыр дæ хъазæнтæй.
**Ф.** Бахатыр мын кæнут, мæ хъазæнтæ.
**В.** Фатъи приклей уши зайца.
(Цы загътон куклайæн, Томæ?)
**Т.** Фатъи баныхас тæрхъусы хъустæ.
*По этой схеме поработать над другими словами.*
**В.** и **Ф.** Бузныг, сывæллæттæ! Æз нал пырх кæндзынæн мæ хъазæнтæ, æфснайдзынæн сæ.
**В.** Хъæлдзæгæй хъаздзысты демæ дæ хъазæнтæ фыны.
**Ф.** Бузныг.
**4. Физкультминутка «Шестилетний солдат».**
**5. Развитие речи.**
**В.** Загадываем загадки.
*На столе воспитателя – картинки знакомых птиц вниз изображением.*

**В.** Каждая команда берет две картинки. Капитан показывает их только своей команде. Загадывайте загадки о птицах другой команде.
Рауай, Томæ! Ахæсс дыууæ нывы.
Рауай, Зауыр! Ахæсс дыууæ нывы.
Æрмæг: **Уасæг.** – У маргъ, цæры хæдзары кæрты,
ис ын дыууæ базыры, ис ын дыууæ къахы,
уасы æхсæвæй, бонæй: «Хъу-хъри-хъууу!»
**Карк.** – У маргъ, цæры хæдзары кæрты,
ис ын дыууæ базыры, дыууæ къахы,
æфтауы æйчытæ, уасы: «Къо-къо-къо!»
**Хъаз.** – Цæры хæдзары кæрты, доны ленк кæны,
æфтауы æйчытæ, уасы: «Хъа-хъа-хъа!»
**Халон.** – Нæ атæхы хъарм бæстæмæ,
ахстон аразы бæласыл лыстæг къалиутæй.
Уасы: «Хъуахъ-хъуахъхъ!»

*Капитаны советуются с командой, загадывают и отгадывают всей командой.*

**Работа вне занятия.** Беседа: *«Куыд зилут уæ хъазæнтæм хæдзары?»*

*34-е занятие*

## Тема: «ЗИМА» – «ЗЫМÆГ»

**Цели:**

– Продолжать работу над произношением звука *«тъ»*.

– Познакомить детей со словами и словосочетанием: *цæугæдон, суадон, æруарыд, уад, ком, хъызт бон*.

– Активизировать слова и словосочетания: *уазал, мит, дзоныгъ, дон ныйих, тайын, адджын, хъарм дарæс*.

– Учить на слух воспринимать тексты *«звуковой зарядки»* и *«рифмовки»*.

– Учить отвечать на вопросы: *«Цы у?»*, *«Цы кусынц?», «Цы ис йæ уæлæ?»*

**Материал:** сюжетная картина серии «Зима»; снег, сахар, кукла Бечи.

**Ход занятия**

**1. Звуковая зарядка.**

Нæ кæрты мит
Тъыфылæй уары.
Арвыл йе стъалы
Фатъи нæ ары.

Фатъи ссардта
Йе стъалы.
Ныр та мæйы
Нал ары.

**Работа над текстом.** Прочитать, перевести слова: *тъыфыл* – хлопья снега, *нæ ары* – не находит.

**2. Рифмовка.**

*Петь на мотив «В лесу родилась елочка».*

**Елкæ**

Нæ елкæ райгуырд хъæдрæбын,
Уый хъæдрæбын ысрæзт!
Сæрдæй-зымæгæй иухуызон
Уыдис нæ елкæ ’рмæст.

*Перевод с русского языка*

**3. Повторение пройденного материала.**

*Установить на видном месте сюжетную картину серии «Зима».*

**В.** Сымах зонут афæдзы афонтæ. Хæрз æрæджы фæззæг уыдис æви сæрд? Зауыр!

**З.** Фæззæг.

**В.** Ныр та афæдзы афонтæй кæцы у? Аслан!

**А.** Зымæг.

**В.** Раст у Аслан. Куыд базыдтат, зымæг æрцыдис, уый? Как вы узнали, что пришла зима? Куыд базыдтат, ныр зымæг у, уый? Томæ!

**Т.** Æруарыд мит.

**В.** Æруарыд мит æмæ у уазал. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Æруарыд мит æмæ у уазал.

**В.** Ныр та радзурут, цы уынут ацы нывы?
*(Ответы детей на вопросы по содержанию сюжетной картины: «Цы кусы?», «Цы ис йæ уæлæ?», «Цы кусынц?»).*
**В.** Байхъусут-ма Баситы Мысосты æмдзæвгæмæ, хуыйны «Саби æмæ зымæг».

**Саби æмæ зымæг**

О, зымæг, уадимæ
Тагъддæр æрцу!
Комы уа, ихыл уа –
Махимæ у!..
Зонæм, æрхæсдзынæ
Дард бæстæй хъызт…
Дысон та рудзынгыл
Федтон дæ фыст…

Митын æргъæмттæ нын
Бирæ æрхæсс!
Гъестæй-иу сабиты
Дзоныгътæм кæс!

**Работа над текстом.** Почитать, перевести незнакомые слова: *уад* – буря; *ком* – ущелье; *хъызт* – мороз; *æргъом* – вязанка, сугроб.
Прочитать еще раз и задать вопросы по тексту:
1. Цы куры зымæгæй саби?
2. Цы кусдзæн саби, мит бирæ куы æруара, уæд?
*(Ответы детей.)*
**4. Физкультминутка по желанию детей.**
**5. Знакомство с новым материалом.**
Желательно иметь для показа снег и сахар.
**В.** Ай цы у? *(Показывает снег.)*
**Б.** Уый у сæкæр! Адджын сæкæр!
**В.** Цæмæн афтæ зæгъыс, Бечи?
**Б.** Уæдæ цы у?! Урс-урсид, тæмæнтæ калы! Уый у сæкæр!
**В.** Сымах та куыд хъуыды кæнут? Давид!

**Д.** Уый у мит!
**В.** Чем отличается снег от сахара? Докажите Бечи! Аслан! Дзур иронау.
**А.** Мит у уазал. Сæкæр уазал нæу.
**В.** Раст дæ, фæлæ ма ноджы цæмæй? Это не самое главное отличие. Оксанæ!
**О.** Мит къухы тайы.
**В.** Рауай-ма! Оксанæйæн йæ иу армы ис сæкæр, йæ иннæ армы та – мит. Аслан, сæкæр атадис?
**А.** Нæ атадис! Сæкæр тæвд цайы тагъд атайы.
**В.** Так чем отличается сахар от снега? Зауыр! Дзур Бечийæн.
**З.** Бечи, сæкæр у адджын, армы нæ тайы. Мит та армы дон фесты, стæй у тынг уазал.
**В.** Раст дæ, Зауыр! Дон та æхсæвы уазалы уынджы цы фесты?
**З.** Их.
**В.** Цы фесты дон æхсæвы уазалы? Зæгъæм иумæ: «Дон фесты их».
**Д.** Фесты их. Превращается в лед. Фесты их.
**В.** Бечи, ныр бамбæрстай, мит цы у, уый?
**Б.** Бамбæрстон! Мæн тынг фæнды, миты бæсты сæкæр куы уарид, уый!
**В.** Ма тыхс! Сабитæ митыл бырдзысты сæ дзоныгъты, хъаздзысты дзы! Сæкæр та кæндзыстæм цайыл æмæ кампотыл!
**Работа вне занятия.** Наблюдения за снегом, льдом, сосульками.

*35-е занятие*

## Тема: «ЗИМА» – «ЗЫМÆГ»

**Цели:**

– Продолжать работу над произношением звука *«тъ»*.
– Познакомить детей со словами и словосочетаниями:

*ныссæлын, суазал уæвын, тæнæг (рог), къаба, митын нана.*

– Активизировать слова и словосочетание: *зымæг, уазал, ихыл бырын.*

– Учить на слух воспринимать короткий текст и отвечать на вопросы по его содержанию.

– Учить составлять предложения из 3–5 слов, отвечая на вопросы: *«Цы кусы?», Цы кусынц?».*

**Материал:** сюжетная картина серии «Зима».

## Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 34-е занятие).*

**2. Рифмовка** *(см. 34-е занятие).*

**3. Беседа по сюжетной картине «Зима».**

*Воспитательница на видном месте устанавливает сюжетную картину.*

**В.** Цавæр афæдзы афон уынут ныві?

**Д.** Зымæг.

**В.** Цæмæй бæрæг у?

*(Ответы детей.)*

**В.** Раст стут. Бæлæстыл нæй сыфтæ. Зæххыл ис бирæ мит. Адæм скодтой сæ хъарм дарæс. Сывæллæттæ бырынц дзоныгъæй. У уазал.

Ныр та мын радзурут, чи цы кусы? Æз нывмæ кæсдзынæн æмæ базондзынæн уыцы сывæллоны кæнæ сывæллæтты. Опишите, во что одеты и что они делают. Я должна их узнать из ваших слов. Дзурут иронау.

*(Ответы детей.)*

**В.** Ныр та Сослан радзурдзæн иу сывæллоны тыххæй, æмæ цымæ чызджытæ базониккой уый ныви…

Оля, радзур иу сывæллоны тыххæй, æмæ йæ цымæ лæппутæ ссариккой ныви…

*(Выслушать ответы детей и обобщить их.)*

**4. Физкультминутка по желанию детей.**

**5. Чтение короткого текста.**

## Мæдинæйы кукла

Уыдис уазал зымæгон бон. Уарыд мит. Гыццыл Мæдинæ скодта йæ хъарм дарæс, сæвæрдта дзоныгъы йæ кукла æмæ ацыд уынгмæ. Чызг суанг изæрмæ фæхъазыд, стæй изæры сæхимæ бацыд.

Кукла тæнæг дари къабайы басыд, нал гом кодтой йæ цæстытæ, йæ сæрыл мит урс худау сбадт. Мæдинæ йæ уатмæ куы бахаста, уæд кæсы, æмæ йæ куклайы рустыл æруадысты цæстысыгтæ.

– Нана! Цæмæн кæуы мæ кукла? – батыхстис чызг.

– Чидæр æй дари къабайы ахаста уынгмæ. Ныссалдис уазалы æмæ кæуы, – загъта йын нана.

*Джимиты Кларæ*

**Работа над текстом.** Читать и по ходу переводить незнакомые слова: тæнæг дари къабайы басыд – в тоненьком шелковом платье замерзла; цæстысыг – слеза.

**В.** Замерзла – иронау – ныссалдис. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Ныссалдис.

**В.** Превратилась в лед – иронау – ныйих. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Ныйих.

**Фарстатæ:** 1. Кукла цæмæн куыдта?

2. Цы уыдис куклайыл дарæсæй?

3. Ды куыд бакодтаис?

**6. Переводчики.**

*Если позволяет время занятия, то необходимо перевести текст с осетинского на русский язык. Дети переводят текст по предложениям.*

## Кукла Мадины

Был холодный зимний день. Шел снег. Маленькая Мадина надела теплую одежду, положила свою куклу на сани и пошла на улицу. Девочка играла до самого вечера, а вечером вернулась домой.

В шелковом платье кукла замерзла, не открывались ее глаза, на голове была белая шапка из снега. Мадина занесла ее в комнату и увидела, как по щекам куклы текут слезы.

– Нана, почему плачет моя кукла? – забеспокоилась Мадина.

– Кто-то ее унес на улицу в шелковом платьице. Замерзла она и плачет.

**Вопросы:** 1. Почему кукла плакала?
2. Во что одела Мадина свою куклу?
3. Как бы ты поступил?

**Работа вне занятия**. Перед уходом на прогулку повторить с детьми название (наименование) одежды: *«Цы скодтай дæ уæлæ?»*.

*36-е занятие*

## Тема: «РАЗУЧИВАНИЕ СТИХОТВОРЕНИЯ» – «АХУЫР КÆНÆМ ÆМДЗÆВГÆ»

**Цели:**

– Продолжать работу над произношением звука *«тъ»*.

– Активизировать слова и словосочетания: *мит, быры дзоныгъыл, хъарм дарæс, уазал.*

– Учить на слух воспринимать текст стихотворения.

– Учить составлять предложения из 3–5 слов, отвечая на вопросы: *«Цы кусы?», «Цы кусынц?»*.

**Материал:** сюжетные картины серии «Зима».

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 34-е занятие).*

**2. Рифмовка** *(см. 34-е занятие).*

**3. Повторение пройденного материала.**

*Воспитательница на видном месте устанавливает сюжетные картины.*

**В.** Я буду описывать одежду ребенка, а вы его находите. Ис ыл сырх худ æмæ сырх къурткæ. Кæцы у? Оксанæ!
**О.** и **В.** Сырх худ æмæ сырх къурткæ ис мæнæ ацы чызгыл.
**В.** Раст загъта Оксанæ. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Сырх худ æмæ сырх къурткæ ис мæнæ ацы чызгыл.
**В.** Ис ыл сау хæлаф æмæ сау къурткæ. Кæцы у? Давид! Рауай ардæм.
**Д.** Сау хæлаф æмæ сау къурткæ ис мæнæ ацы лæппуйыл.
**В.** Раст загъта Давид. Зæгъæм иумæ…
*(По этой схеме спросить еще 2–4 детей.)*
**4. Физкультминутка «Шестилетний солдат».**
**5. Развитие диалогической речи.**
*Продолжение работы с сюжетными картинами.*
**В.** Ныр та радзурут, цы кусынц сывæллæттæ нæ нывты. Радзурут, цæмæй, кæй кой кæныс, уый сывæллæттæ бамбарой *(чтобы дети поняли, о ком говорить)*. Давид! Цы кусынц?
**Д.** Чызг дзоныгъы бады. Дыууæ лæппуйы дзоныгъ ласынц…
*(Ответы детей на вопрос: «Кæцы ныв у?»)*
**6. Разучивание стихотворения «Зима».**
*На выбор воспитателя.*

**Заз æмæ сывæллæттæ**

О, цæй рæдау дæ, ды, нæхи Дада, –
Махæн чи ’рхаста уатмæ заз бæлас.
Уыйбæрц циндзинад махæн чи радта!
Мах дæ бауарзтам раст нæ цардыйас!

Мæнæ Ногбоны не ’хсæн арæзтæй
Февзæрд заз бæлас, заз гагатимæ,
Хурау фидауы уый йæ хъазæнтæй,
Уарзы зарджытæм хъусын махимæ.

*Баситы Мысост*

**Зымæг**

Чи сахуырста ссадæй
Хæхтæ æмæ хъæд?
Чи йæ ныппырх кодта
Уæрæх фæзты уæд?
Уый ссад нæ байтыд,
Фæлæ та нæм тагъд,

Фаронау йæ рады
Хъал зымæг æртахт.
Урсзачъе зæронд лæг
Урс бæхæй æрхызт,
Йемæ нын æрхаста
Зымæджы фæлыст.

*Хъайтыхъты Геор*

**Зымæгон изæр**

Тымыгъ тарæй арв æхгæны,
Миттæ здухгæйæ цæуы:
Куы сырдау фыдниуд ныккæны,
Куы сывæллонау кæуы.
Куы нæ зæронд цары сонтау
Хъæмпæй райхъуысы йæ уаст,
Куы æнафоны бæлццонау
Рудзынг бахойы æваст.

*А.С. Пушкин.*
*Плиты Грисы тæлмац*

**Работа вне занятия.** Повторить стихотворение.

*37-е занятие*

**Тема: «ДЕНЬ РОЖДЕНИЯ» – «ГУЫРÆН БОН»**
*(См. 6-е занятие)*

*38-е занятие*

## Тема: «ВСТРЕЧАЕМ НОВЫЙ ГОД» – «ÆМБÆЛÆМ НОГ АЗЫЛ»

**Цели:**

– Продолжать работу над произношением звуков *«хъ»* и *«къ»*.

– Познакомить детей со словами: *сахат, ласын.*

– Активизировать слова и словосочетания: *хъæдындз, бæрæгбон, рагон зарæг, кæсаг, ленк кæны, худ.*

– Учить детей воспринимать на слух текст и движения хоровода «Чепена».

**Материал:** ТСО – мелодия «Чепена»; предметные картинки стола, лука, рыбы и часов.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка.**

Хъæлдзæг мæлдзыг – къæбæлдзыг
Дзыхъхъы ссардта фых нæмыг,
Æрхаста йæ æмæ дзы
Куывд сарæзта нæ мæлдзыг.

*Айларты Чермен*

**3. Рифмовка.**

*Повторить рифмовку (см. 39-е занятие).*

*Воспитательница на видном месте устанавливает предметные картинки рыбы, стола, лука, часов.*

Тагъд уыдзæн стыр бæрæгбон. Утренникмæ уæ бацæттæ кæнын хъæудзæн уыци-уыцитæ. Вам будут загадывать загадки, и вы их загадаете детям другой группы. Сейчас загадаете загадки об этих картинках по-русски и вместе их переведем на осетинский язык. Две загадки загадывают мальчики, две – девочки. Люда! Выбери любимую картинку.

**Л.** Ходят и днем, и ночью.

**В.** Лæппутæ, цы загъта Людæ? Зауыр!

**З.** Æхсæвæй, бонæй цæуы.

**В.** Цы у уый?
**З.** Сахат.
**В.** Тынг хорз дзуапп! Давид, хъусæм дæм!
**Д.** Кто его раздевает, тот слезы проливает.
**В.** Оля! Иронау зæгъ уыци-уыци!
**О.** Йæ дарæс ын чи ласы, уый кæугæ кæны.
**В.** Раст дзуапп, фæлæ цы у?
**О.** Хъæдындз.
**В.** Байхъусут-ма, чиныджы куыд фыст ис, уымæ: «Уырызмæгыл – бирæ хæдæттæ, чи сæ ласы, уый кæуы». Оля дæр раст ратæлмац кодта уыци-уыци. Лæппутæ, хъусæм уæм! Геор!
**Г.** В воде плавает, а на суше погибает.
**В.** Лæппутæ, зæгъут уыци-уыци иронау. Аслан!
**А.** Доны ленк кæны…
**В.** Сурыл та?.. А на суше – иронау – сурыл. Сурыл та?..
**А.** Доны ленк кæны, сурыл та амæлы.
**В.** Цы у? Давид!
Д. Кæсаг.
**В.** Байхъусут-ма ирон уыци-уыцимæ! «Цыппар æфсымæрыл – иу худ». Лæппутæ!
**Д.** Стъол.
*(Загадать загадки по-осетински).*
**В.** Ныр та байхъусут зонгæ уыци-уыцимæ.

Арвæй мæм æртахт гæлæбу,
Уазал, урс-урсид гæлæбу!
М' армыл абадтис гæлæбу,
Уазал, урс-урсид гæлæбу.

Атадис, æрбайсæфт уайтагъд
Уазал, урс-урсид гæлæбу,
Иу цæстысыг мын фæуагъта
М' армыл урс-урсид гæлæбу. *(Мит)*

*Джимиты Кларæ*

**2. Сæрдæй, зымæгæй иухуызон дæрæсы лæууы.** *(Заз)*
**4. Разучивание хоровода «Чепена»** *(см. 6-е занятие).*
**5. Чтение текста.**

### Гида арвмæ куыд атахт

**Дз.** – Дзурæг. **Г.** – Гида. **Хъ.** – Хъаз.

**Дз.** Иу бон та гæдыйы лæппын кæрты астæу хуыссыд, дидинæгæй хъазыд æмæ арвмæ каст.

– Гида, мыстытæ нын нæ хор бахордтой! Тæрсын сæ уæддæр фæкæн! – дзуры йæм нана.

**Г.** Нана, мыстытæ мæ лидзгæ кæнынц! Ныр уыдоны фæстæ дугъ кæнон? – æрбамæсты йæм Гида æмæ загъта: – Æз фæлтау уæлæ арвмæ атæхдзынæн, æхсырысæртæй конд мигътыл хуысдзынæн. Бон мæхи хурмæ тавдзынæн, æхсæв – стъалытæй хъаздзынæн æмæ паддзахы цард кæндзынæн!

**Н.** Мигътæ æхсырысæртæй конд не сты, Гида!

**Г.** Сты, нана! Мæ цæстытæй сæ уынын! – загъта Гида, ацыд æмæ хъазмæ дзуры: – Хъаз, уæ хъаз! Ахæсс мæ арвмæ!

– Ратт мын хор æмæ дон. Бахæрдзынæн сæ æмæ уæд атæхдзынæн арвмæ, – загъта йын хъаз.

**Дз.** Гида радта хъазæн хор æмæ дон. Хъаз хор бахордта, банызта дон, æмæ атахтысты гæдыйы лæппынимæ мигътæм. Гида бадт хъазы ’ккойы.

Фæкуыси сты фыццаг мигъты, уæдæ цы уыдаид! Асдæрдта Гида мигъ æмæ, донæй куы разынд, уæд загъта хъазæн:

**Г.** Тæхгæ æндæр мигъмæ.

**Дз.** Уым та ихы лыстæг дуртæ зилдухтæ кодтой æмæ Гидайы сæр хойын байдыдтой.

**Г.** Æллæх! Марынц мæ ихтæ! Тагъд иннæ мигъмæ тæхгæ! – ныхъхъæр кодта Гида.

**Дз.** Иннæ мигъы дæр æхсырысæртæ нæ разынд. Миты гæлæбутæ уайтагъд аныхæстысты Гидайыл, æмæ

дзы урс-урсид къуыбылой рауад. Нал дзурынæн уыдис, нал йæ цæстытæ байгом кæнынæн.

Хъаз æй фæстæмæ сæ кæртмæ æрхаста. Атылд цъæх кæрдæгыл миты къуыбылой, тайын байдыдта, æмæ дзы ракаст Гида.

**Г.** Нана, басыдтæн! Тагъд, фервæзын мæ кæн! Мяу! – лыстæг хъæлæсæй уасыд Гида.

**Н.** Ма тæрс, мæ къона! Адзæбæх дæ кæндзынæн! – дзуры йæм нана.

*Джимиты Кларæ*

**Работа над текстом.** Прочитать, перевести непонятные слова: *мигъ* – облако, *их* – град, *къуыбылой* – клубок (ниток).
**Фарста:** Мигътæ æхсырысæртæй сты?
**Работа вне занятия.** Повторить стихотворения.

*39-е занятие*

## Тема: «ВСТРЕЧАЕМ НОВЫЙ ГОД» – «ÆМБÆЛÆМ НОГ АЗЫЛ»

**Цели:**

– Продолжать работу над произношением звуков *«хъ»* и *«къ»*.

– Активизировать слова и словосочетания: *мæсыг, уыци-уыцитæ.*

– Учить детей воспринимать на слух стихотворение и воспроизводить его в точной последовательности.

– Учить детей воспринимать на слух небольшой текст и отвечать на вопросы по его содержанию.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 38-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 38-е занятие).*
**3. Повторение пройденного материала.**

*Воспитатель с детьми повторяют слова и движения хоровода «Чепена», затем по-осетински загадывает им загадки, но уже без картинок.*

**4. Разучивание стихотворного текста.**

**Нæуæгбонты зарæг**

Хæдзаронтæ, хæдзаронтæ!
Фæцæуынц уæм дæрдбæлццонтæ…
Æддæмæ-ма сæм ракæсут!
Уæ мæсыгмæ сæ бакæнут!

Хæдзаронтæ, хæдзаронтæ!
Фæцæуынц уæм нæуæг бонтæ.
Уæ алы аз дæр хорзæй уынат!
Уæ фидæнмæ фæрныгдæр уат!

*Хетæгкаты Къоста*

**Работа над текстом.** Прочитать, перевести непонятные слова: *фæрныгдæр* – благополучней; *мæсыг* – башня, бахонут – пригласите; *фидæн* – будущее.
*Разучивание наизусть.*
**5. Физкультминутка по желанию детей.**
**6. Чтение текста.**

**Гида скъоламæ куыд ацыд**
*(настольный театр)*

**Дз.** – Дзурæг. **Г.** – Гида. **А.** – Ахуыргæнæг.

**Дз.** Гидайы бафæндыд скъоламæ ацæуын. Нана йын балхæдта чингуытæ, уæдæ цы уыдаид, æмæ гæдыйы лæппын ацыд скъоламæ.

Фыццаг бон сывæллæттæ фыстой дзырд «м а м æ». Гида та бадтис æмæ йæ къæдзилæй хъазыдис.

– Гида, цæуылнæ фыссыс? – бафарста йæ ахуыргæнæг.

**Г.** Мамæ кæмæн ис, уыдон фыссæнт! Мæнæ «нана» куы фыссæм, уæд æз дæр мæ тетрад сисдзынæн, – дзуапп ын радта гæдыйы лæппын.

**Дз.** Иннæ бон та хынцгæ кодтой.

**А.** Тæбæгъы уыдис æртæ катлеты. Дыууæ чызджы дзы фæйнæ иуы бахордтой. Цал катлеты ма баззад тæбæгъы? – бафарста ахуыргæнæг.

**Дз.** Гида йæ былтæ асдæрдта æмæ йæ къух сдардта:

**А.** Зæгъ-ма, Гида, цал катлеты ма баззад тæбæгъы?

**Г.** Иу катлет дæр дзы нал баззад! – дзуапп радта Гида.

**А.** Уый раст дзуапп нæу!

**Г.** Раст дзуапп у! Мæнмæ гæсгæ, æрмæст чызджытæ нæ уарзынц катлеттæ! Æз дзы нымады цæуылнæ дæн?! Æртыккаг катлет та æз бахæрдзынæн æмæ дзы иу дæр нал баззайдзæн! – хъæр кодта Гида.

**А.** Гида, мах хынцын ахуыр кæнæм!

**Г.** Кæм сты уыцы катлеттæ? – асдæрдта та йæ былтæ Гида. – Æви нæ сайгæ кæныс?

**А.** Дзырдæн загътон! Хынцын ахуыр уæ кæнын!

**Г.** Хынцын нымæцтæй хъæуы! Катлеттæ та хæрынæн сты! – загъта ма Гида æмæ сæхимæ ацыд.

*Джимиты Кларæ*

**Фарстатæ:** 1. Цал уыдысты катлеттæ?
2. Цал уыдысты чызджытæ?
3. Куыд загъта ахуыргæнæгæн Гида?

**Работа над текстом.** Прочитать, перевести непонятные слова: *бафæндыд* – захотел, *ахуыргæнæг* – учительница, *йæ былтæ асдæрдта* – облизнулся, *мах хынцын ахуыр кæнæм* – мы учимся считать.

Второй текст – на выбор воспитателя.

### Хур, хъызт зымæг æмæ дымгæ

*(Цыбыргондæй)*

Фæндагыл фæцæйцыд зæронд лæг. Кæсы æмæ йæ размæ комкоммæ æрбацæуынц æртæ лæджы. Зæронд лæг æрлæууыд фæндаджы астæу, æртæ лæгæн йæ сæрæй

ныллæг æркуывта, стæй ма ноджыдæр иу хатт акуывта æмæ дарддæр йæ цыды куыст кæны.

Уыцы æртæ лæджы та уыдысты Уазал, Хур æмæ Дымгæ.

Æртæйæ дæр хъаугъа кæнын райдыдтой – уæдæ зæронд лæг уæлдай куывд йæ сæрæй кæмæн акодтаид, зæгъгæ.

Бирæ фæзагъд кодтой, стæй сфæнд кодтой зæрондæн йæхи бафæрсын. Баййæфтой йæ æмæ йæм дзурынц:

– Байхъус-ма, æрдхорд, нæ загъд нын раиртас, зæгъ, уæлдай куывд дæ сæрæй кæмæн акодтай?

Æмæ зæронд лæг дзуры:

– Дымгæйæн! Æндæр кæмæн?

Дымгæ йæхицæй ныббуц ис.

– Цæй, цы, – худы Дымгæ, – чи амбылдта?

Дымгæ хъæлдзæгæй йæ рихитыл фу кæны.

– Хорз фæуæд, – загъта Хур, – æз дæ зæронд лæджы ракау сырх афыцдзынæн, басудздзынæн, æмæ мæ уæд дæ зæрдыл дардзынæ.

– Ницы йын бакæндзынæ, – дзуры йæм Дымгæ. – Æз ыл куы бафутæ кæнон, уæд уайтагъд ауазал уыдзæн.

– Æз та йæ тæдзынæгау асæлын кæндзынæн дæ зæронды, – дзуры Уазал.

– Ма йæ тæрсын кæн, – дзуры Дымгæ, – æз куынæ дымон, уæд уазал уазал нæу, афтид дæхи хъаруйæ ницы бакæндзынæ. Алчидæр æй зоны, уазалæй тас нæу æнæ дымгæйæ. Гъе уымæн мын уæлдай кад ис мæнæн. Зæронд лæг, æвæццæгæн, зондджын у, фæлæ сымахæн уый зын бамбарæн у!

*Уырыссаг адæмон аргъау*

**Работа над текстом. Прочитать.** По ходу чтения перевести непонятные детям слова: *сæрæй æркуывта* – поклонился, *хъаугъа кæнын – спорить, баййæфтой – догнали, бафутæ кæнын* – подуть.

Прочитать повторно, но без перевода.
**Вопрос:** *«Цы уыд тыхджындæр?»*
**Работа вне занятия.** Повторить стихотворные тексты.

*40-е занятие*

## Тема: «ЛЕПИМ ФИГУРКИ ИЗ ТЕСТА» – «КÆНÆМ БАСЫЛТÆ»

**Цели:**

– Познакомить детей с традициями встречи Нового года.

**Материал:** тесто; по спичке на каждого ребенка. ТСО – музыка «Чепена».

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 38-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 38-е занятие).*
**3. Повторение пройденного материала.**
*Воспитатель повторяет с детьми стихотворение К. Хетагурова «Нæуæгбоны зæрæг».*
**4. Знакомство с новой темой.**
**В.** В старину тоже колядовали, ходили в первый день Нового года из дома в дом, громко распевая «Хæдзаронтæ». Детям дарили фрукты, сладости и *басылтæ. Басылтæ* – это фигурки животных и людей, вылепленных из теста и испеченные в печи.
Вы сегодня будете лепить басылтæ, чтобы в день утренника угостить всех детей детского сада.
*Воспитатель раздает кусочки теста и спички. В старину дзуакатæ готовили из пресного теста. Сейчас желательно делать их из сдобного теста.*
**В.** Ис скæнæн кукла, къæбыла, тæрхъус! Кæй цы фæнды, уый! Спичкæтæй та йыл бакусут бæлвырддæр: сныв ын кæнут цæстытæ, куклайы къабайыл та – дидинджытæ.

*Воспитатель включает музыку. Под тихую музыку дети лепят фигурки из теста и кладут их на противни, которые повара уносят на пищеблок.*
**В.** Бузныг, сывæллæттæ! Бæрæгбоны басылтæ балæвар кæндзыстæм рæвдауæндоны сывæллæттæн.
**5. Повторение движений и текста хоровода «Чепена».**
**Работа вне занятия.** Повторить с детьми стихотворения и загадки.

*41-е занятие*

## Тема: «ВСТРЕЧАЕМ НОВЫЙ ГОД» – «ÆМБÆЛÆМ НОГ АЗЫЛ»

**Цели:**

– Учить детей выразительно читать стихи.

– Учить исполнять национальные фольклорные произведения.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 38-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 38-е занятие).*
**3. Повторение пройденного материала.**
*«Нæуæгбоны зарæг» и стихотворение, разученное к утреннику.*
**4. Повторение национальных игр по выбору детей.**
**5. Повторение (или знакомство) с фольклорным произведением «Кæхцы зарæг»** *(см 6-е занятие).*
**Работа над текстом.** Разучить наизусть припев и движения.
**Работа вне занятия.** Повторить стихотворения, тексты *«Чепена»* и *«Кæхцы зарæг».*

## ПРИМЕРНЫЙ СЦЕНАРИЙ НОВОГОДНЕГО УТРЕННИКА

*(Из опыта работы)*

**Цели:**

– Познакомить детей с традициями встречи Нового года у осетин.

– Использовать произведения устного народного творчества, национальные игры, творчество современных поэтов, музыку и танцы.

### Ход развлечения

*В музыкальном зале сидят дети – «хозяева» со второй ведущей воспитательницей. За дверью поют «Хæдзаронтæ». Æфсин (вторая воспитательница) идет и приглашает «гостей» в дом.*

**1. Хæдзаронтæ.**

**Гости.** Хæдзаронтæ, хæдзаронтæ!
Фæцæуынц уæм нæуæг бонтæ!
Ног хæрзтæ уын, ног гуырдтæ!
Махæн та – дзаджджын гуылтæ!
*Или* **«Нæуæгбонты зарæг»** *(см. 39-е занятие).*

**Æфсин.** Мидæмæ, уазджытæ! Æгас нæм цæут æмæ уыл хъæлдзæг бонтæ кæнæд!

**Уазæг.** Фарн уæ хæдзары! Амæндтæ уын æрхæссæд Ног аз! Махæн та – лæвæрттæ!

**Æфсин.** Уыдзæн уын лæвæрттæ. Бахъæлдзæг уал нæ кæнут!

**Уазæг.** Чепена! *(См. 38-е занятие.)*

*(Музыкæ.)*

**Фысым.** Кафынмæ рæвдз стут! Фæлæ уыци-уыцитæ зонут?

**Уазæг.** Зонæм! Томæ!

**Томæ.** Сæрдæй, зымæгæй лæууы иухуызон дарæсы! Базонут-ма йæ!
**Фысым.** Уый æз мæхæдæг дæн. Сæрдæй, зымæгæй мæнæ ацы къаба дарын. Раст загътон?
**Томæ.** Нæ, уый раст дзуапп нæу. Уый бæлас у!
**Фысым.** Сывæллæттæ! Цавæр бæласы кой кæны чызг?
*(Ответы детей на загадки гостей и ответы гостей на загадки хозяев.)*
**2. Ирон адæмон хъæзтытæй иу кæнæ дыууæ.**
**3. Зæрæг «Митын Дада æмæ заз».**

*Моргуаты Юрийы музыкæ*

**Митын Дада æмæ заз**

Митын Дада, Митын Дада!
Цу нæм алы бон æгас!
Митын Дада, рахæсс демæ
Сывæллæттæн заз балæс.

Заз бæласыл – гагадыргътæ,
Хуртæ, стъалытæ ’мæ мæй.
Заз бæласыл – хъазæн мæргътæ,
Хъазæнт къалиуыл фæрнæй.

Митын Дада, Митын Дада!
Цу нæм алы бон æгас!
Иры бæстæн алы хатт дæр
Амонддджын куыд уа сæ аз!

*Габысаты Замирæ*

*(Или другая песня на осетинском языке).*
**Уазæг.** Азарыдыстæм, ахъазыдыстæм, ныр та байхъусæм аргъаумæ.
*(Показать небольшую инсценировку силами детей.)*
**Фысым.** Дæ сывæллæттæ æмдзæвгæтæ дзурын зонынц?
**Уазæг.** Зонынц! Андрей!..
**Фысым.** Мах дæр зонæм æмдзæвгæ!..

*(Рассказывают стихотворения.)*

**Фысым.** Ныр та бакæсут, нæ лæппутæ куыд кафынц, уымæ!

*Музыкæ.*

*Лæппуты кафт!*

**Уазæг.** Махæн та кафынц нæ чызджытæ!

*Музыкæ.*

*Тауыче!*

**Уазæг!** Кафæм иуыылдæр! Бæрæгбон кафгæ æмæ заргæйæ æрвыстой кæддæрриддæр нæ адæм! Фысымтæ!

*Сначала танцуют дети – хозяева, если они готовы или желают потанцевать. Затем танцует подготовительная к школе группа – «гости».*

*«Гости» танцуют «Симд» и «Зилгæ». По традиции один из гостей после танца падает на пол: заболел, требует подарков.*

**Фысым.** Æллæх! Цы ’рцыд лæппуйыл?!

**Уазæг.** Рахæссут æртæ чъиригйы, скувын ын хъæуы, æмæ адзæбæх уа сывæллон!

**Фысым.** Уыдзæн уын чъиритæ! Уыдзæн уын лæвæрттæ дæр! Сыстæд лæппу!

**Уазæг.** Нæй уый гæнæн! Рахæссут нын, цы æмбæлы уыдæттæ!

*(Выносят пироги, компот или квас в чаше.)*

**Фысым.** Уæ цæрæнбон бирæ!..

*(Кувы, фæдзæхсы сабиты Хуыцауыл, куры сын Ног азы ног хæрзтæ, уары сывæллæттæн дзуакатæ).*

*Уазæг æмæ сывæллæттæ «Кæхцы зарæг» кæнынц æмæ сабыргай залæй ацæуынц.*

*Сценарийыл бакуыста 96-æм*
*рæвдауæндоны педагог Дзодзыккаты Р.М.*

*43-е занятие*

## Тема: «МОЙ ПРАЗДНИК» – «МÆ БÆРÆГБОН»

**Цели:**

– Продолжать работу над произношением звуков *«хъ»* и *«гъ»*.

– Познакомить детей со словосочетанием: *«Цæуыл бацин кодтай?»*

– Учить детей воспринимать на слух тексты *«рифмовки»* и *«звуковой зарядки»*.

– Учить связной речи, отвечая на вопросы: *«Цæуыл бацин кодтай?», «Чи дын æй балæвар кодта?», «Цы куыстай бæрæгбонты?».*

**Материал:** кукла Бечи.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка.**

**Тагъддзуринаг**

| | |
|---|---|
| Дымгæ хъазы<br>Хъазы сисæй.<br>Раскъæфта йæ<br>Дурын сисæй. | У тæригъæд<br>Хъазы сис:<br>Тагъддæр-ма йæ<br>Зæххæй сис. |

*Чеджемты Геор*

**Работа над текстом.** Перевести незнакомые слова: *сис* – перо; каменная ограда; *тæригъæд* – жалеть.

**2. Рифмовка.**

**Хъызт бон**

Бирæгъау дымгæ нынниуы,
Кæмтты ныккæны къуыззитт.
Бæлæсты цæнгтæ ниууигъы,
Рудзгуытæм бакалы мит.

*Плиты Харитон*

**3. Знакомство с новой темой.**
*Появляется Бечи.*
**Б.** Ӕз кодтон «Хæдзаронтæ»!
**В.** Мах дæр нæ бæрæгбоны «Хæдзаронтæ» зарыдыстæм.
**Б.** Ӕз уыдтæн хъæуы. Зарыдыстæм раздæр «Хæдзаронтæ», стæй та куырдтам цыдæртæ! Бирæ цыдæртæ!
**В.** Уæд цытæ?
**Б.** Ӕз зардзынæн! Сывæллæттæ мын æххуыс кæнæнт!
**Б.** Ракæсут-ма сабитæм!
**Д.** Ой, уæрæйдæ, сабитæм.
**Б.** Рахæссут дзаг сасиртæ!
**Д.** Ой, уæрæйдæ, сасиртæ!
**Б.** Хурмæ хусгонд тутатæ!
**Д.** Ой, уæрæйдæ – тутатæ.
**Б.** Уымæй хуыздæр – тумантæ!
**Д.** Ой, уæрæйдæ – тумантæ.
**В.** Цæуыл цин кæныс, Бечи? Чему радуешься?
**Б.** Куыд цæуыл? Мæ лæвæрттыл! Нана мын торт скодта! Стыр торт! Ничи бахордта бæрæгбоны ахæм адджын торт!
**В.** Гуыбындзæл æмæ хиппæлой Бечи! Сбад æмæ байхъусæм сывæллæттæм. Уыдонæн дæр Митын Дада æрхаста лæвæрттæ.
**В.** Обрадоваться – иронау – цин кæнын. Цавæр лæвæрттыл бацин кодтат сымах та? Зауыр!
**З. Ӕз тынг бацин кодтон чиныгыл.**
**В.** Чи дын балæвæр кодта чиныг?
**З.** Мамæ.
**В.** Цæуыл бацин кодтай? Томæ!
**Т.** Ӕз тынг бацин кодтон стыр куклайыл.
**В.** Чи дын æй балæвæр кодта?
**Т.** Мæ нана.
*(По этой схеме спросить еще 2–4 детей.)*

**4. Физкультминутка. Использовать текст и движения хоровода «Чепена» или «Кæхцы зарæг».**

**5. Развитие связной речи.**

**В.** А теперь расскажите, как отдохнули в праздничные дни. Цы куыстат бæрæгбонты? Æз уыдтæн театры мæ чызгимæ. Хъазыдыстæм кæрты сывæллæттимæ, кастыстæм мультфильмтæм. Иу бон та ацыдыстæм хъæумæ нæ нанамæ. Цы куыстай ды та бæрæгбонты? Алинæ!

**А.** Æз хъазыдтæн нæ кæрты сывæллæттимæ.

**В.** Алинæ хъазыд кæрты сывæллæттимæ. Оксанæ, ды та?

**О.** Мæн мамæ аласта Фыййагдонмæ.

**В.** Чи цæры Фыййагдоны?

**О.** Мæ нана, стæй мæ фыды æфсымæр Сергей. Мах хъазыдыстæм шахмæттæй.

*(По этой схеме спросить еще 3–4 детей.)*

**В.** Бечи, фехъуыстай, нæ сæвæллæттæ куыд арвыстой сæ бæрæгбæттæ, уый?

**Б.** Фехъуыстон! Ныр цомут æмæ быраæм дзоныгътыл!

**Работа вне занятия.** Наблюдения в природе. Покормить птиц.

*44-е занятие*

## Тема: «АСЛАНБЕК» – «АСЛÆНБЕГ»

*(Радзырд)*

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звуков *«хъ»* и *«гъ»*.

– Учить детей воспринимать на слух небольшой рассказ и отвечать на вопросы по его содержанию.

– Учить детей делать умозаключения по содержанию рассказа, определять хорошие и плохие поступки.

– Активизировать слова: *уæлибæх, физонæг.*

## Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 43-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 43-е занятие).*
**3. Повторить пройденный материал.**

**В.** Æрæджы уыдис стыр бæрæгбон. Тынг адджын хæринæгтæ скодтой алы хæдзары. Цы уыдис уæ бæрæгбон стъолыл?

*(Ответы детей.)*

**В.** Цал чъирийы æрæвæрдта нана стъолыл? Пирог – иронау – чъири. Зауыр!

**З.** Æртæ чъирийы.

**В.** Раст дæ. Адæм бæрæгбонмæ скæнынц æртæ чъирийы. Цы ма уыдис стъолыл?

*(Ответы детей.)*

**4. Физкультминутка по желанию детей.**
**5. Чтение текста.**

### Аслæнбег

**Дз.** – Дзурæг. **А.** – Аслæнбег. **Н.** – Нана.

**Дз.** Гыццыл Аслæнбег тынг бирæ уарзта йæ къæбыла Бобæйы. Фæлæ иубон лæппу асаста зынаргъ вазæ, фæтарст, нана йæ куы фæнæма уымæй, æмæ загъта:

А. Вазæ æз нæ асастон! Вазæ Бобæ асаста!

**Н.** Бобæ стъолмæ сбырыдаид? – сгуырысхо нана.

**А.** Сбырыд раздæр бандонмæ, уырдыгæй та – стъолмæ...

– Уæд тынг фыдуаг у æмæ йын нæ хæдзары дарæн нал ис, – загъта нана, æмæ, къæбылайы кæмæй æрбахаста, уыдонæн æй фæстæмæ радта.

Аслæнбег суанг изæрмæ æнкъардæй фæбадт, нал каст нанайы цæстытæм дæр фырæфсæрмæй, стæй бахуыссыны размæ скуыдта æмæ загъта:

**А.** Нана, вазæ æз мæхæдæг асастон.

**Н.** Æз уый зонын,– дзуапп ын радта фыды мад.

**А.** Бобæ дын загъта? – афарста йæ лæппу.

**Н.** Нæ, Аслæнбег, Бобæ дæуыл гадзрахатæй нæ рацыд. Æрмæст загъта, нал, дам, цæрын тæппуд æмæ сайæгой лæппуимæ.

**А.** Нана, æрбакæн-ма Бобæйы фæстæмæ, – скуыдта Аслæнбег.

– Мæнæй нæ алыгъд, Аслæнбег. Дæхæдæг æм ацу.

*Джимиты Кларæ*

**Фарстатæ:** 1. Цы асаста Аслæнбег?

2. Кæй аххос æй фæкодта?

3. Куыд балымæн уа Бобæимæ?

**Работа над текстом.** Читать и переводить незнакомые слова и словосочетания: *асаста* – разбил, *стъолмæ сбырыдаид* – мог залезть на стол, *хæдзары дарæн нал ис* – нельзя оставлять в доме, *сайæгой* – врун.

*Прочитать второй раз и задать вопросы.*

**Работа вне занятия.** Беседа с детьми: «Как мы помогаем птицам зимой?». На прогулке накормить птиц и закрепить их названия: *бæлон, сырддонцъиу, гæркъæраг (сорока), халон.*

*45-е занятие*

## Тема: «ЕДА И ПИТЬЕ» – «ХÆРИНАГ ÆМÆ НУАЗИНАГ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звуков *«хъ»* и *«гъ»*.

– Познакомить детей со словами: *уæлибæх, цыхтджын, картофджын, цæхæраджын, бæгæны, къуымæл.*

– Активизировать слова: *бæрæгбон, хыссæ, кувын.*

– Учить детей отвечать на вопрос: *«Цæимæ?»*.

## Ход занятия

**1. Звуковая зарядка.**

**Нанайы хъазтæ.**

**В.** Хъазтæ, хъазтæ!
**Д.** Хъа-хъа-хъа! *Кивают головками.*
**В.** Хъазтæ, хъазтæ! Зæгъут-ма!
Хор уæ хъæуы?
**Д.** Хъа-хъа-хъа! *Кивают головками.*
Зæгъдзыстæм! Зæгъдзыстæм!
**В.** Хъазтæ, хъазтæ! Зæгъут-ма!
Дон уæ хъæуы?
**Д.** Хъа-хъа-хъа! *Кивают головками.*
Зæгъдзыстæм! Зæгъдзыстæм!
**В.** Хъазтæ, хъазтæ!
Нæ уæ æмбарын.
**Д.** Хъа-хъа-хъа! *Кричат громко, возмущаются.*
Хор нын ратт!
Хъа-хъа-хъа! *Машут крыльями, топают ножками.*
Дон нын ратт!
**В.** Бамбæрстон уæ!
Дæттын уын хор!
Дæттын уын дон!
**Д.** Хъа-хъа-хъа! *Радуются, машут крыльями.*
Хъа-хъа-хъа!

**2. Рифмовка.**

**Дымгæ**

Дымгæ бæласыл нæ зайы,
Дымгæ не 'мбæхсы нæ цъайы.
Бæрзонд хæхты митæй хъазы,
Фæзы бæхы дзыкку фасы.

*Джимиты Кларæ*

**3. Повторение пройденного материала.**

**В.** Радзурут-ма, цавæр хæринæгтæ кæнынц рæвдауæндоны хæринаггæнджытæ?
*(Ответы детей.)*
**В.** Раст стут. Нæ хæринаггæнджытæ нын фыцынц борщ æмæ хъæрмхуыпп, лывзæ æмæ кас, кæнынц нын гуылтæ æмæ лауызтæ.

**4. Физкультминутка по выбору детей.**

**5. Знакомство с новым материалом.**

**В.** С давних времен и до сегодняшнего дня осетины пекут пироги. Пирог – иронау – чъири. Зæгъæм уимæ.
**В.** и **Д.** Чъири. Чъиритæ.
**В.** Сымах сæ зонут. Рæвдауæндоны арæх кæнынц чъиритæ. Цæимæ вæййынц чъиритæ? Томæ!
**Т.** Картофимæ.
**В.** Раст дæ! Цæимæ ма вæййынц чъиритæ? Оксанæ!
**О.** Къабускаимæ.
*(Ответы детей на вопрос: «Цæимæ?»)*
**В.** А теперь я скажу одно слово, а вы скажите это иначе.
Кабуска – къабускаджын, картоф – картофджын.
К концу слова прибавляем – *джын*. Цыхт − цыхтджын.

| | |
|---|---|
| **В.** Чъири кæртофимæ. | **Д.** Картофджын. |
| Чъири къабускаимæ. | Къабускаджын. |
| Чъири цыхтимæ. | Цыхтджын. |
| Чъири насимæ. | Насджын. |

**В.** Нуазгæ та кæнынц бæгæны. Пиво – иронау – бæгæны. Квас – иронау – къуымæл.
**В.** и **Д.** Нуазгæ та кæнынц бæгæны æмæ къуымæл.

**6. Чтение текста.**

## Бæрæгбоны уæлибæхтæ

Хъæуы цæрджытæ бæрæгбоны кодтой уæлибæхтæ. Нана дæр скодта хыссæ.

– Нана, цæимæ кæныс уæлибæхтæ? – бафарста йæ гыццыл Алан.

– Кувынæн скæндзынæн æртæ уæлибæхы цыхтимæ, – дзуапп ын радта фыды мад.

– Æз уарзын картофджын, – загъта сывæллон.

– Скæндзынæн дын картофджын, – худы нана.

– Мама та уарзы къабускаджын, – дзуры Алан.

– Скæндзынæн иу къабускаджын дæ мадæн.

– Нана, дæхæдæг та цæимæ уарзыс чъири? – фæрсы йæ Алан.

– Æз уарзын цæхæраджын, мæ къона. Абон бæрæгбон у æмæ нæ бинонтæн скæндзынæн бирæ чъиритæ. Ис нæм бæгæны æмæ сæ скувдзыстæм.

– Стæй физонджытæ?

– Физонджытæ скæндзæн дæ фыд.

*Джимиты Кларæ*

**Работа над текстом.** Прочитать, перевести непонятные слова: *хыссæ* – тесто; *бæгæны* – пиво; *физонæг* – шашлык. Прочитать еще раз.

**Фарстатæ:** 1. Цæимæ скодта нана уæлибæхтæ кувынæн?

2. Цæимæ скодта чъири нана Аланæн?

*(Аланы мадæн, нана йæхицæн.)*

**Работа вне занятия.** Закрепить названия национальных блюд.

*46-е занятие*

## Тема: «ЕДА И ПИТЬЕ» – «ХÆРИНАГ ÆМÆ НУАЗИНАГ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звуков *«хъ»* и *«гъ»*.

– Познакомить детей со словами: *физонæг, куывд (пир).*

– Активизировать слова: *цыхтджын, къабускаджын, картофджын, фыдджын.*

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цæимæ?», «Цы скæнынц?».*

**Материал:** предметные картинки: сыра, мяса, картофеля, капусты и свеклы; серии «Еда», «Питье».

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 45-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 45-е занятие).*
**3. Повторение пройденного материала.**
*Воспитатель на видном месте устанавливает предметные картинки: картофеля, капусты, свеклы и сыра.*
**В.** Зæгъут-ма, цæимæ кæнынц картофджын?
**Д.** Картофимæ.
**В.** Цæимæ кæнынц цыхтджын?
**Д.** Цыхтимæ.
*(Ответы на вопрос «Цæимæ?»).*
**В.** Цал уæлибæхы скæны нана бæрæгбон кувынæн? Оксанæ!
**О.** Æртæ уæлибæхы.
**В.** Нана кувынæн скæны æртæ уæлибæхы. Чи сæ скувы, нана æви дада? Давид!
**Д.** Дада!
**В.** Цы скæнынц картофимæ? *(Показывает картинку.)* Картофджын?
**Д.** Картофджын.
**В.** Цы скæнынц цыхтæй?
*(Ответы детей на вопрос: «Цы скæнынц?»)*
*Дзырдтæ: къабускаимæ, цыхтимæ, цæхæраимæ.*
**4. Физкультминутка по выбору детей.**
**5. Игра-диалог «Цепочка».**
У детей – предметные картинки серии «Еда» и «Питье».
**В.** Хъазт райдайдзæн Людæ. Æркæс дæ нывмæ æмæ дзурæм иумæ.
**В.** и **Л.** Мæнмæ ис æхсыр. Оксанæ, цы ис дæумæ та?

**О.** Мæнмæ ис сæкæр. Оля, цы ис дæумæ та?
*(Диалогом охватить всех девочек.)*
**6. Физкультминутка «Зарядка».**
**В.** Лæппутæй хъазт рæйдайдзæнис Андрей.
**А.** Мæнмæ ис цыхт. Аслан, дæумæ та?
**А.** Мæнмæ ис æхсыр. Геор, дæумæ та?
*(Диалогом охватить всех мальчиков.)*
**7. Развитие речи.**
У воспитателя – кукла Бечи.
**Б.** Дæ сывæллæттæ, мисын цы у, уый зонынц?
**В.** Сывæллæттæ дæуæн фæзæгъынц, цы нæ фæзонис, уыдæттæ?
**Б.** Æмæ æз цы нæ зонын? Æз алцыдæр зонын!
**В.** Нæ зыдтай, цы сты халсартæ, сæкæр схуыдтай мит! Зæгъ-ма, цы у мисын, æмæ йæ базоной нæ сывæллæттæ.
**Б.** Уырыссагау?
**В.** Уырыссагау!
**Б.** Æз уый нæ зонын. Цы у, цымæ?
**В.** Кефир – иронау – мисын. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Мисын.
**В.** Цæмæй кæнынц мисын?
**Д.** Æхсырæй.
**В.** Цы кæны æхсыр?
**Д.** Хъуг.
**В.** Бечи, куыд у уырыссагау мисын?
**Б.** Кефир!
**В.** Ныр сывæллæттæ базыдтой, мисын цы у, уый. Бузныг, Бечи.
**Работа вне занятия.** Закрепление наименований национальных блюд.

*47-е занятие*

## Тема: «ПТИЦЫ НАШЕГО КРАЯ» – «НÆ БÆСТÆЙЫ МÆРГЪТÆ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звуков *«хъ»* и *«гъ»*.

– Активизировать слова и словосочетания: *уасæг, карк, бабыз, бабызы цъиутæ, хæдзарон мæргътæ, гогыз.*

– Учить детей воспринимать на слух небольшой текст.

– Учить детей диалогической речи, используя выражение: *«Нæ кæрты цæры…».*

– Учить детей составлять предложения с однородными членами, отвечая на вопрос: *«Адон цы сты?».*

**Материал:** сюжетные и предметные картинки из серии *«Домашние птицы».*

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 45-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 45-е занятие).*
**3. Повторение пройденного материала.**
*Воспитатель устанавливает на видном месте сюжетные картины серии «Домашние птицы».*
**В.** Радзурут-ма, цы цæры мæргътæй хæдзары кæрты?
*(Ответы детей.)*
**В.** Раст зæгъут. Кæрты цæрынц кæрчытæ, хъазтæ, бабызтæ æмæ гогызтæ. Мæнæ адон цы сты? *(Показывает на картину.)* Давид!
**Д.** Уасæг, карк æмæ карчы цъиутæ.
**В.** Давид раст загъта, фæлæ ма куыд зæгъæн ис адонæй? Зауыр!
**З.** Уыдон сты уасæг, карк…

**В.** … æмæ сæ…
**З.** …. цъиутæ.
**В.** Тынг хорз радзырдтай, Зауыр! Иу хатт-ма зæгъ, адон цы сты?..
*(Ответы детей на вопрос: «Адон цы сты?»).*
**В.** А это – утки с утятами. Иронау – бабызтæ æмæ бабызы цъиутæ.
**В.** и **Д.** Бабыз æмæ бабызы цъиутæ.
**В.** Бапп-бапп-бапп! – фæзары бабыз.
Бабызтæ дæр доны ленк кæнынц. Куыд уасынц бабызтæ?
**Д.** Бапп-бапп-бапп.
**В.** Мæнæ гогыз. Зæгъæм иумæ: «Гогыз» ...
*(Ответы детей на вопрос: «Цы цæры кæрты?»)*
**4. Физкультминутка «Зарядка на снегу».**
**В.** Иу уазал бон сывæллæттæ цыдысты экскурсийы æмæ æнхъæлмæ кастысты трамваймæ. Тынг суазал сты. Хъомылгæнæг сын загъта:
– Гæппытæ кæнæм æмæ ма суазал уæм. Нымайут иронау.

| | |
|---|---|
| **В.** Уæ иу къахæй! | **В.** и **Д.** 1, 2, 3, 4, 5! |
| Иннæ къахæй! | 6, 7, 8, 9, 10! |
| Дыууæ къахæй! | 1, 2, 3, 4, 5! |
| Æмдзæгъд кæнут! | 6, 7, 8, 9, 10! |
| Дыууæ къахæй! | 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 10! |

*(Повторять 1–3 раза, но не более 2-х минут.)*
**5. Игра-диалог «Цепочка».**
*У детей – предметные картинки домашних птиц.*
**В.** и **Д.** Мæ кæрты цæры уасæг. Геор, дæ кæрты та?
**Г.** Мæ кæрты цæры бабыз. Аслан, дæ кæрты та?
*(Диалогом охватить всех мальчиков.)*
**Физкультминутку повторить.**
**Продолжение игры.**
**В.** Ныр та зылды æрлæууут сымах, чызджытæ. Хъазт райдайдзæн Алинæ! Æвдисут уæ нывтæ.

**А.** Мæ кæрты цæры гогыз. Дзерæ, дæ кæрты та?
**Дз.** Мæ кæрты цæры карчы цъиу. Оля, дæ кæрты та?
*(Диалогом охватить всех детей.)*
**Работа вне занятия.** Беседа с детьми: «*Чи уæ федта карк (уасæг), æндæр мæргътæ? Кæм сæ федтат?*» Повторить физкультминутку.

*48-е занятие*

## Тема: «ДЕНЬ РОЖДЕНИЯ» – «ГУЫРÆН БОН»

*(См. 6-е занятие)*

*49-е занятие*

## Тема: «ЧТО ИЗ ЧЕГО СДЕЛАНО?» – «ЦÆМÆЙ КОНД СТЫ?»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звуков *«хъ»* и *«гъ»*.

– Познакомить детей со словами: *хъуымац, хъæд*.

– Активизировать слова: *æфсæйнаг, фарфор, резинæ, авг, гæххæтт*.

– Учить детей монологической речи, отвечая на вопросы: *«Цæмæй?», «Цы нæй?»*.

**Материал:** предметные картинки коровы, гуся, собаки, петуха, кошки и курицы; знакомые предметы из дерева, ткани, резины, бумаги, стекла и железа.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 45-е занятие).*
**2. Рифмовка.**

**Ам гал хызти**

Ам гал хызти.
Ам дæлæмæ ратылди.
Ай йæ аргæвста.

Уый йæ бастыгъта.
Уый йæ сфыхта.
Уый йæ байуæрста.
Амæн хай нæ фæци æмæ
Хъаст кодта,
Хъыллист кодта,
Хъаст кодта,
Хъыллист кодта.
Уæлæ цары –
Цæхджын мыст.
Хъыдзы-хъыдзы-хъыдзы!

*Ирон адæмон сфæлдыстадæй*

**Работа над текстом.** Прочитать, перевести непонятные слова: *хъаст кодта* – жаловался; *хъыллист кодта* – визжал; *гал* – бык (бычок). Показывать на пальцах.

**В.** Эту потешку говорили маленькому ребенку и загибали его пальцы. Вот так!

Тут пасся бычок.
Он скатился вниз!
Этот его зарезал, *Загибали большой палец.*
Этот его сварил. *Загибали указательный палец.*
Этот его людям раздал! *Загибали средний палец.*
А этому ничего не досталось. *Загибали безымянный палец.*
Жаловался, визжал! *Показывает мизинец.*
Жаловался, визжал!

– Смотри! На потолке мышка!
И щекотали малыша.

**В.** Ныр та дзурæм иронау æмæ æвдисæм иумæ! Загибайте пальцы. В конце щекотайте друг друга.

Повторить осетинский вариант текста.

**3. Повторение пройденного материала.**

*Воспитатель на видном месте устанавливает предмет-*

*ные картинки парами: коровы и гуся, собаки и петуха, кошки и курицы.*
**В.** Радзурут-ма, цы ис хъугæн, фæлæ нæй хъазæн? Дзерæ!
**Дз.** Хъугæн ис сыкъатæ. Хъазæн та сыкъатæ нæй.
**В.** Раст дæ, Дзерæ! Молодец! Цы ма ис хъугæн, фæлæ нæй хъазæн? Алинæ!
**А.** Хъугæн ис даргъ къæдзил. Хъазæн та нæй даргъ къæдзил.
**В.** Раст дæ! Цы ис хъазæн, фæлæ нæй хъугæн? Давид!
**Д.** Хъазæн ис базыртæ. Хъугæн та базыртæ нæй.
**В.** Сергей!
**С.** Хъазæн ис систæ!
**В.** Перья – иронау – систæ. Хъугæн систæ ис?
**С.** Нæй.
*(По этой схеме поработать над другим материалом: куыдз æмæ уасæг, гæды æмæ карк.)*
**4. Физкультминутка «Зарядка на снегу».**
**5. Знакомство с новым материалом.**
*Воспитатель на видном месте устанавливает предметы, пошитые из ткани и изготовленные из дерева.*
**В.** Цæмæй конд у ацы уидыг?.. Ацы уидыг та?..
**Д.** Æфсæйнагæй. Хъæдæй.
**В.** Раст стут. Хъæдын уидыг æмæ æфсæйнаг уидыг. Мæнæ ацы дзауматæ та сты хъуымацæй хуыд. Ткань – иронау – хъуымац.
**В.** и **Д.** Хъуымац.
**В.** Хъуымæцтæ вæййынц алыхуызæттæ. Мæнæ тынг бæзджын хъуымац *(показать драп)*. Цытæ сты ацы хъуымацæй хуыд? Майкætæ æви палтотæ?
**Д.** Палтотæ.
**В.** Ацы хъуымац та у тæнæг. Цытæ сты ацы хъуымацæй хуыд? Къурткæтæ æмæ хæлæфтæ æви къабатæ?
**Д.** Къабатæ.
*(Ответы детей на вопрос: «Цæмæй конд у?»)*

Дзырдтæ: *хъæдæй, резинæйæ, хъуымацæй, гæххæттæй, авгæй.*
**Работа вне занятия.** Закрепить лексику темы.

*50-е занятие*

## Тема: «ЧТО ИЗ ЧЕГО СДЕЛАНО?» – «ЦЫ ЦÆМÆЙ КОНД У?»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звуков *«хъ»* и *«гъ»*.

– Активизировать слова и словосочетание: *æфсæйнаг, хъæд (хъæдын), фарфор, авг, гæххæтт, резинæ, пластмассæ, конд у, хъуымац.*

– Учить детей воспринимать сведения по теме и отвечать на вопрос: *«Цæмæй?»*.

**Материал:** предметы из железа, фарфора, стекла, бумаги, резины, пластмассы и ткани; картинки предметов быта: вилка, нож, ложка, веник, лопата.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 45-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 49-е занятие).*
**3. Повторение пройденного материала.**
*Воспитательница устанавливает на видном месте картинки – предметы быта, одежду.*
**В.** Æз уæм дæтдзынæн фарстатæ, сымах иумæ дæттут дзуапп.
Обратите внимание на окончание вопроса: *«Цæмæй?»*, такое же окончание должно быть и у вашего ответа. *«Цæмæй ныммæрзон пъол?» Цæмæй?Цъылынæй?*
**В.** и **Д.** Цъылынæй.
**В.** Цæмæй бахæрон борщ? Кардæй?
**Д.** Уидыгæй.

**В.** Цæмæй алыг кæнон дзул? Уидыгæй?
**Д.** Кардæй.
**В.** Цæмæй бахæрон катлет? Цæмæй?
**Д.** Вилкæйæ.
**В.** Цæмæй скъахон хуым? Цæмæй скъахон картæфтæ?
**Д.** Белæй.
**В.** Молодцы!
*(По такой схеме поработать над словами: кисточкæ, къландас, рыгцъирæн (пылесос).*
**В.** Ныр та мын зæгъут, цæмæн нæ хъæуы кард? Сослан!
**С.** Кард нæ хъæуы лыг кæнынæн.
**В.** Цæмæн нæ хъæуы вилкæ?
*(Ответы детей на вопрос: «Цæмæн?» )*
**Дзырдтæ:** *цъылын, уидыг, бел.*
**4. Физкультминутка «Зарядка на снегу».**
**5. Развитие речи.**
*Учить детей определять материал, из которого сделаны предметы.*
**В.** Каждый предмет делают из какого-то материала. Из чего делают книги и альбомы?
**Д.** Из бумаги.
**В.** Правильно. Но почему не из стекла или пластмассы?
**Д.** Стекло будет разбиваться.
*(Ответы детей.)*
**В.** Раст стут. Чингуытæ кæнынц гæххæттæй. Гæххætt у рог, фæлмæн æмæ тæнæг, чашкæтæ кæнынц фарфорæй, рудзгуытæ – авгæй.
**В.** Железо – иронау – æфсæйнаг! Уый зонут. Ссар нæ уаты æфсæйнагæй конд предмет кæнæ хъазæн! Аслан!
**А.** Гыццыл шариктæ.
**В.** Цæмæй конд сты шариктæ? Равдис сæ сывæллæттæм.
**В.** и **А.** Шариктæ конд сты æфсæйнагæй!
**В.** Цæмæй конд сты шариктæ? Зауыр!

**З.** Шариктæ конд сты æфсæйнагæй!
*(По этой схеме поработать над словами: фарфор, хъуымац, гæххæтт, резинæ.)*

**6. Развитие речи.**

*На столе воспитательницы – чашка из фарфора, стакан из стекла, мяч, пирамида из пластмассы, альбом и книга из бумаги, одежда.*

**В.** Къаба хъуымацæй у æви гæххæттæй?

**Д.** Хъуымацæй.

**В.** Почему не шьют вещи из бумаги? Цæуыннæ хуыйынц дзаумæттæ гæххæттæй?
*(Выслушать ответы детей на русском языке. Дети переводят предложения на осетинский язык.)*

**В.** Раст зæгъут. Гæххæтт скъуынгæ кæны, хъуымац та у фидар æмæ дзы хуыйынц бирæ дзаумæттæ. Бирæ предметтæ кæнынц хъæдæй дæр. Цы ис нæ уаты хъæдæй конд? Давид!

**Д.** Хъæдæй конд сты стъолтæ æмæ бандæттæ.

**В.** Цæмæй конд у ацы агуывзæ? *(Показывает.)*

**Д.** Авгæй.

**В.** Цæмæй конд у агуывзæ? Оксанæ!

**О.** Агуывзæ конд у авгæй.

**В.** Цæмæй конд у пурти?

**Д.** Резинæйæ.

**В.** Цæмæй конд у альбом?

**Д.** Гæххæттæй.
*(Индивидуальные ответы детей на вопросы: «Цы кæнынц хъуымацæй?», «Цы кæнынц хъæдæй?»).*

**7. Чтение текста.**

**Фыдуаг Ох-ох æмæ Хъусой**

**Дз.** – Дзурæг. **А.** – Аслан.
**О.** – Ох-ох. **Н.** – Нана.
**Хъ.** – Хъусой.

**Дз.** Гыццыл Аслан горæтæй хъæумæ ацыд. Йæ фыды мад æй райсомæй раджы райхъал кодта.

**Н.** Аслан, æз базармæ цæуын. Куы сыстай, уæд Ох-охæн йе стыр æфсæйнаг тас уазал донæй байдзаг кæн. Хъусойы къусы дæр ныккæн дон.

**А.** Хорз, нана, – дзуапп радта лæппу.

**Дз.** Уыдис сæрдыгон тæвд бон. Аслан сихормæ фæхуыссыд, стæй сыстад, бахордта æмæ банызта уазал къуымæл.

**А.** Хорз у къуымæл! Ох-ох æмæ дзы Хъусойæн дæр ратдзынæн доны бæсты.

**Дз.** Загъта Аслан, райста скъаппæй ног чашкæтæ, байдзаг сæ кодта къуымæлæй æмæ ацыд кæртмæ.

**А.** Ох-ох, гъа, къуымæл бануаз. Уазалгæнæнæй йæ райстон.

**Дз.** Хъыбыл йæ бырынкъ чашкæйы фæцавта. Къуымæл акалд, чашкæ та сæтгæ акодта. Смæсты йæм лæппу.

**А.** Цæмæн асастай ног чашкæ?

**Дз.** Ох-ох-ох! Ох-ох-ох! – кæуы хъыбыл. – Мæлын дойныйæ.

**А.** Ты наказан!

**Дз.** Уырыссагау ын загъта Аслан, ацыд æмæ Хъусойæн дæр йæ цуры æрæвæрдта къуымæл. Тæрхъус дæр нæ зыдта чашкæйæ нуазын. Къуымæл акалд зæхмæ, чашкæ асаст.

**А.** Ты тоже наказан! Тынг сфыдуаг стут Ох-охимæ.

**Хъ.** Оф-оф-оф! Оф-оф-оф! – кæуы тæрхъус. – Мæлын дойныйæ.

**Дз.** Уæдмæ нана базарæй æрбаздæхт. Ныккодта æфсæйнаг тасы уазал дон. Ох-ох дзы ныббырыд, нуазы дон æмæ цин кæны. Бацин кодта къусы донцыл Хъусой дæр.

**А.** Нана, æз сын къуымæл куы рахастон сыгъдæг ног

чашкæты! Уыдон асастой чашкæтæ! Нæ сæ бафхæрдтай?! Сфыдуаг сты!

**Н.** Мæ къона, Ох-ох дон уарзы æфсæйнаг тасæй нуазын, Хъусой – йæ къусæй. Уый ды нæ зыдтай. Цом мидæмæ æмæ мæнæн æркæн уазал къуымæл чашкæйы.

**А.** Чашкæтæ асастой Ох-ох æмæ Хъусой! Æфхæрыс мæ? И? – скуыдта Алан.

**Н.** Абон никæйы æфхæрын, мæ къона. Бамбар сæ ды дæр æмæ бауарздзынæ кæрты цæрæгойты. Ох-ох уарзы тасы доны хуыссын, бырынкъæй зæхх фæйлауын. Хъусой та бирæ уарзы халсартæ, фæлæ тæвд бон дæр тасы доны нæ ныббырдзæн. Хъусой дон бануаздзæн йæ къусæй.

*Джимиты Кларæ*

**Работа над текстом.** Читать показывать и переводить непонятные слова: *æфсæйнаг тас* – железное корыто, *къус* – миска, *къуымæл* – квас, д*оны бæсты* – вместо воды, *мæлы дойныйæ* – умирает от жажды.

**Фарстатæ:** 1. Цæм ныккодта Аслан къуымæл?
2. Цæм ныккодта нана дон Ох-охæн?
3. Цæм ныккодта нана дон Хъусойæн?

**Работа вне занятия.** Закрепить лексику темы. Беседы с детьми *(Цæмæй у дæ хæдон?..., Цæмæй у уидыг?..)*

*51−52-е занятия*

## Тема: «НАША АРМИЯ» – «НЕ ’ФСАД»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звуков *«хъ»* и *«гъ»*.

– Познакомить детей со словами: *æфсад, æфсæддон, хæст, зонгæ.*

– Активизировать слова: *хæстæг, сыхаг, хъæбатыр, службæ.*

– Учить детей на слух воспринимать текст стихотворения *«Цины æфсад»*.

– Учить детей отвечать на вопрос: *«Кæй зонут?»*.

– Учить детей воспринимать на слух вопросительное предложение и отвечать повествовательным предложением.

**Материал:** предметные картинки военной техники и иных транспорных средств. ТСО – героическая песня.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 45-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 49-е занятие).*
**3. Знакомство с новым материалом.**
**В.** Вы знаете, что скоро будем отмечать День защитников Отечества. Армия – иронау – æфсад. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Æфсад.
**В.** Военнослужащий, военный – иронау – æфсæддон.
**В.** и **Д.** Æфсæддон.
**В.** Война – иронау – хæст. Давно была война и наша армия в ней победила. Защитила Родину от врагов. И сейчас служат в армии юноши, чтобы в случае необходимости защитить нас. Радзурут-ма, уæ зонгæтæй *(из ваших знакомых)* кæнæ хæстæджытæй исчи службæ кæны æфсады?
*(Ответы детей.)*
**В.** Æфсæддон хъуамæ хъæбатыр уа æви тæппуд?..
Сымахæй чи кæндзæн службæ æфсады?..
*(Ответы детей.)*
**4. Физкультминутка «Шестилетний солдат».**
**5. Знакомство с новым материалом.**
*Воспитатель устанавливает на видном месте военную технику и гражданские транспортные средства в картинках.*
**В.** Кæцытæ сты хæстон транспорт (техникæ)? Кæцытæ сты граждайнаг транспорты нывтæ?
*(Ответы детей.)*

**6. Развитие речи.**

**В.** Вы знакомы с этими транспортными средствами. Зæгъут-ма, цы тæхы уæлæрвты. По небу – иронау – уæлæрвты. Зæгъæм иумæ: «Уæлæрвты тæхынц…»

**В. и Д.** Уæлæрвты тæхынц…

**В.** Цы тæхы уæлæрвты? Алинæ!

**А.** Уæлæрвты тæхы хæдтæхæг.

**В.** Цы ма тæхы уæлæрвты? Андрей!

**А.** Вертолет.

**В.** Цы ма тæхы уæлæрвты? Цъиутæ?

**Д.** Цъиутæ.

**В.** Ранымайут-ма цъиуты …

*(Ответы детей: цæргæстæ, халæттæ, зæрватыччытæ…)*

**В.** Ацы транспортæй цы цæуы зæххыл? Аслан!

**А.** Танк.

**В.** Цы ма цæуы зæххыл? Зауыр!

**З.** Машинæтæ æмæ трамвай.

*(Ответы детей на вопрос: «Цы цæуы зæххыл?»)*

**В.** Цы цæуы доны та? Денджызы æмæ стыр цæугæдоны?

*(Ответы детей.)*

**В.** А теперь я задаю вопросы, а вы отвечаете на них.

**В.** Машинæ тæхы уæлæрвты?

**В. и Д.** Машинæ нæ тæхы уæлæрвты.

**В.** Хæдтæхæг тæхы уæлæрвты?

**Д.** Хæдтæхæг тæхы уæлæрвты.

**В.** Нау цæуы зæххыл?

**Д.** Нау нæ цæуы зæххыл.

**В.** Танк цæуы зæххыл?

**Д.** Танк цæуы зæххыл.

**В.** Не ’фсæддонтæ разындысты тынг хъæбатыр, хæсты рæстæг асырдтой знæгты. Фервæзын кодтой бирæ адæмы. Байхъусут-ма, куыд фыссы не ’фсады тыххæй поэт Баситы Мысост.

**Цины æфсад**

Дзыллæты амондæн
Карз тохы чи райгуырд,
Чи хæссы адæмтæн
Цин æмæ фарн, –
Уый у
Нæ уарзон,
Нæ уарзон
Æфсад!

Саби йæ ныййарæг
Буц мады хъæбысы
Абон кæй ныфсæй у
Хъæлдзæг, æдас, –
Уый у
Нæ уарзон,
Нæ уарзон
Æфсад!

Дуне фæллойгæнæг
Цардбæллон дзыллæтæн
Тохы, рæстаг тохы,
Чи у сæ ныфс, –
Уый у
Нæ уарзон,
Нæ уарзон
Æфсад!

**Работа над текстом.** Прочитать, перевести непонятные слова: *фарн* – мир; *ныфс* – надежда; *рæстаг* – справедливый. Прочитать еще раз и с детьми повторять: *«Уый у нæ уарзон, нæ уарзон æфсад»*.

**7. Слушание героической песни.**

**В.** Адæм сæ хъæбатыртыл зарджытæ кæнынц. Сыстут æмæ байхъусæм иу ахæм зарæгмæ лæугæйæ.

*(Один куплет.)*

**Работа вне занятия.** Беседа *(«Кæй зоныс æфсæддонтæй?»)*. Прочитать стихотворение В. Царукаева.

**Алан**

Иу мæ сыхаг лæппу ’фсадæй
Отпусчы ызнон ыссыд.
Цин ыл кодтой, æмæ адæм
Ацарæзтой уымæн куывд.

Бæлццон хабæрттæ лæмбынæг
Кодта уым: кæм уыд, цы ран.
Уалынмæ дын æм – бæгуылæг –
Бацыд йе ’фсымæр Алан.

– Демæ акæн мæн дæр «хæстмæ»,
Шпион ахсын мæ фæнды.
– Акæндзынæн дæ, æрмæст ма
Иучысыл айрæз ды.

* * *

– Стæй куыд ацæуис мæнимæ?
Ды æфсæддон рæвдз нæ дæ.
– Топп – хъæдæй, мæ къæбыс Тимæ –
Уыдон та цы сты уæдæ?

Ды – цырыхъхъыйас дæхæдæг,
Къаннæг дæ нырма, лæппын,
Уæдæ иунæгæй мæхæдæг
Шпион ахсынмæ цæуын.

*53-е занятие*

## Тема: «НАША МАМА» – «НÆ МАД»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звуков *«хъ»* и *«гъ»*.

– Познакомить детей со словами и ласковыми словосочетаниями: *мæ хур, мæ къона, мæ бындур; денджыз, моряк, танкист*.

– Учить детей диалогу.

– Учить детей на слух воспринимать текст стихотворения *«Мæ мад»*.

**Материал:** военная техника в картинках.

## Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 45-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 49-е занятие).*
**3. Повторение пройденного материала.**
*Чтение стихотворения «Цины æфсад» М. Басиева или «Алан» В. Царукаева.*
**4. Повторение пройденного материала.**
**В.** Поговорим о службе в армии.
Море – иронау – денджыз. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Денджыз.
**В.** Чи службæ кæны денджызы?
**Д.** Моряки.
**В.** Моряктæ. Зæгъут иумæ.
**В.** и **Д.** Денджызы службæ кæнынц моряктæ.
**В.** Чи службæ кæны авиацийы?..
Чи службæ кæны космосы?..
Чи бады танчы?
*(Ответы детей: тæхджытæ, космонавттæ, танкист...)*
**В.** Ды чи уыдзынæ не 'фсады? Тæхæг, танкист, моряк?
*(Ответы детей.)*
**В.** Очень много видов войск в нашей армии. И все они защищают нашу страну.
Чи бады хæдтæхæджы?
Кæй транспорт у ракетæ та?
*(Ответы детей).*
**5. Знакомство с новым материалом.**
**В.** Вспомните, пожалуйста, какие ласковые слова говорят вам мамы и бабушки? Хотите, я расскажу, какие ласковые слова я услышала от своих старших?
**Д.** Да!
**В.** Повторяйте за мной! Мæ хур, мæ бындур, мæ зæрдæ, мæ дуне, мæ къона…
**В.** Ныр та сымах зæгъут, куыд уæ хонынц уæ нанатæ?

*(Ответы детей. Повторить их в конце со всеми детьми хором.)*

**6. Игра-диалог «Цепочка».**

*Зылды лæууынц чызджытæ.*

**В.** Хъазт райдайдзынæн æз. Мæ мад у Хъараты Асиат. Оксанæ, чи у дæ мад?

**О.** Мæ мад у Кæсæбиты Зоя. Оля, чи у дæ мад?

*(Диалогом охватить всех девочек.)*

**7. Физкультминутка «Шестилетний солдат».**

*Зылды лæууынц лæппутæ.*

**В.** Хъазт райдай ды, Зауыр!

**В.** Мæ мад у Хъæцмæзты Эммæ. Андрей, дæ мад чи у?

**А.** Мæ мад у Степаненко Верæ. Аслан, дæ мад чи у?

**А.** Мæ мад у Дзусаты Риммæ. Давид, дæ мад чи у?

*(Диалогом охватить всех мальчиков.)*

**8. Разучивание стихотворения.**

*(По усмотрению воспитателя)*

**Мæ мад**

Уарзæм, уарзæм дæу, нæ мад,
Хъазуат куыстæй дæ фæллад.
Ды уæддæр рæстæг ыссарыс
Æмæ мах фæлмæн рæвдауыс.

Русыл ку ’авæрыс дæ арм –
Уæнгты ахъары йæ хъарм!
Худгæ дæ куы фенæм дардæй,
Уæд цы буц вæййæм нæ цардæй.

*Габысаты-Гусаты Замирæ*

**Нанаимæ ныхас**

Фыдуаг мæ ма хон,
Æз хорз лæггаг дæн.
Куынæуал зарон,
Куынæуал кафон,
Æз хорз лæггаг дæн.
Бæрзонд къардиуæй
Æз доны малмæ
Куынæ атæхон,

Стъолы фарсмæ
Æнцад куы сбадон,
Уæд-иу æй базон,
Кæй ницы лæг дæн.
Фыдуаг мæ ма хон,
Нæ дугъон бæхыл
Къуыбыртæ-фæзтыл
Куынæ æрзилон,
Уæд-иу æй базон,
Кæй ницы лæг дæн.

*Джимиты Кларæ*

**Работа над текстом.** Прочитать, перевести непонятные детям слова: *къардиу* – обрыв, *бæрзонд* – высокий. Разучивать наизусть.

**Работа вне занятия.** Повторить с детьми стихотворение к празднику.

*54-е занятие*

## Тема: «ПРАЗДНИК НАШИХ МАМ» – «НÆ МАДÆЛТЫ БÆРÆГБОН»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«чъ»*.

– Прививать любовь к родителям.

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цы кусы?», «Цы лæвар кæныс?»*.

– Учить детей интонационной выразительности речи при декламировании стихов.

**Материал.** Игрушки животных и людей по количеству детей, ТСО – осетинская музыка *«Хонгæ»* и *«Зилгæ»*.

### Ход занятия

**1. Рифмовка «Мæ хуртæ».**

**В.** Горæты сæрмæ нын хъæдуры гага, гъей!

**Д.** Ох, æмæ, хъæдуры гага, гъей! *Поют и хлопают в ладоши.*

**В.** Мæнæн мæ нана − мæ удыгага, гъей!

**Д.** Ох, æмæ, мæ удыгага, гъей! *Поют и хлопают.*

**В.** Терчы былыл, дам, уирагдуртæ, гъей!

**Д.** Ох, ӕмӕ, уирагдуртӕ, гъей!        *Поют и хлопают.*
**В.** Мӕ ныййарджытӕ – мӕ хуры хуртӕ, гъей!
**Д.** Ох, ӕмӕ, мӕ хуры хуртӕ, гъей!  *Поют и хлопают.*

**2. Повторение стихотворения, разученного к утреннику.**

**В.** Дзурут рӕсугъд. Ласковым голосом. Тагъд нӕ утренникмӕ ӕрбацӕуздзысты уӕ нанатӕ ӕмӕ мамӕтӕ ӕмӕ сымахӕй исчи ӕмдзӕвгӕ сылгоймӕгтӕн радзурдзӕн. Иннӕтӕ та ӕмдзӕвгӕ радзурдзысты сӕ нанатӕ ӕмӕ мамӕтӕн сӕхимӕ. Тынг бацин кӕндзысты уӕ хистӕртӕ ахӕм лӕварыл. Чи радзурдзӕн ӕмдзӕвгӕ?..

**3. Знакомство с новым материалом.**

**В.** Расскажите, где и кем работают ваши мамы и бабушки. Ӕз уын радзурон мӕ мады тыххӕй?

**Д.** О!

**В.** Мӕ мад у пенсиисӕг. Куыста дохтырӕй. Ныр та райсомӕй хӕринаг скӕны, акӕны скъоламӕ мӕ чызджы, ацӕуы базармӕ ӕмӕ балхӕны хӕринӕгтӕ, сцӕттӕ кӕны ӕхсӕвӕр. Тынг бафӕллайы мамӕ. Мах ын бӕрӕгбоны балӕвар кӕндзыстӕм дидинджытӕ. Мӕ чызг ын балӕвар кӕндзӕн ноджыдӕр ӕмдзӕвгӕ.

**Фарстатӕ:** 1. Кӕм кусы дӕ мад та?
2. Цы фӕкусы дӕ нана?

Цы йын балӕвар кӕндзынӕ? Ӕмдзӕвгӕ…
*(Ответы 2–4 детей.)*

**4. Игра: «Кто быстрее оденется?»**

Игра детям знакома: одевают юбку и косынку.

**5. Дидактическая игра «Уложим малышей спать».**

У детей – игрушки.

**В.** Я пою, а вы качаете «малышей» и подпеваете им тихими, ласковыми голосами, как это делают ваши мамы и бабушки.

**В.** Ӕруадз дӕ сӕр мӕ фӕлмӕн армыл.

**Д.** Аа-аа-аа-а.

**В.** Афынæй у, ало-лай!
**Д.** Аа-аа-аа-а.
**В.** Стъалы ссыгъди бæрзонд арвыл.
**Д.** Аа-аа-аа-а.
**В.** Хъæды бафынæй домбай.
**Д.** Аа-аа-аа-а.
*Дети укладывают игрушек спать.*
*(Второй куплет – на выбор воспитателя.)*

**А-ло-лай**

Æруадз дæ сæр мæ фæлмæн армыл,
Афынæй у, а-ло-лай.
Стъалы ссыгъдис бæрзонд арвыл,
Хъæды бафынæй домбай.

Комы дзуæрттæ, арвы зæдтæ,
Кувдзынæн уæм, не Скæнæг.
Бахъахъхъæнут мады зæрдæ,
Хъæбулы цин – царддæттæг.

Дымгæ, дымгæ! Ауз авдæн,
Барæвдау мæ бæлоны.
Бон-иу хурæн, æхсæв – мæйæн
Афæдзæхс мæ бæлццоны.

Саби мады зардæй рæзы,
Мадæн у йæ хуры тын.
Мадæн у йæ цæугæ мæсыг,
Фидæны та – дзадджын фынг.

*Джимиты Кларæ*

**Работа над текстом.** Прочитать, перевести незнакомые слова: фæлмæн *арм* – мягкая ладонь, *домбай* – лев, *авдæн* – колыбель, *бæлццон* – путник, *мæсыг* – башня.

**6. Игра «Эхо».**

**В.** Повторите за мной громко, тише и тихо:
– Чъыр, чъиу, чъири, чъизи, чъынды.

**Работа вне занятия.** Повторить стихотворные тексты к утреннику.

*55-е занятие*

## Тема: «ДЕНЬ РОЖДЕНИЯ» – «ГУЫРÆН БОН»

(См. 6-е занятие)

*56-е занятие*

## Тема: «ПТИЦЫ НАШЕГО КРАЯ» – «НÆ БÆСТÆЙЫ МÆРГЪТÆ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«чъ»*.

– Познакомить детей со словом сауцъиу.

– Активизировать слова и словосочетания: *сырддонцъиу, бæлон, зæрватыкк, халон, ахстон, хъарм бæстæ, нæ атæхынц.*

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цытæ атæхынц хъарм бæстæмæ?», «Цытæ нæ атæхынц хъарм бæстæмæ?».*

– Учить воспринимать на слух небольшое произведение и отвечать на вопросы по его содержанию.

**Материал:** предметные картинки из серии «Домашние птицы» и «Птицы перелетные и зимующие».

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка.**

Чъиритæ нæ кæны бæлон,
Чъиритæ нæ кæны халон.
Чъиритæ нана ыскæны,
Чъиритæ дада ыскувы,
Стыр Хуыцауæй амонд куры.

*Джимиты Кларæ*

**2. Рифмовка.**

**Зæрватыкк**

Сау зæрватыкк, зæгъ æргом,
Ды куыд ыссарыс нæ ком?
Чи дæ сахуыр кодта зарын?
Рухс цъæх арвыл афтæ хъазын?

*Габысаты Замирæт*

**3. Знакомство с новым материалом.**

*Воспитательница устанавливает на видном месте картину со скворечником и скворцом, рядом – картины других знакомых детям птиц.*

**В.** Цъиутæй иутæ атæхынц хъарм бæстæмæ. Иннæтæ зымæг баззайынц нæхимæ. Нæ горæты æмæ хъæуты сæ фенут. Адонæй цытæ нæ атæхынц хъарм бæстæмæ? Цытæ уыдтат зымæджы нæ бæлæстыл æмæ кæрты? Цытæ нæ атæхынц хъарм бæстæмæ? Геор!

**Г.** Халон нæ атæхы.

**В.** Раст дæ. Цытæ ма нæ атæхынц хъарм бæстæмæ? Алинæ!

**А.** Хъарм бæстæмæ нæ атæхынц бæлæттæ.

**В.** Тынг хорз дзуапп радтай. Хъарм бæстæмæ нæ атæхынц бæлæттæ. Давид! Цы ма нæ атæхы хъарм бæстæмæ?

**Д.** Сырддонцъиутæ нæ атæхынц хъарм бæстæмæ.

**В.** Чи зæгъдзæнис, цытæ нæ атæхы хъарм бæстæмæ? Томæ, ранымай сæ!

**Т.** Нæ атæхынц сырддонцъиутæ æмæ бæлæттæ.

**В.** Оксанæ!

**О.** Гæркъæрæгтæ æмæ халæттæ.

**В.** Дзурæм иумæ.

**В.** и **Д.** Хъарм бæстæмæ нæ атæхынц бæлæттæ, сырддонцъиутæ, халæттæ æмæ гæркъæрæгтæ. Сороки – гæркъæрæгтæ. *(Показывает на них.)*

**В.** Осенью, когда наступают холода, улетают в теплые края ласточки и скворцы. Скворец – иронау – сауцъиу. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Сауцъиу. Скворец. Сауцъиу. Мæнæ йæ бынат цæттæ. Тагъд фæхъарм уыдзæни рæстæг æмæ æрбаздæхдзысты нæ цъиутæ. Цытæ æрбатæхдзысты хъарм бæстæйæ? Зауыр!
**З.** Зæрватыччытæ.
**В.** Цытæ ма? Аслан! Сауцъиутæ?
**А.** Сауцъиутæ. Æрбатæхдзысты сауцъиутæ æмæ зæрватыччытæ.
*(Ответы детей на вопросы: «Цъиутæй цытæ атæхы?», «Цытæ нæ атæхы хъарм бæстæмæ?»)*
**4. Чтение текста.**

**Сауцъиу**

Нæ сауцъиу, нæ уарзон,
Æгас нæм æрцу!
Æрбакæс, дæ ахстон
Хæдзарау рæвдз у.

Æртæх нæм, æрцæр дзы,
Нæ уалдзæджы хай.
Уадз немæ дзæбæхæй
Ды сæрды цæрай.

*Баситы Мысост*

**5. Физкультминуткæ «Мæ дзибатæ».**
**В.** Халоны цъиутæ фыццаг хатт ратахтысты сæ ахстонæй. Федтой нанайы кæрты хор æмæ дон. Æрбадтысты. Дзуры сæм халон.

**Х.** Мæ дзибатæ
Мæ къонатæ!
Батавут уæхи хурмæ!
**Л.** Тавæм нæхи хурмæ!
Тавæм нæхи хурмæ! — *Тянут руки вверх.*
**Х.** Мæ къонатæ!
Сбадут!
Рауидзут хор!
**Л.** Бадæм, бадæм!
Уидзæм хор! — *Присели, «клюют» зерна.*
**Х.** Мæ хуртæ!
Сыстут!
Батавут уæхи хурмæ!

**Л.** Тавæм нæхи хурмæ! *Тянут руки вверх.*
Тавæм нæхи хурмæ.
**Х.** Мæ хуртæ!
Сбадут!
Бануазут дон!
**Л.** Бадæм, бадæм!
Нуазæм дон! *Приседают, «пьют» воду.*
**Х.** Сыстут, мæ хуртæ!
Атæхут уæларвмæ!
**Л.** Тæхæм, тæхæм! *Машут «крыльями».*
Тæхæм, тæхæм!
**Х.** Ныр сбадут.
**Л.** Бадæм, бадæм. *Садятся.*

**6. Чтение текста.**

**Раст нæ кæныс, нана!**

*(Радзырд)*

**Дз.** – Дзурæг. **А.** – Аслæнбег. **Н.** – Нана.

**Дз.** Иу изæр Аслæнбег кæрты фæцæйцыд æмæ йыл сæ сырх уасæг йæхи ныццавта. Йæ къах ын цыргъ бырынкъæй ацъæх кодта, уæдæ дзы тæрсгæ дæр куыннæ фæкодта лæппу.

Кæугæ дын базгъордта хæдзармæ:

**А.** Нана! Цу, фæнæм уасæджы! Æз æй ницы хъыгдардтон! Ныццæфтæ мæ кодта! Цу, æмæ йæ фæнæм! Райс дзы мæ маст!

**Н.** Уасæг нæмынæй нæ бамбардзæн, мæ хъæбул! Мæнæ дæ фыд куы ’рбацæуа, уæд æз аргæвдын кæндзынæн уыцы къулбадæджы! – дзуапп ын радта нана.

**Дз.** Аслæнбег фенцад йæ кæуынæй.

**А.** Раст нæ кæныс, нана! – загъта уый æмæ ма бафтыдта йæ ныхæстæм:

– Уасæг мæнæн мæ туг нæ ракалдта, мыййаг! Уый мæн куы аргæвстаид, аджы мæ куы сфыхтаид, куы мæ бахордтаид, уæд æй ды дæр аргæвдын кæн…

**Н.** Уæдæ йæ куыд бафхæрон?

**А.** Зæгъ ын æмæ къулбадæг митæ ма кæна, хистæрмæ байхъусдзæн.

*Джимиты Кларæ*

**Работа над текстом.** Прочитать, перевести непонятные детям слова: *райс дзы мæ маст* – отомсти; *аргæвдын* – зарезать; *къулбадæг* – балованный; *фенцад* – перестал плакать.
**Фарстатæ:** 1. Цы фæнадта Аслæнбеджы?
2. Куыд загъта Аслæнбег нанайæн?

**7. Подвижная игра «Тæхы, нæ тæхы».**

**В.** Кæд, цы фехъусат, уый тæхгæ кæны, уæд сымах дæр тæхут, батилут уæ базыртæ, кæд нæ тæхы, уæд æнцад лæуут.
**Дзырдтæ:** *сырддонцъиу, сауцъиу, стъол, кукла, зæрватыкк, бæлас, бæлон, машинæ.*
**В.** Хорз архайдтат абон. Афæндараст ут!
**Д.** Хæрзбон.

**Работа вне занятия.** Познакомить детей со скворечником, *(сауцъиуы бынат)*. Показать гнездо ласточки.

*57-е занятие*

## Тема: «РЕШЕНИЕ АСЛАНА» – «АСЛАНЫ УЫНАФФÆ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звуков *«гъ»* и *«дж»*.

– Познакомить детей со словами: *æхсæвæр, уынаффæ, æркалын.*

– Активизировать слова: атæхын, æрбатæхын.

– Учить детей отвечать на вопрос: «Цы атахтис?».

– Учить воспринимать на слух текст сказки и отвечать на вопросы по его содержанию.

**Материал:** предметные картинки знакомых детям перелетных и зимующих птиц.

## Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 56-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 56-е занятие).*
**3. Дидактическая игра «Что улетело?»**
*Воспитатель устанавливает на видном месте предметные картинки перелетных и зимующих птиц (Игра по правилам: «Чего не стало?»)*
**В.** Ныртæккæ цъиутæй иу атæхдзæн. Кæд базонат, цы атахтис, уый, уæд фæстæмæ йæ бынаты æрбаддзæн. Бацъынд кæнут уæ цæстытæ!
Цы атахтис? Геор!
**Г.** Атахтис зæрватыкк.
**В.** Раст дæ! Иумæ йæм бадзурут: «Зæрватыкк, æрбатæх фæстæмæ!»
**Д.** Зæрватыкк, æрбатæх фæстæмæ!
**В.** Мæнæ ис! Æрбатахт фæстæмæ зæрватыкк.
*(Устанавливает на место.)*
*По этой схеме поработать над словами: халон, сырддонцъиу, сауцъиу.*
**4. Физкультминуткæ «Мæ дзибатæ!»**
**5. Чтение текста.**

### Асланы уынаффæ

Иу изæр Асланы фыд къабускатæ æрбаласта æмæ сæ æркалдта кæрты.

– Бирæ не сты. Уæхæдæг сæ бахæссут сарамæ, – загъта йæ усæн æмæ ацыд.

Уæд мад дзуры Асланмæ.

– Лæппу, дæхæдæг сæ сарамæ куы бахæссис, уæд æз та æхсæвæр акæнин. Къабускатæ бирæ не сты.

– Мамæ, нæ, уый раст уынаффæ нæу! – загъта лæппу. – Алчидæр нæ хъуамæ йæхи хай бахæсса. Афтæ растдæр уыдзæн.

Мад ницыуал сдзырдта. Бахастой сæ иумæ. Стæй бацыдысты хæдзармæ.

– Тынг сæххормаг дæн, мамæ! Исты хæринаг мын ратт, – загъта Аслан æмæ стъолы фарсмæ æрбадт.

– Лæппу, скæн дæхицæн хæринаг, – дзуры йæм мад.

– Æз хæринаг кæнын нæ зонын. Ды фæкæныс хæринаг.

– Алчидæр хъуамæ йæхицæн кæна хæринаг. Афтæ растдæр уыдзæн, – дзуапп ын радта мад.

Бамбæрста йæ лæппу æмæ æрæнкъард:

– Æз хæринаг кæнын нæ зонын, – загъта та ног тынг сабыр хъæлæсæй Аслан.

– Схуысс æххормагæй.

– Нæ бафынæй уыдзынæн.

– Куынæ бафынæй уай, уæд – хуыздæр. Ахъуыды кæн дæ абоны уынаффæйыл. Уадз æмæ дæу аххосæй æнæхуыссæг æхсæв макæуыл скæна сомбон, – дзуапп радта мад.

Лæппу æнкъардæй бахуыссыд.

**Работа над текстом.** Читать и переводить непонятные детям слова: *æркалдта* – высыпал, выгрузил; *æхсæвæр акæнин* – приготовила бы ужин; *йæхи хай бæхæсса* – занесет свою делю.

**Фарстатæ:** 1. Цы æрбаласта Асланы фыд?
2. Куыд бауынаффæ кодта мад?
3. Куыд бауынаффæ кодта Аслан та?
4. Куыд бакодтаис ды та?

**Работа вне занятия.** Наблюдение за птицами.

*58-е занятие*

## Тема: «ЖИВОТНЫЕ НАШЕГО КРАЯ» – «НÆ БÆСТÆЙЫ ЦÆРÆГОЙТÆ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«чъ»*.

– Познакомить детей со словами: *хæрæг, бæх, байраг, сæгъ, сæныкк.*

– Активизировать слова и словосочетания: *куыдз, гæды, хъуг, род, хæдзарон цæрæгойтæ, дæтты æхсыр, дæтты айк.*

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цы сты?», «Цы дæтты?».*

**Материал:** сюжетные картинки серии «Домашние животные»: конь, лошадь и жеребенок, осел, козел с козлятами; «Домашние птицы».

## Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 56-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 56-е занятие).*
**3. Повторение пройденного материала.**
*Без наглядного сопровождения.*
**В.** Радзурут-ма, цы сты хæдзарон цæрæгойтæ? Аслан!
**А.** Куыдз æмæ гæды.
**В.** Геор!
**Г.** Хъуг æмæ род.
*(Ответы детей на вопросы: «Цы сты?», «Цы дæттынц?»).*
**4. Беседа по сюжетным картинам.**
*Воспитатель устанавливает на видном месте сюжетные картины «Коза с козлятами», «Лошадь с жеребенком» и «Ослы».*
**В.** Коза – иронау – сæгъ. Козленок – сæныкк. Сæгъ æмæ сæныччытæ. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Сæгъ æмæ сæныччытæ.
**В.** Цы дæтты сæгъ?
Люди держат животных, кормят их, ухаживают за ними. И коза − полезное животное. Из ее пуха вяжут платки, одежду. Пуховые платки, теплые и мягкие вещи. Еще козье молоко очень полезно для детей.
Цы дæтты сæгъ? Алинæ!

**А.** Æхсыр.

**В.** Раджы заман машинæтæ нæма уыдис. Адæм тынг дардмæ дæр цыдысты бæхтыл, ластой суг хъæдæй. Суг – дрова. Суг. Зæгъæм иумæ: «Суг».

**В.** и **Д.** Суг.

**В.** Калдтой хъæды бæлæстæ, æвгæдтой сæ уæрдоны *(погружали дрова в арбу).* Ифтыгътой – коня запрягали. Бæх тынг рæсугъд цæрæгой у. Фенæн æй ис, мæнæ *(показывает на картинке)* бæх! Зæгъæм иумæ: «Бæх æмæ байраг».

**В.** и **Д.** Бæх æмæ байраг.

**В.** Кæм фенут бæхтæ?

**Д.** Цирчы.

**В.** Раст стут! Бæхтæ фенæм цирчы, бæрæгбонты дугъы *(на скачках)*, хъæуы хæдзæртты. Мæнæ ацы цæрæгой та у хæрæг. Хæхбæсты йын ис фенæн алы хъæуы дæр. Осел – иронау – хæрæг.

**В.** и **Д.** Хæрæг.

**В.** Цытæ уынут нæ нывты?.. Цы ис *(нæй)* бæхæн? Цы ис *(нæй)* сагæн?..

*(Ответы детей.)*

**5. Чтение текста «Алдар и осел бедняка».**

**В.** Хæрæджы нæ аргъæутты æвдисынц кусаг цæрæгойæ, хæхбæсты фæндæгтыл хæссы йе ’ккойы уæззау уæргътæ. Носит тяжести по узким тропинкам в горах. Ласы сугтæ хъæдæй; дыргътæ, хор – быдырæй.

Байхъусут-ма аргъаумæ.

### Æлдар æмæ мæгуыр лæджы хæрæг

*(Аргъау)*

**Дз.** – Дзурæг. **Æ.** – Æлдар. **Л.** – Лæг. **Х.** – Хæрæг.

**Дз.** Раджыма-раджыма нæ хæхбæсты цардысты хъæздыг лæг æмæ йæ кусæг. Мæгуыр лæг-иу райсомæй йæ хæрæгыл сбадт, бон-изæрмæ хызта æлдары фос æмæ хъæлдзæг зарджытæ кодта.

Иубон ӕлдар бадзырдта йӕ кусӕгмӕ ӕмӕ йӕ фӕрсы:

**Ӕ.** Ӕз хъӕздыг дӕн, фӕлӕ ӕрвылбон – ӕнкъард. Дӕумӕ та хӕрӕг йеддӕмӕ ницы ис, уӕддӕр амондджын лӕгау зарыс! Зӕгъ, цы хиндзинад зоныс, кӕннод дӕ марын!

**Л.** Ӕмбисонды хӕрӕгыл куыддӕр сбадын, афтӕ мӕ зӕрдӕ ныррухс вӕййы, ӕмӕ зарын, ӕндӕр мӕн хуызӕн мӕгуыр хъуамӕ цӕуыл цин кӕна! – дзуапп ын радта мӕгуыр лӕг.

**Ӕ.** Хъӕздыгдзинад кӕмӕ ис, амондджын зарджытӕ дӕр хъуамӕ уый кӕна! – загъта ӕлдар ӕмӕ байста йӕ кусӕджы хӕрӕг.

**Дз.** Ӕлдар хӕрӕгыл абадт ӕмӕ адугъ кодта. Хӕрӕг згъорынӕй бафӕллад, фӕлӕ ӕлдармӕ зарын нӕ цыд.

**Ӕ.** Аргӕвддзынӕн дӕ! Ныртӕккӕ мӕ бахъӕлдзӕг кӕн! – схъӕр кодта ӕлдар хӕрӕгыл ӕмӕ хъама фелвӕста.

**Х.** Куыд бахъӕлдзӕг уай, ахӕм сау низ кӕмӕ ис! – дзуры йӕм хӕрӕг.

**Ӕ.** Цавӕр низ? – фӕтарст йӕхицӕн ӕлдар.

**Д.** Дӕ хъусы сау дур ис ӕмӕ дӕ уый нӕ уадзы худын дӕр ӕмӕ цардыл цин кӕнын дӕр. Схуысс дӕлӕ зӕххыл ӕмӕ дын ӕй ӕз раппарон! – дзуапп ын радта хӕрӕг.

**Дз.** Ӕлдар зӕххыл схуыссыд, уӕдӕ цы уыдаид. Хӕрӕг къах дард фӕхаста ӕмӕ дзы ӕлдары сӕрӕн иу хафт авӕрдта. Ууыл ӕлдар амард.

Кусӕг ӕлдары фос мӕгуыр адӕмӕн байуӕрста ӕмӕ ноджы хъӕлдзӕгдӕрӕй ныззарыдис.

*Джимиты Кларӕ*

**Работа над текстом.** Рассказывать, показывать и одновременно переводить непонятные слова: *хӕхбӕсты* – в горах, *хъӕздыг* – богатый, *мӕгуыр* – бедняк, *ӕлдар* – барин, *хъама* – кинжал. Рассказать второй раз без перевода.

**Фарста:** «Куыд фӕтых хӕрӕг ӕлдарыл?»

*(На выбор!)*

## Сырдоны хæрæг

Сырдонмæ йæ сыхæгтæй иу хæрæггур бацыдис.

– Дæ хæрæг мын авæр, Сырдон!

– Уæуу, фæлтау мæ мард куы федтаис æмæ мæм раздæр куы ’рбацыдаис. Дæ хæд размæ йыл лæппу хъæдмæ суг ласынмæ ацыд.

Уыцы рæстæг хæрæг скъæтæй ныууасыдис: «Ио-ио-ио!»

– Худинаг дын нæу, Сырдон, – зæгъы сыхаг, – дæ хæрæг скъæты уæвгæйæ æфсон кæй кæныс, уый?

– Æмæ йæ цæмæй зоныс, скъæты ис, уый? – фæрсы Сырдон.

– Уæртæ йын йæ уасын нæ хъусын?

– Нæ фæлæ худинаг дæуæн у, мæныл чи не ’ууæнды, фæлæ хæрæгыл чи бауæндыдис!

*(Нарты кадджытæй)*

**Работа над текстом.** Читать, переводить непонятные детям слова: *раздæр куы ’рбацыдаис* – пришел бы раньше, *скъæт* – хлев, *æууæндын* – верить.

**Работа вне занятия.** Рассматривание сюжетных картин: «Коза с козлятами», «Лошадь с жеребенком». Закрепить слова: *сæгъ* – сæныкк, *бæх* – байраг.

*59-е занятие*

### Тема: «ЖИВОТНЫЕ МОЕГО КРАЯ» – «МÆ БÆСТÆЙЫ ЦÆРÆГОЙТÆ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звуков *«гъ»* и *«цъ»*.

– Познакомить детей со словами: саг, дзæбидыр, къæдзæх.

– Активизировать слова и словосочетания: *бирæгъ,*

*уызын, сыкъа, сырдтæ, хъæддаг сырдтæ, сыкъаджын сырдтæ.*

– Учить детей воспринимать на слух небольшой текст и отвечать на вопросы по его содержанию.

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цы цæры?», «Цы уæй кодта?».*

**Материал:** сюжетная картина из серии «Леса и горы родного края», предметные картины *(или игрушки)* оленя и тура.

**Ход занятия**

**1. Звуковая зарядка.**

**Бирæгътæ**

Бирæгъ бирæгъмæ фæдзуры:
– Мауал давæм бæхты,
Мауал хæрæм сæгъты!
Бауарзой нæ адæм.
Бирæгъ бирæгъы ыссуры:
– Разгъор тагъддæр ардæм,
Дæлæ сæгъ фæлидзы!

**2. Рифмовка.**

**Цъæх сæныкк**

Царди, уыд, иу усмæ иунæг цъæх сæныкк.
Мæнæ куыд, мæнæ куыд, иунæг цъæх сæныкк.
Зæронд ус сæныччы тынг бирæ уарзта.
Мæнæ куыд, мæнæ куыд, тынг бирæ уарзта.

*Уырыссаг æвзагæй тæлмац*

**3. Повторить пройденный материал.**

**В.** Сымах зонут хæдзары цæрæгойты. Фæлæ ма нæ хъæды цæрынц сырдтæ дæр. Хъæды сырдтæ. Цы цæры нæ хъæды? Рувæстæ цæрынц нæ хъæды?

**Д.** О, цæрынц.

**В.** Цы ма цæры нæ хъæды?

*(Ответы детей на вопрос: «Цы цæры хъæды?»)*

**Дзырдтæ:** *бирæгътæ, æрсытæ, тæрхъустæ.*
**4. Знакомство с новым материалом.**
*(Воспитательница вешает на видном месте картину.)*
**В.** Мæнæ хъæд. Мæнæ хæхтæ. А это скалы *(показывает)*. Скала – иронау – къæдзæх. Зæгъæм иумæ: «Къæдзæх».
**В.** и **Д.** Къæдзæх.
**В.** На скалах живут туры. Тур *(показывает картинку)* – иронау – дзæбидыр. Зæгъæм иумæ: «Дзæбидыр».
**В.** и **Д.** Дзæбидыр.
**В.** Дзæбидыртæ цæрынц къæдзæхтыл.
**В.** Туры – быстроногие животные. Они легко спускаются и поднимаются по крутым склонам скал. Днем туры спят на вершине скалы, а ночью тур-вожак ведет их в лес. Они там пасутся до рассвета. Дзурæм иумæ! Дзæбидыртæ цæрынц хъæды.
**В.** и **Д.** Дзæбидыртæ цæрынц къæдзæхтыл.
**В.** А это олень *(показывает картинку)*. Олень – иронау – саг. Саг!
**В.** и **Д.** Саг. Сагтæ цæрынц хъæды». Тынг рæсугъд сырд у. Рæсугъд сты йæ сыкъатæ.
*(Ответы детей на вопросы: «Ай цы у?», «Кæм цæры?»)*
**В.** Хъæды сырдтæй сыкъатæ кæцытæн ис?..
**5. Физкультминутка «Мæ дзибатæ!»**
**6. Чтение текста.**

**Саг, тæрхъус æмæ уызын**
*(Аргъау)*

**Дз.** – Дзурæг. **У.** – Уызын.
**Б.** – Бирæгъ. **Х.** – Халон.

**Дз.** Байхъусут-ма аргъау «Саг, тæрхъус æмæ уызын»-мæ.

Раджыма-раджыма саг, тæрхъус æмæ уызын хъæды байгом кодтой дукани. Саг дзы уæй кодта саджы сыкъатæ,

тæрхъус – хъустæ. Адæм æлхæдтой сыкъатæ æмæ сыл ауыгътой сæ дарæс. Уæдæ сæ судзинтæ дæр тынг æхсызгонæн хъуыдысты.

Фехъуыста хабар Бирхан − бирæгъты раздзог æмæ ныууасыд фыр мæстæй:

**Б.** Уууу! Уууу! Байсæм сын се 'хцатæ!

**Дз.** Халон фехъуыста хабар, атахт æмæ дуканийы скуыси.

**Х.** Бирхан уын байсдзæн уе 'хцатæ! Бахæрдзæн уын уæхи! Хъуахъхъ! Нæ фехъуыстам-иу ма зæгъут! – загъта халон æмæ атахт.

**Дз.** Фæтарстысты саг æмæ тæрхъус. Ноджы сæм æрбайхъуыст бирæгъы ниуын.

**Б.** Уу-уу! Æз дæн æппæты тыхджындæр сырд ацы хъæды! Мæн сты дуканийы æхцатæ! Æз бахæрдзынæн тæрхъусы, саджы та дæлæ иннæ бирæгътæн аппардзынæн!

**У.** Æз æм нымады дæр нæ дæн! – бахъыг кодта уызын.

**Дз.** Уызын, ды скъаппы бын бамбæхс æмæ фервæздзынæ, – дзуры йæм тæрхъус.

**У.** Нæ, мæ хæлæрттæ! Æз хъуамæ фæтых уон Бирханыл! – загъта уызын, стæй йæ фæсонтыл хус сыфтæ æрсагъта æмæ дуаргæрон схуыссыд: – Æз Бирханæн бандонæн бæззын. Асайын æй хъæуы.

**Дз.** Бирæгъ багæпп ласта дуканимæ.

**Б.** Саг! Æрцæттæ кæн æхцатæ! Тæрхъус, дæу та хæргæ кæнын! – хъæр кæны Бирхан!

**У.** Бахæр æй, Бирхан. Æрмæст бадгæ скæн. Тæрхъусы дзидза лæугæйæ ничи хæры, – дзуры йæм уызын.

**Б.** Раст зæгъыс! – загъта Бирхан æмæ дуаргæрон уызыныл æрбадт. – Æллæх! Æллæх! Скарста мæ! Уу-уу! Цавæр сырд у уагæр? Уу-уу! – нынниудта ма Бирхан æмæ алыгъдис.

**Дз.** Тынг бацин кодтой æртæ хæлары. Бирæгътæ сæм

хæстæг нал цыдысты уæдæй фæстæмæ. Уызын та райдыдта уæй кæнын судзинтæ.

*Джимиты Кларæ*

**Работа над текстом.** Прочитать и в ходе чтения показать и переводить незнакомые слова: Æз æм нымады дæр нæ дæн! – бахъыг кодта уызын. – Я не в счет! – огорчился ежик; йæ фæсонтыл хус сыфтæ æрсагъта – на спину наколол сухие листья.

Прочитать второй раз без перевода.

**Фарстатæ:** 1. Цы уæй кодта саг?
2. Цы уæй кодта тæрхъус?
3. Цы уæй кодта уызын?
4. Чи фервæзын кодта саг æмæ тæрхъусы?

Работа вне занятия. Наблюдения в природе. Повторить текст и движения физкультминутки.

*60-е занятие*

## Тема: «ЖИВОТНЫЕ НАШЕГО КРАЯ» – «НÆ БÆСТÆЙЫ ЦÆРÆГОЙТÆ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«гъ», «чъ».*

– Активизировать слова и словосочетание: *саг, дзæбидыр, уызын, хъæддаг сырдтæ.*

–Учить детей диалогу, используя выражение: *«Мæнмæ ис…».*

– Учить детей образовывать множественное число существительных по теме.

**Материал:** предметные картинки серии «Дикие животные» и «Домашние животные».

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 59-е занятие).*

**2. Рифмовка** *(см. 59-е занятие).*

**3. Повторение пройденного материала.**

*На столе воспитателя – предметные картинки диких и домашних животных.*

**В.** Чызджытæ, рацæут æмæ равзарут хæдзарон цæрæгойты нывтæ! Ме стъолыл ма сты хъæддаг сырдты нывтæ дæр. Ма фæрæдийут!

*Показать отобранные картинки детям и повторить их названия хором. Картинки разложить снова на столе.*

**В.** Лæппутæ, рацæут æмæ равзарут хъæддаг сырдты нывтæ! Показать отобранные картинки всем детям и повторить их названия хором.

*(Ответы детей на вопросы: «Цы цæры хъæды?»).*

**4. Игра-диалог «Цепочка».**

*У детей – предметные картинки по теме.*

**В.** Хъазт райдайдзысты чызджытæ. Верæ!

**В.** Мæнмæ ис арсы ныв. Томæ, цы ис дæумæ та?

**Т.** Мæнмæ ис саджы ныв. Оля, цы ис дæумæ та?

*(Диалогом охватить всех девочек.)*

**5. Физкультминутка «Мæ дзибатæ».**

**В.** Лæппутæ, рауайут æмæ æрлæуут зылды. Зауыр, райдай хъазт ды. Уæ нывтæ æвдисут сывæллæттæм.

**З.** Мæнмæ ис уызыны ныв.  Давид, цы ис дæумæ та?

**Д.** Мæнмæ ис тæрхъусы ныв. Андрей, цы ис дæумæ та?

*(Диалогом охватить всех мальчиков.)*

**6. Чтение текста.**

**Бирæгъ æмæ зыгъарæг**

*(Настольный или кукольный театр)*

– Ӕгас цæуай, цъæх бирæгъ!
– Хорз цæрай, зыгъарæг!
– Дысон-бонмæ кæм уыдтæ?
– Дæу агурæг фæзылдтæн.
– Ӕмæ мæнæй цы кæныс?

– Ныртæккæ дæ хæрдзынæн!
– О, быն бауай, цъæх бирæгъ.
Дæ фыды хæрд нæ зоныс?!
– Æрбайсæфай, зыгъарæг.
Мæ фыд та-иу куыд хордта?
– Уый-иу зыгъарæг куы ’рцахста, –
Иу æхст ын-иу – уæлвæндаг,
Иннæ ’хст ын-иу – дæлвæндаг,
Афтæмæй-иу куы срæгъæд,
Хордта-иу æй адджынæн!
– О, быն бауай, зыгъарæг,
Æмæ уый æз нæ зонын?
Ацы ’ппæрст дын – уæлвæндаг,
Ацы зыввытт та – дæлвæндаг!
Хуынкъмæ зыгъарæг ныллыгъдис
Æмæ дзуры уырдыгæй:
– Хæрз æнæсæр цъæх бирæгъ,
Мæ фыд дæр-иу дæ фыдæй
Афтæ кодта хынджылæг!

*Ирон адæмон сфæлдыстадæй*

**Работа над текстом.** Прочитать, перевести непонятные слова: *иу æхст-иу – уæлвæндаг* – подбрасывал вверх; *иннæ ’хст ын-иу – дæлвæндаг* – бросал вниз; *срæгъæд* – созревал; *хуынкъмæ* – в нору; *æнæсæр* – безголовый, безмозглый. Повторное чтение – без перевода.

**Работа вне занятия.** Закрепление лексики текста.

*61-е занятие*

## Тема: «ЖИВОТНЫЕ МОЕГО КРАЯ» – «МÆ БÆСТÆЙЫ ЦÆРÆГОЙТÆ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«гъ»*.

– Познакомить детей со словом: *сæныкк*.

– Активизировать слова и словосочетания: *хæдзарон цæрæгойтæ, хъæддаг сырдтæ, сæгъ, сæныкк.*

– Учить детей воспринимать на слух текст и отвечать на вопросы по его содержанию.

– Учить детей отвечать на вопрос: *«Цы сты?»*.

**Материал:** картинки волка и барсука, предметные картинки диких животных, сюжетная картина «Коза с козлятами».

**Ход занятия**

**1. Звуковая зарядка** *(см. 59-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 59-е занятие).*
**3. Повторение пройденного материала.**
**В.** Хъæддаг цæрæгойтæй сыкъатæ кæмæн ис?
Цы цæры къæдзæхтыл?..
Цы кæны зымæг фынæй?..
Цы цæры бæласыл?..
*(Ответы детей: саг æмæ дзæбидырæн, дзæбидыр, уызын æмæ арс, æхсæрсæттæг).*
**4. Знакомство с новой лексикой.**
*Воспитатель устанавливает на видном месте сюжетную картину «Коза с козлятами»*
**В.** Чи зоны, адон цы сты? Алинæ!
**А.** Сæгъ æмæ сыныччытæ.
**В.** Коза – иронау – сæгъ. Козлята – сæныччытæ. Зæгъæм иумæ: «Сæгъ æмæ сæныччытæ».
**В.** и **Д.** Сæгъ æмæ сæныччытæ.
**В.** Чи радзурдзæн, цы ис сæгъæн?.. Цæмæнты ма ис хæдзары цæрæгойтæй сыкъатæ? Цы кусынц сæныччытæ?
*(Ответы детей.)*
**В.** Сæгъ кæны æхсыр. Из пуха козы вяжут теплые пуховые платки.
**5. Физкультминутка «Мæ дзибатæ».**
**6. Чтение текста.**

**Сæныкк**

*(Уырыссаг адæмон аргъау)*

**В.** Царди, уыд иу усмæ иунæг цъæх сæныкк.
**Д.** Мæнæ куыд, мæнæ куыд иунæг цъæх сæныкк.
**В.** Зæронд ус сæныччы тынг бирæ уарзта.
**Д.** Мæнæ куыд, мæнæ куыд, тынг бирæ уарзта.
**В.** Бафæндыд сæныччы хъæды фæхизын.
**Д.** Мæнæ куыд, мæнæ куыд, хъæды фæхизын.
**В.** Сæмбæлди сæныккыл стонг цъæх бирæгътæ.
**Д.** Мæнæ куыд, мæнæ куыд, стонг цъæх бирæгътæ.
**В.** Бахордтой сæнычч стонг цъæх бирæгътæ.
**Д.** Мæнæ куыд, мæнæ куыд, стонг цъæх бирæгътæ.
**В.** Баззад ма зæрондæн къæхтæ 'мæ сытæ.
**Д.** Мæнæ куыд, мæнæ куыд, къæхтæ 'мæ сытæ.

**Работа над текстом.** Перевести непонятные слова: *хъæды фæхизын* – пастись в лесу, *стонг* – голодные, *сытæ* – рога.

**Фарста:** «Цы уыдис усмæ?»

**Работа вне занятия.** Выучить с 2 детьми текст сказки – инсценировать ее.

*62-е занятие*

**Тема: «МОЙ ДОМ» – «МÆ ХÆДЗАР»**

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«хъ»*.

– Познакомить детей со словами: *æхсæвæр, алкæмæн.*

– Активизировать слова и словосочетания: *æхсæз, авд, аст, фараст, дæс, мæ хæдзар, мæ бинонтæ, æз, хæринаггæнæн.*

–Учить детей воспринимать содержание небольшого текста и отвечать на вопросы по его содержанию.

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цал сты?» и «Цы ис?».*

**Материал:** предметные картинки из серии «Овощи» и «Фрукты».

**Ход занятия**

**1. Звуковая зарядка** *(см. 59-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 59-е занятие).*
**3. Повторение пройденного материала + новая лексика.**
*На видном месте установлены предметные картинки овощей и фруктов по 5 штук.*
**В.** Сегодня мы будем считать. Поднимите левую руку. Сдарут галиу къух. Банымайæм не ’нгуылдзтæ! *(Указательным пальцем правой руки показывает на пальцы.)* Иу, дыууæ, æртæ, цыппар, фондз. Цал сты нæ иу къухы ’нгуылдзтæ? Мæдинæ!
**М.** Фондз!
**В.** Цал сты ацы халсартæ?
*(Показывает на картинки овощей и фруктов или их муляжи.)* Томæ!
**Т.** Халсартæ сты æртæ.
**В.** Цал сты халсартæ? Таня!
**Т.** Халсартæ сты æртæ.
**В.** Цал сты дыргътæ æмæ халсартæ иумæ? Банымайут сæ! Давид!
**Д.** Дыргътæ æмæ халсартæ сты фондз.
**В.** Раст дзуæппытæ радтат.
**В. и Д.** Иу, дыууæ, æртæ, цыппæр, фондз, æхсæз, авд, аст, фараст, дæс.
**В.** Бафтауæм халсартæм æртæ!
Бафтауæм дыргътæм дыууæ!
Цал сты дыргътæ æмæ халсартæ?
*(Ответы детей на вопрос: «Цал сты?»)*
**В.** Говорите и хлопайте в ладоши! Считайте до десяти по-осетински! *(Показывает на овощи и фрукты).*
– Считайте до десяти и приседайте! *(Одновременно.)*

– Считайте до десяти и подпрыгивайте на двух ногах!.. Молодцы!

**4. Развитие речи.**

Учить детей классифицировать *(группировать)* предметы по одной теме. Воспитательница устанавливает на видном месте предметные картинки мебели: спальной комнаты, гостиной и кухни, или мебель из кукольного уголка.

**В.** Цал уаты ис уæ хæдзары? Зауыр?

**З.** Мах хæдзары ис æртæ уаты.

**В.** Зауыр цæры, æртæ уаты кæм ис, ахæм хæдзары. Ды та, Дзерæ?

**Д.** Мах хæдзары ис дыууæ уаты.

**В.** Абон мын ранымайдзыстут, уæ хæринаггæнæны цы дзауматæ ис, уыдон. Алинæ! Кухня – иронау – хæринæггæнæн…

**В.** и **А.** Мах хæринаггæнæны ис…

**А.** … Холодильник.

**В.** Холодильник – иронау – уазалгæнæн. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Уазалгæнæн. Холодильник – уазалгæнæн.

**В.** Цы дзауматæ ма ис хæринаггæнæны? Давид!

**Д.** Мах хæринаггæнæны ис пец æмæ стъол.

**В.** Равзарут хæринаггæнæны дзауматæ! Сынтæг æвæрынц хæринаггæнны?

**Д.** Нагъ.

**В.** Бандон æвæрынц хæринаггæнæны?

**Д.** О.

*(По этой схеме закрепить предметы кухни, посуду, затем дети отвечают на вопросы: «Цы ис уæ уазæгуаты?», «Цы ис уæ хуыссæнуаты?»).*

**Дзырдтæ:** *диван, телевизор, скъæппытæ; сынтæджытæ, кæсæн, шифанер.*

**5. Чтение текста.**

## Алан

Мад дзуры гыццыл Аланмæ.

– Рауай, мæ къона, æмæ мын баххуыс кæн. Æхсæвæр стъолыл æрæвæрæм.

– Стъолыл тæбæгътæ сæвæрон? – бафарста йæ Алан.

– Тæбæгътæ, вилкæтæ æмæ чашкæтæ! Æз скодтон катлеттæ, сфыхтон кампот.

– Цал тæбæгъы сæвæрон? – афарста та лæппу.

– Банымай нæ бинонты, Алан, æмæ алкæмæн дæр сæвæр тæбæгъ, вилкæ æмæ чашкæ, – загъта йын мад.

Алан банымадта:

– Дада, нана, мамæ, папæ! Цыппар! – йæхицæн загъта лæппу æмæ сæххæст кодта мады фæдзæхст. Бадзырдта бинонтæм. Сбадтысты стъолы алыварс.

Аланы цур нæ уыд тæбæгъ, вилкæ æмæ чашкæ. Лæппу фенкъард æмæ та нымайы:

– Иу, дыууæ, æртæ, цыппар! Мæ бинонтæ сты цыппар! Æз нæ фæрæдыдтæн! – загъта Алан æмæ скуыдта. – Цы фесты мæ тæбæгъ, вилкæ æмæ чашкæ? Æз раст банымадтон?

**Фарста:** «Алан кæй нæ банымадта?»

**Работа над текстом.** Читать и переводить непонятные слова: *æхсæвæр* – ужин, *алкæмæн дæр* – каждому, *фæдзæхст* – поручение, *фенкъард* – опечалился, огорчился, *нæ фæрæдыдтæн* – не ошибся.

**В.** Тынг хорз зонут ирон æвзаг. Афæндараст ут!

**Д.** Хæрзбон.

**Работа вне занятия.** Учить детей здороваться: «Дæ райсом хорз!», «Дæ бон хорз!». Наблюдения в природе.

*63-е занятие*

## Тема: «МОЙ ДОМ» – «МÆ ХÆДЗАР»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«хъ»*.

– Активизировать слова и словосочетания: хæринаггæнæн, тæбæгъ, кастрункæ, тебæ, вилкæ, кард, пец, æз рахастон, æз сæвæрдтон.

– Учить детей диалогу, используя наглядный материал.

– Учить детей составлять предложения из 4–5 слов, согласовывая их между собой по числу и падежам.

– Учить детей отвечать на вопрос: *«Цæмæн?»*

**Материал:** кукольная мебель и посуда кухни, предметные картинки серии «Мебель», кукла Бечи.

## Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 59-е занятие).*

**2. Рифмовка** *(см. 59-е занятие).*

**3. Повторение пройденного материала.**

*На видном месте находятся: кукольная мебель, предметы и посуда или их картинки. У воспитателя кукла Бечи.*

**В.** Я говорю цифры по-русски, вы их хором переводите на осетинский язык.

**В.** Шесть, семь, восемь, девять, десять!

**Д.** Æхсæз, авд, аст, фараст, дæс!

**В.** Молодцы!

**Б.** Мæн дæр хæринаггæнæн хъæуы! Мæнмæ нæй мебель, дзауматæ æмæ мигæнæнтæ!

**В.** Ма ку, Бечи! Сывæллæттæ дын хæринаггæнæны дзауматæ балæвар кæндзысты. Мæнæ уал сæ ме стъолыл сæвæрæм.

**Б.** Хорз! Сæвæрут мын хæринаггæнæны сынтæг, телевизор ...

**В.** Бечи! Сынтæг вæййы хæринæгæнæны?

**Б.** Уæдæ-иу цæуыл схуысдзынæн?

**В.** Сæвæллæттæ, хæринаггæнæны адæм цы фæкусынц?

Хæринаг дзы фæкæнынц?
**Д.** О.
**В.** Бечи, афтæ бад æмæ байхъус сывæллæттæм. Уыдон дын дæ хæринаггæнæны сæвæрдзысты хъæугæ дзауматæ. Оксанæ! Рахæсс хæринаггæнæны дзауматæй дыууæ! Цы рахастай?
**О.** Æз рахастон стъол æмæ бандон.
**В.** Дзерæ, рахæсс хæринаггæнæны дзауматæй æртæ! Цы рахастай?
**Дз.** Æз рахастон пец, скъапп æмæ уазалгæнæн.
**Б.** Бузныг! Мæ хæринаггæнæны кастрункæ нæй? Цæм сфыцон кас? И?
*(Ответы детей.)*
**В.** Бечи. Зæгъ-ма, цы дын балæвар кодтой сывæллæттæ?
**В.** и **Б.** Хæринаггæнæны мебель, уазалгæнæн, скъæппытæ, стъол, бандон, пец æмæ бирæ мигæнæнтæ.
**4. Физкультминутка «Æхсæзаздзыд салдат».**
**5. Игра-диалог «Цепочка».**
*Воспитательница раздает детям предметные картинки серии «Посуда» и «Мебель».*
**В.** Повторяем считалку.

### Нымайæн

Иу, дыууæ, æртæ, цыппар!
Æз гыццыл дæн, уый æмбар.
Иу, дыууæ, æртæ, цыппар!
Æз фыдуаг дæн,
Ды мын бар!

**В.** Хъазт фыццаг райдайдзысты «Цæргæстæ». Зауыр!
**В.** и **З.** Æз Бечийæн лæвар кæнын уидыг. *(Показывает кукле Бечи.)* Ды та, Давид?
**Д.** Æз Бечийæн лæвар кæнын вилкæ. Ды та, Геор?
*(Охватить диалогом всех мальчиков. Картинки собирает воспитательница и преподносит их Бечи.)*

**Б.** Стыр бузныг! Бирæ дзауматæ мæм уыдзæн мæ хæринаггæнæны.
*(По этой же схеме провести игру с девочками. Картинки показывать детям и перечислять наименования предметов.)*
**6. Развитие речи.**
**В.** Цæмæн хъæуы цъылын?..
Цæмæн хъæуы бандон?..
Цæмæн хъæуы сынтæг?..
*(Ответы детей на вопрос: «Цæмæн хъæуы?»)*
**Работа вне занятия.** Разучить с детьми текст считалки.

*64-е занятие*

## Тема: «ДЕНЬ РОЖДЕНИЯ» – «ГУЫРÆН БОН»

*(См.6-е занятие)*

*65-е занятие*

## Тема: «МОЙ ДОМ» – «МÆ ХÆДЗАР»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звуков *«къ»* и *«хъ»*.

– Познакомить со словами и словосочетаниями: *суткæйы афонтæ, райсомæй, сихор, изæр, æхсæв; хуыссæнуаты мебель, залы мебель.*

– Активизировать слова и словосочетания: *мах залы, пъолыл тыд, къулыл ауыгъд, къæлæтджын бандон, кæнын, мигæнæн.*

– Учить детей воспринимать приветствие и отвечать на него в разное время суток.

**Материал:** предметные картинки мебели, печки, микроволновки и посуды.

## Ход занятия

**1. Звукавая зарядка.**

**В.** *Æз* уын радзурдзынæн цыбыр аргъау чысыл къæбылайы тыххæй. Къæбыла ма хæрз гыццыл уыдис. Фыццаг хатт баззадис кæрты æнæ йæ мадæй. Боныгон фæхъазыд Зауыримæ. Æхсæвы лæппу ацыд хуыссынмæ хæдзармæ. Къæбыла фæтарст талынджы æнæзонгæ хъæлæстæй *(испугался незнакомых громких голосов)* æмæ азгъордта хъугмæ. Байхъусут-ма сæм!

**Къæбыла**

– Хъуг, уæ хъуг! Хъусыс загъдмæ?
– Къæбыла, æз хъусын зардмæ.
– Хъуг, уæ хъуг! Цы уасы, зæгъ?
– Къæбыла, уый уасы сæгъ.
– Хъуг, уæ хъуг! Чи кæуы, чи у?
– Къæбыла, уый бирæгъ ниуы.
– Хъæлæстæ мæ ’фтауынц тасы!
– Ма тæрс, мæ хур, схуысс мæ разы.

*Джимиты Кларæ*

**Работа над текстом.** Прочитать и переводить незнакомые слова при первом чтении. Разучивать на первом занятии по две строки сразу и следить за произношением звуков *«хъ»* и *«гъ»*. Четко, не торопясь, проговаривать все звуки самому педагогу. Детей на последующих занятиях разделить на две группы: одни задают вопросы, другие отвечают. Потом меняются местами.

**2. Повторение пройденного материала.**

*Воспитательница устанавливает на видном месте предметные картинки мебели, посуды и других вещей (холодильника, печи ...)*

**В.** Играют команды! На стол надо положить картинки с мебелью, на стульчик – картинки с посудой, а остальные картинки оставить на месте.

*Дети сидят полукругом. Маленький стол и стул – перед ними, картинки – в сторонке на столе воспитателя.*
**В.** Первыми выполняют задание девочки. Мебелы нывтæ стъолыл сæвæрут, мигæнæнты нывтæ та – бандоныл.
**В.** Чызджытæ мæнæ адон сæвæрдтой стъолыл, адон та – бандоныл. Лæппутæ, зæгъут-ма мебель дзы цы нæ у?
*Устанавливает картинки на видном месте.*
*Анализ выполненной работы.*
*Воспитатель повторяет это задание с мальчиками. Считает и их ошибки, если они имеются. Выводит победителя и вешает на их экран медаль.*
**В.** Кæмæ ис фылдæр майдантæ? Нымайæм сæ!..
Цал майданы фылдæр ис «Бæлæтты» командæмæ?..
Ацы хатт амбылдтой чызджытæ. Сæ хæдзары хистæртимæ дзырдтой иронау. Мальчики тоже старались, молодцы, но им немного не хватило знаний.
**3. Физкультминутка.**
**4. Классификация мебели.**
*Воспитатель устанавливает предметные картинки на видном месте.*
**В.** Адонæй цы сæвæрæм нæ хæринаггæнæны? Давид!
**Д.** Хæринаггæнæны сæвæрæм стъол, бандон æмæ холодильник.
**В.** Куыд у холодильник иронау? Зауыр!
**З.** Уазалгæнæн.
**В.** Давид, ды раст равзæрстай нывтæ. Равдис сæ сывæллæттæм æмæ зæгъ иронау, цы сæвæрæм хæринаггæнæны?
*(По этой схеме спросить детей и отделить кухонную мебель и вещи.)*
**В.** Адонæй нæ залы та цы сæвæрæм? Томæ!
**Т.** Диван æмæ къæлæтджын бандæттæ.
**В.** Рауай æмæ сæ сæвæр залы.

**В.** Оксанæ! Рауай, равзар нывтæ залæн.
**О.** Скъæппытæ æмæ телевизор.
*(По этой схеме отделить мебель для зала.)*
**В.** Адонæй цы сæвæрæм нæ хуыссæнуаты та? Оля!
**О.** Сынтæг æмæ трюмо. *(Сынтæджытæ æмæ кæсæн.)*
*(По этой схеме отделить мебель спальни.)*
**В.** Зæгъут-ма, цы ис тыд *(что постелен)* пъолыл?
**Д.** Палас.
**В.** Цы ис ауыгъд? Что висит на стенах? Цы ис ауыгъд къултыл? Нывтæ æви хъазæнтæ?
**Д.** Нывтæ.
*(Ответы детей: «Цы ис?..» – залы, хуыссæнуаты.)*
**5. Учить детей приветствовать и прощаться.**
**В.** Вы умеете приветствовать друг друга. Скажите, как надо приветствовать утром. Утро – иронау – райсомæй.
**Д.** Дæ райсом хорз!
**В.** Сихорыл, бонæй куы фембæлæм, уæд та?
**Д.** Дæ бон хорз!
**В.** Æз уын фæзæгъын: «Фæндараст!» Сымах та?
**Д.** Хæрзбон.
**В.** Как приветствуете друг друга? Дзурут иронау!
**Д.** Салам! Привет!
**В.** Стыр бузныг! Хорз зонут салам дæттын æмæ уæздан ныхæстæ кæнын.
**Работа вне занятия.** Повторить с детьми слова приветствия.

*66-е занятие*

## Тема: «МОЙ ДОМ» – «МÆ ХÆДЗАР»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звуков *«хъ»* и *«къ»*.

– Активизировать слова и словосочетания:

*хуыссынæн, бадынæн, хъазынæн, хæринаг фыцынæн, кинотæм кæсынæн.*

– Учить детей диалогу, используя речевой образец: *«Уый хъæуы…».*

– Учить детей отвечать на вопрос: *«Цæмæн?».*

**Материал:** кукла Бечи.

**Ход занятия**

**1. Звуковая зарядка** *(см. 65-е занятие).*

**2. Повторение пройденного материала.**

Повторить с детьми приветствия и прощания в разное время суток.

Выходит из сказочного домика Бечи.

**Б.** Абон цы ахуыр кæнæм?

**В.** Салам мын нæ радтай, Бечи! Салам нæ радтай сывæллæттæн дæр!

**Б.** Ферох мæ ис! Æгас цæут иууылдæр!

**В.** Бечи, ныртæккæ бон у. Байхъус-ма сывæллæттæм æмæ бадар дæ зæрдыл *(запомни)*, куыд хъæуы салам дæттын сихорыл. Давид!

**Д.** Дæ бон хорз!

**В.** А если обращаешься не к одному человеку? Бирæ адæмæн куы дæттай салам, уæд та? Оксанæ!

**О.** Уæ бон хорз!

**В.** Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Уæ бон хорз!

**В.** Бечи, куыд зæгъын хъæуы?

**Б.** Уæ бон хорз!

**В.** Бечи, куыд зæгъын хъæуы, райсомæй куы ’рбацæуай, уæд та? *(Изæрæй, æхсæвæй…)*

*(Ответы детей на вопросы: «Куыд дæттæм салам райсомæй? Бонæй? Изæр?)*

**3. Физкультминутка «Шестилетний солдат».**

**4. Развитие речи.**

*Учить детей составлять предложения из 4–5 слов, согласовывая их в числе и падеже, отвечая на вопросы: «Цæмæн хъæуы?», «Цæмæн хъæуынц?».*

**В.** Сымах зонут, хæдзары цæмæн хъæуынц мебель æмæ иннæ дзауматæ? Зачем они нам нужны? Цæмæн нæ хъæуынц? Цæмæн нæ хъæуы бандон? Алинæ!

**А.** Бандон нæ хъæуы бадынæн.

**В.** Раст зæгъы Алинæ. Зæгъæм иумæ.

**В.** и **Д.** Бандон нæ хъæуы бадынæн.

**В.** Цæмæн нæ хъæуы сынтæг та? Геор!

**Г.** Сынтæг нæ хъæуы хуыссынæн.

**В.** и **Д.** Сынтæг нæ хъæуы хуыссынæн.

*(По этой схеме поработать со словами: пец, хъазæнтæ, диван.)*

**В.** Раст зæгъут! Пец нæ хъæуы хæринаг кæнынæн, хъазæнтæ – хъазынæн, диван – бадынæн, сынтæг – хуыссынæн…

**В.** Зæгъут-ма мын, цæуыл схуыссут? Бандоныл? Зауыр!

**З.** Æз схуыссын сынтæджы.

**В.** и **Д.** Мах схуыссæм сынтæджы.

**В.** Цæуыл сфыцы нана хæринаг?

**В.** и **Д.** Нана хæринаг сфыцы пецыл.

*(Ответы детей на вопос: «Цæуыл?»).*

**5. Знакомство с загадками.**

**Уыци-уыцитæ**

Фосмæ цыргъ йæ дæндаг дары,
У хъæхъхъаг æмæ фыд зыд.
Марын æй хъæуы уый, марын, –
Рагæй дæр фыдгæнæг уыд.

Нæу цыма фыдгæнæг,
Уыйау йæхи дары,
Афтæмæй нæ уадзы
Иунæг карк хæдзары.

*Цæрукъаты Валодя*

Цыппар лæгæн иу худ. *(Стъол)*
Бон дæр цæуы æмæ æхсæв дæр. *(Дон)*

*Ирон адæмон сфæлдыстадæй*

**Работа вне занятия.** Закрепить названия мебели.

*67-е занятие*

## Тема: «МОЙ ДОМ» – «МÆ ХÆДЗАР»

**Цели:**

– Продолжать работу над произношением звуков *«хъ»* и *«къ»*.

– Активизировать слова и словосочетания: *къран-дас*, *дæттын, цъылын, мæрзын, аквариум, кæсаг, къалати, тути, цæмæн хъæуы, уыци-уыци.*

– Учить детей называть предметы, используя речевые образцы: *«Æз цæрын ...», «Мæ уаты ис ...».*

– Учить отвечать на вопросы: *«Кæимæ?», «Цы ис?».*

**Материал:** кукла Бечи; орудия труда: *карандаш, веник, лопата, ложка, нож.*

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 65-е занятие).*
**2. Повторение пройденного материала.**
Учить детей монологической речи.
**В.** Чи уæ зæгъдзæн, цы ис йæ уаты?
**Б.** Æз!
**В.** Бечи, зæгъ-ма, дæ хорзæхæй, цы ис дæ уаты?
**Б.** Мæ уаты йæ къалатийы мидæг цæры тути! Тути дзуры иунæг дзырд! Æз ын фæзæгъын: «Хæрзæхсæв!» Тути дæр мын фæзæгъы: «Хæрзæхсæв!»
**В.** Тынг хорз радзырдтай! Бузныг! Сывæллæттæ, *попугай* – иронау – тути. Бечи нын радзырдта йæ цъиуы тыххæй. Цы ис дæ уаты та? Давид!

**В.** и **Д.** Мæ уаты ис ...
**Д.** ... стыр къоппы дзаг хъазæнтæ! Скъаппы та – чингуытæ.
**В.** Мамæ дын æхсæв бакæсы аргъау?
**Д.** О.
**В.** Цы ис дæ уаты та? Оксанæ!
**О.** Мæ уаты ис аквариум.
**В.** Дæ аквариумы цы ис?
**О.** Мæ аквариумы ис бирæ кæсæгтæ. Æз сын раттын хæринаг.
*(Ответы детей на вопрос: «Цы ис дæ уаты?»)*

**3. Развитие речи.**

Учить детей отвечать на вопрос: *«Кæимæ?»*
**В.** Я хочу знать, с кем вы живете в доме. Кæимæ цæрыс? Алинæ!
**В.** и **А.** Æз цæрын ...
**А.** ... мамæ, папæ æмæ ме ’фсымæр Ацæмæзимæ.
**В.** Зæгъæм иумæ!
**В.** и **Д.** Алинæ цæры йæ мамæ, папæ æмæ йе ’фсымæр Ацæмæзимæ.
**В.** Кæимæ цæрыс ды та? Оля!
**О.** Æз цæрын мæ нанаимæ.
**В.** Кæимæ цæры Оля? Геор!
**Г.** Оля цæры йæ нанаимæ.
*(Ответы детей на вопросы: «Кæимæ цæрыс?», «Кæимæ цæры?»)*

**4. Физкультминутка «Æхсæзаздзыд салдат».**

**5. Знакомство с новым материалом.**

*Воспитатель устанавливает на видном месте орудия труда.*
**В.** Веник – иронау – цъылын.
**Д.** Цъылын.
**В.** Подметать – иронау – мæрзын. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Мæрзын.

**В.** Зæгъут-ма, цæмæн хъæуы цъылын? Мæрзынæн?
**Д.** О, мæрзынæн.
**В.** Алинæ, цæмæн хъæуы цъылын?
**А.** Мæрзынæн.
**В.** Цы мæрзæм цъылынæй? Пъол æви цар?
**Д.** Пъол.
**В.** Цæмæн нæ хъæуы кърандас та? Мæрзынæн? Зауыр!
**З.** Ныв кæнынæн!
**В.** Андрей! Цæмæн нæ хъæуы кърандас?
**А.** и **В.** Кърандас нæ хъæуы ...
**А.** ... ныв кæнынæн.
*(Ответы детей на вопрос: «Цæмæн?»)*
**Дзырдтæ:** *бел, вилкæ, кард.*
**6. Знакомство с загадками.**
Загадка – иронау – уыци-уыци. Уый зонут. Байхъусут-ма мæнæ ацы уыци-уыцимæ! Нæ мебелæй иуы тыххæй у. Цыппар лæгæн – иу худ! *(Стъол.)*
**В.** А вот еще одна загадка о люльке. Люлька – иронау – авдæн. Раньше новорожденных детей клали в люльки и качали их. Сывæллон хуыссыдис авдæны. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Сывæллон хуыссыдис авдæны.
**В.** Уыци-уыцимæ байхъусут.
Цæуы, цæуы æмæ никæдæм хæццæ кæны. *(Авдæн.)*
**В.** Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Цæуы, цæуы æмæ никæдæм хæццæ кæны.
**В.** Это говорит о том, что люльку качают-качают, а она стоит на месте. В старину у людей еще не было колясок, а малышу было безопаснее и теплее лежать в люльке. *(Показать картинку люльки.)* Вы сегодня познакомились с осетинскими народными загадками.
**Работа вне занятия.** Повторить с детьми названия орудия труда. *(Цæмæй хæрæм борщ? Цæмæй хæрæм катлет? Цæмæй лыг кæнæм дзул? Цæмæй мæрзæм пъол?)*

68−70-е занятия

**Тема: «КАК МЫШЬ СЫНУ НЕВЕСТУ СВАТАЛА» – «МЫСТ ЙÆ ФЫРТÆН – УСГУР»**

*(Устное народное творчество)*

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звуков *«къ», «хъ»*.

– Познакомить детей со словами: *тулдз, уидаг, мигъ, хæрæфырт*.

– Учить детей на слух воспринимать текст сказки и инсценировать ее.

**Материал:** атрибуты на головы участникам инсценировки. ТСО – музыка «Хонгæ», «Симд», «Зилгæ».

**Ход занятия**

**1. Звуковая зарядка** *(см. 65-е занятие).*

**2. Повторение пройденного материала.**

*Провести с детьми игру-хоровод по стихотворению Коста Хетагурова «Пойманная птичка».*

**Цъиу æмæ сывæллæттæ**

**Цъ.** − Цъиу.
**С.** − Сывæллæттæ.

**С.** Гъа! Ныр ахст дæ цъиу, фæлæуу,
Нал аирвæздзынæ,
Нал ауадздзыстæм ныр дæу,
Махимæ цæрдзынæ!..

**Цъ.** Циу, цы, циу? Цы кодтон, ау!
Цас тыхджын рæдыд дæн?
Ауадзут-ма мæ фæлтау,
Райхалут мæ бæттæн!

**С.** Нæй, нæй! Ма тæрс, махмæ ды
Хъаны цард кæндзынæ,

Дзул дын тулдзыстæм мыды,
Адджын цай цымдзынæ.

**Цъ.** Хъаны цард мын уанцон нæу!
Æз уæ цай нæ уарзын,
Уидзын быдырты мæнæу,
Къогъотæ дзы ахсын.

**С.** Уазал у зымæг æддæ,
Махау дын хæдзар нæй!
Ам дæ къалати – цæттæ,
Бафсæддзынæ хъармæй.
**Цъ.** Ам зымæг куы вæййы, уæд
Иу хъарм бæстæ зонын,
Къалати сызгъæрин уæд,–
Ахæстон æй хонын!

**С.** Оххай-гъе! Уæдæ дæ маст
Махæн у хъуыдыйаг,
Атæх цу! Дæ фæндаг раст!
Цæр дæхи фæндиаг!..

**Работа над текстом.** И текст, и песня разучиваются на музыкальном занятии. На данных занятиях дети водят хоровод – поют и развлекаются.
**3. Национальная игра «Гаккырис»** *(см. в конце учебного пособия).*
**4. Чтение текста.**
*(Разучивание текста по ролям)*

**Мыст йæ фыртæн – усгур**

(Настольный театр)
Аргъау авд дзыхæй дæр дзуры,
Аргъау авд низы дæр суры,
Аргъауæн мæлæт дæр нæй,
Мин азты цæрæд фæрнæй.
*(Ирон адæмон сфæлдыстадæй)*

**Дзурæг.** Раджы уыд æви æрæджы, уый нæ зонæм, фæлæ нæ хæхбæсты цардис æмæ уыдис мадæл-мыст æмæ йын уыдис лæппу. Мадмæ гæсгæ а зæххыл нæ уыдис уымæй зонджындæр, рæсугъддæр æмæ тыхджындæр.

*Фæзындысты мадæл-мыст, йæ лæппу æмæ мады дыууæ хойы.*

**Мад.** Ус курын афон у мæ фыртæн.
**1-аг мады хо.** Тынг рæсугъд у нæ хæрæфырт!
**2-аг мады хо.** У хъаруджын!
**1-аг мады хо.** У тыхджын!
**2-аг мады хо.** У æнæниз æмæ зонджын!
**Лæппу.** Чызджыты хуыздæр – мæ хай!
**1-аг мады хо.** Фæцу фæсарæнтæм, нæ хо!
Бацагур дæ фыртæн къай!
**Мад.** Нæ, æз ам ссардзынæн чындзаг.
Хурмæ æз цæуын ныртæккæ,
Минæвар кæнын йæ чызгмæ!
**2-аг мады хо.** Хуры чызг нæ аккаг у!
Хурмæ минæвар фæцу!
**Мад.** Хур, дæуæй тыхджындæр нæй!
Бæхæстæг кæнæм мах, цæй!
**Хур.** Æз тыхджын дæн, раст дæ ды.
Фæлæ мигъ тыхджындæр у.
Мигъ мæнæй зæххы ’хсæн бацæуы
Æмæ мæ тых басæтты.
Бацу уымæ, мыст-хæлар,
Дæ лæппуйæн минæвар.
**Дзурæг.** Ацыд мигъмæ мадæл-мыст.
**Мад.** Мигъ, дæуæй тыхджындæр нæй!
Бахæстæг кæнæм мах, цæй!
**Мигъ.** Æз тыхджын дæн, раст дæ ды,
Дымгæ та – мæнæй тыхджындæр.
Уыцы-иу футт куы фæласы,

Уæд мæ рог пуртийау фæхъазы.
Бацу уымæ, мыст-хæлар!
Дæ лæппуйæн минæвар.
**Дзурæг.** Ацыд дарддæр мадæл-мыст
Æмæ балæууыд дымгæмæ.
**Мад.** Дымгæ, дæуæй тыхджындæр нæй!
Бахæстæг кæнæм мах, цæй!
**Дымгæ.** Раст зæгъыс, тыхджын дæн æз!
Фæлæ тулдз бæлас мæ размæ æрлæууы,
Æрмæст йæ сыфтæртæ ызгъалы.
Бацу уымæ, мыст-хæлар!
Дæ лæппуйæн минæвар.
**Дзурæг.** Ацыд та дарддæр мадæл-мыст
Æмæ балæууыд тулдзмæ.
**Мад.** Тулдз, дæуæй тыхджындæр нæй!
Бахæстæг кæнæм мах, цæй!
**Тулдз.** Раст зæгъыс, тыхджын дæн æз!
Ис мæ уидæгты мæ ныфс,
Фæлæ сæ æхсыны мыст!
Ахъуыды кæн, мыст-хæлар,
Мыстмæ ацу минæвар!
**Дзурæг.** Мадæл-мыст æрыздæхт дард фæндагæй.
Мыстытæ йæ размæ рацыдысты.
**Мад** (хотæн). Æппæт дунейы рæсугъддæр, зондджындæр æмæ тыхджындæр сты мыстытæ! Равзарæм чындзаг нæхи ’хсæн.
**Дзурæг.** Мыстытæй-чызджытæй чи гæрстæ æхсы, чи иту æвæры, чи кафгæ кæны.
**Лæппу.** Ныр куыд кæнон?
Ныр цы кæнон?
Чызджытæй кæй равзарон?
Иууылдæр дзæбæх сты,
Иууылдæр рæсугъд сты!

**1-аг мады хо.** Ахъазæм-ма, амбæхсæм-ма мах!
**2-аг мады хо.** Лæппу, цу, дæ чындзаджы æрцахс!
**Дзурæг.** Лæппу суры мыстыты, ахсы сæ иуы. Бацæуы йæ мадмæ.
**Мад.** У рæсугъд æмæ хæрзконд.
Тынг аив æмæ цыргъзонд!
Уый мæ иунæгæн – йæ амонд!
Амонддживн уыдзæн нæ хъæстæ,
Амондджын уыдзæн нæ бæстæ.
**Дзурæг.** Аргъауы кæрон æрцыд.
Амондæй мын хайджын ут.
Чындзæхсæвы кафут.
Чындзæхсæвы зарут.

*Музыкæ. Кафынц.*

*Аргъауæй инсценировкæ сарæзта*
*прогимнази «Интеллекты» педагог*
*Гадзиаты Светланæ*

**Работа над текстом.** Читать и переводить непонятные слова: *тулдз* – дуб, *хæрæфырт* – племянник, *фæсарæн* – заграница, *бахæстæг кæнæм* – давай породнимся, *уидаг* – корень.
**Фарста:** «Кæй чызджы куырдта йæ фыртæн мыст?»

*71-е занятие*

## Тема: «ВЕСНА ПРИШЛА» – «ÆРЦЫД УАЛДЗÆГ»

*(Беседа по сюжетным картинкам)*

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«дж»*.

– Познакомить детей со словами: *фылдæр, къаддæр.*

– Активизировать слова, обозначающие наименования игрушек.

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цал сты?», «Цы кусы?», «Цы кусынц?».*

– Учить детей монологической речи, описывая сюжетную картину.

**Материал:** демонстрационный материал по математике: кубики, пирамиды, матрешки; сюжетные картины «Весна» и «Зима».

**Ход занятия**

**1. Звуковая зарядка.**

**Уалдзыгон изæр**

Бæркадджын уалдзæджы
Нæ хæдзар – уазæгджын.
Сæ иу цыхтджын хордта,
Иннæ та, цæхæраджын,
Дада фыдджын домдта,
Æз та – тæвд картофджын.
Стæй æхсæвы талынджы
Дада дзырдта кадджытæ,
Иумæ кодтам зарджытæ.

*Джимиты Кларæ*

2. Рифмовка.

**Уалдзæг**

Даргъ зымæг ивгæйæ,
Хъазгæ, æрттивгæйæ,
Рæлæууыд бон.
Хур нæм йæ рухс тынтæ
Царды рæсугъд уындмæ
Калы бæстон.

*Гулуты Андрей*

**4. Развитие речи.**

*Повторение пройденного материала.*

*Воспитатель ставит на стол 3 матрешки, 5 кубиков, 8 пирамид.*

**В.** Чи зæгъдзæн, цал сты матрешкæтæ? Андрей!
**А.** Æртæ.
**В.** Рауай æмæ сæ банымай!
**А.** Иу, дыууæ, æртæ матрешкæйы.
**В.** Цал сты матрешкæтæ?
**А.** Матрешкæтæ сты æртæ.
**В.** Чи зæгъдзæн, цал сты кубиктæ?
*(По этой схеме посчитать еще две группы игрушек: 5 кубиков, 8 пирамид).*
**В.** А теперь надо ответить, чего больше, а чего меньше. Больше – иронау – фылдæр.
**В.** и **Д.** Фылдæр.
**В.** Меньше – иронау – къаддæр. Меньше! Къаддæр.
**В.** и **Д.** Къаддæр.
**В.** Кубиктæ сты фылдæр æви матрешкæтæ? Давид!
**Д.** Кубиктæ сты фылдæр.
**В.** Рауай, банымайæм сæ! Дзурæм иумæ!
**В.** и **Д.** Иу, дыууæ, æртæ матрешкæйы. Иу, дыууæ, æртæ, цыппар, фондз кубикkы.
**В.** Цытæ сты къаддæр та? Къаддæр – меньше. Цытæ сты къаддæр та? Томæ!
**Т.** Къаддæр сты матрешкæтæ.
**В.** Равдисут мæм æртæ æнгуылдзы! Ныр та мæм равдисут фондз æнгуылдзы.
*(Ответы детей на вопросы: «Цытæ сты къаддæр?», «Цытæ сты фылдæр?»)*
**4. Физкультминутка «Къухтæ».**
**5. Беседа по сюжетным картинкам.**
*Воспитательница устанавливает на видном месте сюжетные картинки, уточняет, какие времена года на них нарисованы, отвечая на вопросы: «Цы кусы?», «Цы кусынц?», «Цы уынут?».*

**В.** Расскажите мне, как вы догадались, что здесь *(показывает)* нарисована зима, а тут – весна?
**В.** Цы уынут мæнæ ацы нывы?
**Д.** Мит.
**В.** Ацы нывы та цы ис зæххыл?
**Д.** Кæрдæг.
**В.** Цавæр дарæс ис сывæллæттыл? Хъарм æви рог дарæс?
**Д.** Хъарм дарæс.
**В.** Легкая одежда – иронау – рог дарæс. Мæнæ та *(картинка весны)* рог дарæс. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Рог дарæс.
**В.** Зæгъут-ма, цы хонæм хъарм дарæс? Оксанæ!
**О.** Зымæгон къурткæ, æрмкъухтæ.
**В.** Геор! Цы ма хонæм хъарм дарæс?
**Г.** Хъарм худ, свитер.
**В.** А теперь дайте имена детям и расскажите, чем эти дети занимаются на любой из картин. Цы кусынц сывæллæттæ?
*(Выслушать ответы детей по имеющимся у вас картинам. В конце самой обобщить рассказы детей.)*
**Работа вне занятия.** Наблюдения в природе. Одежда детей.

*72-е занятие*

## Тема: «ВЕСНА НАСТУПИЛА» – «ÆРЦЫД УАЛДЗÆГ»

**Цели:**

– Продолжить работать над произношением звука *«къ»*.

– Учить детей составлять предложения, используя выражения: *«Уый вæййы...» (зымæг, уалдзæг)*.

– Учить детей определять на слух, о каком времени года говорится в стихотворном тексте.

– Учить детей на слух воспринимать содержание текста и отвечать на вопросы по его содержанию.

– Учить детей отвечать на вопрос: *«Уый кæд вæййы?»*.

**Материал:** сюжетные картинки (малые) из серии «Зима» и «Весна» или сюжетные картинки тех же серий.

**Ход занятия**

**1. Звуковая зарядка** *(см. 71-е занятие).*

**2. Рифмовка** *(см. 71-е занятие).*

**3. Повторение пройденного материла.**

*Воспитательница раздает детям сюжетные картинки.*

**В.** Расскажите, что видите на картинке и какое время года на ней нарисовано. Зауыр!

**З.** Уары мит. Лæппу æмæ чызг хъазынц митæй.

**В.** Уый кæд вæййы?

**З.** Зымæг.

**В.** и **З.** Уый вæййы зымæг.

*(По этой схеме провести работу с сюжетными картинками. В конце работы обобщить их рассказы. Ответы детей на вопросы: «Цы уыныс нывы?», «Уый кæд вæййы?»).*

**4. Физкультминутка «Къухтæ».**

**5. Знакомство с новым материалом.**

**В.** Я буду читать четверостишия, а вы угадайте, о каком времени года пишет поэт.

Даргъ зымæг ивгæйæ,
Хъазгæ, æрттивгæйæ
Ралæууыд бон.
Цъиутæ æртахтысты,
Донбыл æрбадтысты,
Хъусы сæм дон.

*Гулуты Андрей*

**В.** Уый кæд вæййы?

**Д.** Уалдзæг.

Сты нæ дзоныгътæ цæттæ.
Мах та хъаздзыстæм æддæ,–
Тагъддæр урс нымæт ныккæн,
Сæвæр быдырты хъæпæн...

*Цæрукъаты Валодя*

**В.** Уый кæд вæййы?
**Д.** Зымæг.

Дысон-бонмæ мит фæуарыд,
Зæхх нымбæрзта урс хъæццулæй;
Дымгæ фæзты, кæмтты зарыд,
Сгæрста алы къуым хæддзуйæ.

*Цæрукъаты Валодя*

**В.** Уый кæд вæййы?
**Д.** Зымæг.

Атадысты миттæ,
Бахъæлдзæг и бон.
Ихæй арæзт хидтæ
Фестадысты дон.

*Цæрукъаты Валодя*

**В.** Уый кæд вæййы?
**Д.** Уалдзæг.
Уазалæй лæгæты бамбæхсы арс.
Митыл тæрхъусвæдтæ цас вæййы, цас!
Ихы бын бамбæхсы дон дæр.
**В.** Уый кæд вæййы?
**Д.** Зымæг.
Сæрвæт цъæххъулонæй ферттивы дард,
Дыргъдонæй райхъуысы сауцъиуы зард,
Быдырмæ ахсайы зæрдæ.

*Баситы Мысост*

**В.** Уый кæд вæййы?
**Д.** Уалдзæг.

**Работа с текстами загадок.** Прочитать, по общему содержанию текста дети должны угадать, о каком времени года идет речь. Незнакомые слова в данном случае не переводить.

**6. Чтение текста.**

## Дыууæ тæппуды

Уыдис хъарм уалдзыгон æхсæв. Хъарм, фæлæ тынг талынг. Шарик талынджы иунæгæй тарсти æмæ дзуры:

– Гъау! Гида! Кæм дæ? Талынджы æз бирæгъæй тæрсын.

– Мяу! – дзуапп радта Гида. – Хъусыс, мыстытæ куыд хъыллист кæнынц? Æз сæ тæрсын! Бирæгъæй ма тæрс!

Шарик сбадт Гидайы фарсмæ.

– Гида, цы фесты мæй æмæ стъалытæ? Иу дæр сæ арвыл нал ис!

– Фæтарстысты мыстытæй æмæ алыгъдысты!

– Уыдон бирæгъæй фæтарстысты! – загъта Шарик, стæй афарста:

– Гида, хур та æхсæв кæм вæййы?

– Æдылы! Хур уæлæ хохы фæстæ йæхицæн фынæй кæны. Ды мацæмæй тæрс: бад мæ фарсмæ. Æз дæ хъахъхъæндзынæн бирæгъæй.

– Ды дæр ма тæрс! Мæ фарсмæ бад! Æз дæ хъахъхъæндзынæн мыстытæй!

Уыдис хъарм уалдзыгон æхсæв. Гида æмæ Шарик фæрсæй-фæрстæм бафынæй сты.

*Джимиты К.*

**Фарстатæ:** 1. Цæмæй тарст Шарик?
2. Цæмæй тарст Гида?

**Работа над текстом.** Прочитать, перевести непонятные слова: *фæрсæй-фæрстæм* – рядышком. Возможен показ настольного театра, перевод текста детьми на русский язык.

**Работа вне занятия.** Наблюдения в природе: *кæрдæг суадис зæххæй, фæзындысты фыццаг дидинджытæ.*

*73-е занятие*

## Тема: «ПТИЦЫ ПРИЛЕТЕЛИ» – «ÆРТАХТЫСТЫ ЦЪИУТÆ»

**Цели:**

– Продолжить работать над произношением звука *«къ»*.

– Познакомить детей со словами: *дзывылдар, æрбатæхын.*

– Активизировать слова и словосочетания: *халон,* сауцъиу, *бæлон, сырддонцъиу, гæркъæраг, нæ атæхынц,* атæхынц дард бæстæмæ, зæрватыкк.

– Учить детей воспринимать на слух тексты небольших стихотворений.

– Учить детей отвечать на вопросы педагога: *«Кæцы цъиутæ атæхынц?..», «Кæцы цъиутæ нæ атæхынц?..».*

**Материал:** предметные картинки знакомых птиц на всех детей. Демонстрационные картинки: синицы *(дзывылдар)*, скворца *(сауцъиу)*, вороны, воробья, сороки, ласточки, тюльпана, нарцисса.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см.71-е занятие).*

**2. Рифмовка** *(см.71-е занятие).*

**3. Повторение пройденного материала.**

*Воспитатель устанавливает на видном месте картинки цветов: тюльпана, сирени, нарцисса.*

**В.** Цавæр дидинджытæ фæзындис уалдзæджы? Уынут сæ клумбæты. Федтат сæ утренникы дæр. Цавæр дидинджытæ фæзынд уалдзæджы? Алинæ!

**А.** Фæзындысты тюльпантæ.

**В.** Тынг раст дæ. Ссар ныввы тюльпан.

**А.** Мæнæ тюльпан.

**В.** Тынг рæсугъд дидинджытæ сты тюльпантæ. Цавæр

дидинджытæ ма фæзынд уалдзæджы? Аслан!
**А.** Фæзындисты ма нарцисстæ!
**В.** Ссар нывты ’хсæн нарцисс.
**А.** Мæнæ нарцисс.
*(Ответы детей.)*
**В.** Как вы думаете, что изменилось по сравнению с зимой? Можно ответить по-русски.
**Д.** Стало тепло. Солнце пригревает землю. Растаял холодный снег.
*Воспитательница с детьми переводят слова на осетинский язык, затем она обобщает ответы детей.*

**4. Физкультминутка по выбору детей.**

**5. Знакомство с новым материалом.**

*Воспитательница устанавливает на видном месте предметные картинки птиц.*
**В.** Абон базонгæ уыдзыстæм, æндæр бæстæтæм цы цъиутæ атæхынц, уыдонимæ. С перелетными птицами. Синица – иронау – дзывылдар. Мæнæ дзывылдар.
**В.** и **Д.** Дзывылдар.
**В.** Скворец – сауцъиу.
**В.** и **Д.** Сауцъиу.
**В.** Мæнæ сауцъиу. Байхъусут-ма, цы фыссы дзывылдары тыххæй Хетæгкаты Къоста.

**Дзывылдар**

Æнгуырдар – дзывылдар,
Кæм хæтыс зымæг?
Цы бæстæ, цы хæхтæ
Фæтæхыс уынæг?

Кæм рæзынц, кæм цæрынц
Дæ хотæ, дæ мад?
Тæхуды, тæхуды,
Кæмæн ис дæ чард!

А теперь послушайте это стихотворение в переводе на русский язык.

**Синица**

Синица-сестрица,
Так где ж ты зимой?

Вот жребий – пить в небе
Всю синь высоты!

Просторы и горы
Не кличут домой?

Мечтал бы, желал бы
Жить вольно, как ты!

**Вопрос:** «Кому завидует поэт?»

**6. Развитие речи.**

*Воспитатель раздает детям предметные картинки всех птиц.*

**В.** Дзывылдар, сауцъиу æмæ зæрватыкк атæхынц хъарм бæстæмæ фæззæг. Кæцы цъиутæ атæхынц хъарм бæстæмæ? Равдисут мæм сæ нывтæ!.. Кæцы цъиутæ нæ атæхынц хъарм бæстæмæ? Равдисут мæм сæ нывтæ!.. Давид! Кæцы цъиутæ нæ атæхынц хъарм бæстæмæ?

**Д.** Сырддонцъиутæ.

**В.** Аслан.

**А.** Халон.

**В.** Аслан, дай полный ответ. Цавæр цъиутæ ма баззайы зымæг ам?

**В.** и **А.** Зымæг нæ атæхынц хъарм бæстæмæ халæттæ.

**В.** Сорока – иронау – гæркъæраг.

**В.** и **Д.** Гæркъæраг.

**В.** Цы нæ атæхы хъарм бæстæмæ? Алинæ!

**А.** Нæ атæхынц бæлæттæ дæр.

**В.** Рахæссут мæм, цы цъиутæ атæхынц, уыдоны нывтæ!.. Рахæссут мæм, кæцы цъиутæ баззайынц ам зымæг, уыдоны нывтæ!..

*(Проанализировать правильность выполнения заданий).*

**7. Образование множественного числа существительных.**

**В.** Я говорю об одной птице, а вы говорите, как будто этих птиц много.

– Хъаз (хъазтæ), сауцъиу (сауцъиутæ), сырддонцъиу (сырддонцъиутæ), зæрватыкк (зæрватыччытæ), карк (кæрчытæ), бæлон (бæлæттæ), халон (халæттæ), бабыз (бабызтæ), цъиу (цъиутæ)...

**8. Игра «Хъазтæ, хъазтæ!»**
**В.** Денджызы хъазтæ! Кæдæм тæхут?
**Д.** Хъарм бæстæмæ! Хъарм бæстæмæ!
**В.** Хъазтæ, хъазтæ! Цы дзы кусут? Уæхи найут хъарм денджызы?
**Д.** Нæхи найæм хъарм денджызы!
**В.** Хъазтæ, хъазтæ! Кæцæй тæхут?
**Д.** Хъарм бæстæйæ! Хъарм бæстæйæ!
**В.** Ам æрбадут!
**Д.** Бадæм, бадæм.
**Работа над текстом.** Перевести непонятное слово: *денджызы хъаз* – лебедь.
**Работа вне занятия.** Наблюдения за птицами; если они появились, то за перелетными и их гнездами.

*74-е занятие*

## Тема: «ДЕНЬ РОЖДЕНИЯ» – «ГУЫРÆН БОН»

*(См. 6-е занятие)*

*75-е занятие*

## Тема: «НЕ БОЙСЯ» – «МА ТÆРС»

*(Рассказ)*

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звука *«дж»*.

– Активизировать слова: *ном, мыггаг, чызг, лæппу.*

–Учить детей на слух воспринимать содержание небольшого текста и отвечать на вопросы по его содержанию.

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 71-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 71-е занятие).*
**3. Повторение пройденного материала.**

**В.** Радзурут-ма æмдзæвгæтæ. Чи хуыздæр радзура?
*(Выслушать детей.)*
**4. Чтение текста.**

## Ма тæрс

Гыццыл Ленæ уынджы хъазыдис. Иуахæмы пуртийы фæстæ азгъордта, стæй та гæлæбутæ ахсынил фæцис æмæ æнæзонгæ уынгмæ бадзæгъæл (*заблудилась*). Чызг нал ардта йæ хæдзар æмæ кæуыныл схæцыд (*плакала*). Скъоладзаутæ йæ милицæмæ бакодтой.

– Чи дæ? – бафарста йæ милиционер.

– Гыццыл чызг, – дзуапп ын радта Ленæ.

– Кæй гыццыл чызг дæ?

– Мамæйы.

– Дæ мамæ кæм кусы, уый зоныс?

– О!

– Кæм?

– Йæ куысты!

– Цæмæй кусы?

– Хорз кусæгæй!

– Цæргæ та кæцы уынджы кæныс? – фарста йæ дарддæр милиционер.

– Нæхи уынджы.

– Дæ мыггаг кæмæй у?

Ленæ нæ бамбæрста, милиционер æй цæмæй фæрсы, уый, æмæ йæм скаст.

– Мæ мыггаг – Бæройтæй. Дæ мыггаг та? – фæрсы милиционер.

Чызг хъæлдзæг худт ныккодта æмæ йæ гыццыл къух нæлгоймагмæ бадаргъ кодта:

– Æз та Ленæ дæн! – ома, дам, зонгæ уыдзыстæм абонæй фæстæмæ.

– Леночкæ, байхъус-ма! Ды фæдзæгъæл дæ! Цæмæй дын дæ хæдзар ссарæм, кæм ис, уый…

– Уымæн ма тæрс! – ныххудт та чызг. – Нæ хæдзар кæддæриддæр йæ бынаты лæууы! Нæ йын къæхтæ ис, нæ – цæлхытæ…

*Джимиты К.*

**Работа над текстом.** Прочитать и в ходе чтения перевести незнакомые слова на русский язык: *адзæгъæл* – заблудилась, *нæлгоймаг* – мужчина, *æнæзонгæ* – незнакомый.

**Фарстатæ:** 1. Раст дзуаппытæ лæвæрдта Ленæ?
2. Ды куыд зæгъис?

**В.** Байхъусут фарстамæ: «Чи дæ?»
Адзæгъæл дæ! Заблудилась – иронау – адзæгъæл.
**В.** и **Д.** Адзæгъæл.
**В.** Фæрсы дæ милиционер: «Чи дæ?» Сымах дзуапп куыд ратдзыстут? Аслан!
**А.** Æз дæн… Дзуццаты Аслан.
**В.** Кто скажет полнее? Ведь взрослые чаще спрашивают: «Кæй фырт дæ?», «Кæй чызг дæ?» Цавæр дзуапп раттис, Алинæ?
**А.** Æз дæн Абайты Таймуразы чызг.
**В.** Дæ ном куыд у?
**А.** Алинæ.
**В.** Цавæр дзуапп раттис, Давид? Чи дæ?
**Д.** Æз дæн Уырыймæгты Мараты фырт.
**В.** Дæ ном куыд у?
**Д.** Давид.
**В.** Ды цавæр дзуапп раттис, Андрей? Чи дæ?
**А.** Æз дæн Степаненко Андрей.
**В.** Куыд у дæ фыды ном?
**А.** Олег.
**В.** Молодцы! Если даже заблудитесь, вы сможете назвать свои имена, фамилии и отчества. А теперь читаю дальше.
«Цæргæ кæцы уынджы кæныс? – фарста йæ милиционер.
Цы дзуапп радта Ленæ? Оксанæ!

**О.** Загъта: «Нæхи уынджы!»
**В.** Уый раст дзуапп у?
**Д.** Нагъ.
**В.** Сымах цы дзуапп раттиккат? Оксанæ!
**О.** Æз цæрын…Галковскийы уынджы.
**В.** Номер дома назовете по-русски. Ды цы дзуапп раттис? Дзерæ!
**Дз.** Æз цæрын Московскийы уынджы.
*(Ответы детей на эти вопросы.)*
**В.** Ленæ æртæаздзыд чызг уыдис. Уымæн нæ зыдта раст дзуæппытæ дæттын. Сымах та гыццыл сывæллæттæ нал стут ныр æмæ зонут дзуæппытæ фарстатæн.
**5. Игра-диалог «Цепочка».**
**В.** Чызджытæ, æрлæуут зылды. Дзурут фыды ном, чи уæ фæрсы, уымæн. Хъазт райдайдзынæн æз.
**В.** Æз дæн Хъараты Фатимæ, Леониды чызг. Ды та чи дæ?
**О.** Æз дæн Кæсæбиты Оксæнæ, Зелимы чызг. Ды та чи дæ?
*(Диалогом охватить всех девочек.)*
**6. Физкультминутка по желанию детей.**
**В.** Лæппутæ, ныр та зылды æрлæуут сымах.
**В.** и **Д.** Æз дæн…
**Д.** Æз дæн Уырыймæгты Давид, Мараты фырт. Ды та чи дæ?
**Г.** Æз дæн Фæрниаты Геор, Алыксандры фырт.
*(Диалогом охватить всех мальчиков.)*
**Работа вне занятия.** Разучить с 2-мя детьми тексты переклички *(см. 77-е занятие)*.

*76-е занятие*

## ТЕМА: «ДЕНЬ ПОБЕДЫ» – «УÆЛАХИЗЫ БОН»

**Цели:**

– Активизировать слова и словосочетания: *хæст, майдан, орден, хæстон, рамбулын, тыхджындæр, уæлахизы бон.*

– Учить детей выражать свои мысли, отвечая на вопрос: *«Кæй зоныс хæстонтæй?»*

**Материал:** ТСО – героическая песня *(мужской хор)*, портреты героев ВОВ, картины мемориалов.

## Ход занятия

1. В зале звучит героическая песня. Дети возлагают цветы к портретам воинов ВОВ.

**1-й ребенок.**

У дадайы бæрæгбон,
Къулæй райста цъæх хæдон,
Бакодта майдантæ риуыл –
Акалдта цæхæртæ иууыл.

*Габысаты Замирæт*

**2-ой ребенок.**

Адæмæн цæрынæн
Иумæйаг у зæхх.
Фесæфæд дзы иумæ
Хæст æмæ фыдæх.

*Цæгæраты Гиго*

**2. Знакомство с новым материалом.**

**В.** Æрæджы нæм уыдис стыр бæрæгбон утренник – «Уæлахизы бон». Сымах фенут нæ уынгты зæронд адæмы. Сæ риутыл – майдантæ æмæ ордентæ. Искæйы зонут хæстонтæй?

*(Ответы детей.)*

**В.** Раджы уыдис хæст. Фашисттæ нын мардтой нæ адæмы, сыгътой хæдзæрттæ. Уæхæдæг сæ фенут киноты. Фæуæлахиз стæм мах. Нæ хæстонтæ фæсырдтой фашистты. Нæ хæсты хъæбатыртæн нæ адæм æвæрынц цыртытæ. Ставят памятники. Кæмæн ис цырт нæ горæты хæсты хъæбатыртæй?

**Д.** Плиты Иссæйæн …

**В.** Бирæ хæстонтæн ис Ирыстоны цыртытæ. Мах стæм сæрыстыр нæ хæстонтæй!
**В.** и **Д.** Мах стæм сæрыстыр нæ хæстонтæй.
**В.** Кæй зонут хистæртæй? Кæм сæ фенут?..
*(Ответы детей.)*
**В.** У нас очень много знаменитых людей и мы гордимся ими, мы хотим быть похожими на них. Это и воины, и спортсмены, и художники, и музыканты.
**В.** Кæй зонут сымах спортсментæй?
*(Ответы детей.)*
**В.** Раст зæгъут. Мах сæрыстыр стæм нæ Олимпиаг чемпионтæ: Андиаты Сосланæй, Фадзаты Арсенæй, Хæдарцаты Махарбегæй, æрыгон спортсментæ: Дзагойты Алан, Кудухты Бесик æ.а.д.
*(Обобщить ответы детей.)*
**В.** Кæй зонут сымах нывгæнджытæй? Тынг бирæ нæм ис хорз нывгæнджытæ. Кæй дзы зонут?
*(Показать иллюстрации 3–4 картин наших художников: М. Туганова, А.Джанаева и Х.Сабанова).*
**В.** Чи у Гергиты Валери?
Чи у Гæздæнты Булат?
Чи у Цæрикъаты Феликс?
Чи у Тайсаты Олег?
*(Дирижер, фæндырдзæгъдæг, зарæггæнæг.)*
**В.** Очень много у нас знаменитых людей и мы гордимся ими. Но мы гордимся теми, кого хорошо знаем, любим их и хотим быть похожими на них.
Æз тынг бирæ уарзын мæ фыды. Уый кусы шофырæй. Ды кæй уарзыс? Сослан!
**С.** Æз уарзын мæ нанайы. Кæсы мын аргъæуттæ, кæны хæринаг, стæй мæ хоны йæ «бындар».
**Дз.** Мæн фæнды мамæйы хуызæн уæвын. Мамæ у рæсугъд, кусы скъолайы ахуыргæнæгæй.

**В.** Кæй хуызæн уæвын фæнды дæу та, Давид?
**Д.** Мæ фыды хуызæн.
*(Ответы детей на вопрос: «Кем ты гордишься? Кæй хуызæн уæвын дæ фæнды?»)*
**3. Игра «Рукоборцы».**
*Девочки соревнуются с девочками, мальчики – с мальчиками.*
**4. Аудирование.**
**В.** Повторяйте за мной.
Æз сæрыстыр дæн мæ фыдæй…
Æз сæрыстыр дæн мæ мадæй…
Æз сæрыстыр дæн нæ хæстонтæй…
Æз сæрыстыр дæн нæ спортсментæй…
Æз сæрыстыр дæн нæ Иры адæмæй…
**Работа вне занятия.** Беседа с детьми о ВОВ, о живых участниках войны.

*77-е занятие*

## Тема: «МОЙ ЛЮБИМЫЙ ГОРОД» – «МÆ УАРЗОН ГОРÆТ»

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звуков *«хъ»* и *«дж»*.

– Познакомить детей со словами: *Дзæуджыхъæу, Терк, аргъуан, сырддон.*

– Активировать слова и словосочетания: *адæм, транспорт, фæлладуадзæн бынат.*

– Учить детей отвечать на вопрос *«Кæм стæм?»*

**Материал:** демонстрационный материал с достопримечательностями нашего города, микрофон. ТСО – песня о городе;

### Ход занятия

**1. Звуковая зарядка.**

– Æнгуылдз-ләппу, кæм уыдтæ?
– Ацы æфсымæримæ хъæды,
– Ацы æфсымæримæ хъæуы,
– Ацы æфсымæримæ Дзæуджыхъæуы,
– Ацы æфсымæримæ хордтон,
– Ацы æфсымæримæ та заргæ кодтон.

*Дети прикладывают палец к пальцу.*

**2. Рифмовка.**

**Мæ фыдыуæзæг!**

Æз – дæ хъæбул,
Æз – дæ бындур,
Æз – дæ уазæг,
Æз – дæ дарæг.

Æз – дæ уалдзæг,
Æз – дæ фæззæг,
Æз – дæ фæндиаг,
Æз – дæ фæндаг.

*Джимиты Кларæ*

**3. Знакомство с новым материалом.**

**В.** Абон Бечийы базонгæ кæндзыстæм нæ горæтимæ.

**Б.** Æз нæхимæ цæуын райсом! Мæн айстой скъоламæ! Базыдтон алцыдæр!

**А.** Арфæ дын кæнæм, Бечи. Абон дæ сывæллæттæ базонгæ кæндзысты нæ горæтимæ.

**Б.** Нæ горæт у Владикавказ! Æз æй зонын!

**В.** Владикавказ – иронау – Дзæуджыхъæу.

**В.** и **Д.** Дзæуджыхъæу.

**В.** Бечи, ды зоныс, Дзæуджыхъæуы цæугæдон кæй кæлы, уый?

**Б.** Зонын! Терек!

**В.** Иронау та – Терк. Бечи, байхъус сывæллæттæм æмæ дæ базонгæ кæндзысты нæ горæтимæ.

*Воспитатель устанавливает на видном месте иллюстрации, выбирает гида «экскуросовода» и вручает ему микрофон.*

**В.** Радзур-ма ацы нывтæй иу кæнæ дыууæйы тыххæй.

Алинæ! Бечийы базонгæ кæн горæтимæ.
**А.** Мæнæ доны станцæ. Адæм дзы сæхи найынц.
**В.** Кæимæ уыдтæ доны станцæйы?
**А.** Æз доны станцæйы уыдтæн мамæимæ. Мæхи дзы цынадтон.
**Б.** Доны станцæмæ сæрды ацæудзынæн!
**В.** Хорз амонæг у Алинæ. Чи ма нын радзурдзæн, цы нывтæ уынут, уыдонæй иу кæнæ дыууæйы тыххæй?
*(Выслушать рассказы детей о парке, памятнике, зверинце, кинотеатре.)*
**В.** Бечи, ныр хуыздæр базыдтай Дзæуджыхъæуы тыххæй…
*(Обобщить рассказы детей по иллюстрациям).*
**4. Физкультминутка по выбору детей.**
**5. Песня о городе.** *(На выбор воспитателя)*
**6. Переводчики.**
**В.** Переведите мои предложения на осетинский язык, пусть Бечи больше узнает о республике и городе.
**В.** Я живу в Осетии.
**Д.** Æз цæрын Ирыстоны.
**В.** Столица республики – Владикавказ.
**Д.** Республикæйы столицæ у Дзæуджыхъæу.
**В.** В городе есть красивый парк.
**Д.** Горæты ис рæсугъд парк.
**В.** В городе есть много кинотеатров.
**Д.** Горæты ис бирæ кинотеатртæ.
**В.** Я люблю свой город.
**Д.** Æз уарзын мæ горæт.
**В.** Я люблю свою республику.
**Д.** Æз уарзын мы республикæ.
**Работа вне занятия.** Рассматривание иллюстраций достопримечательностей города, беседа с детьми: *«Цæй ныв у?»*

*78-е занятие*

**Тема: «РАЗУЧИВАНИЕ СТИХОТВОРЕНИЯ «ИРИСТОН» – «АХУЫР КÆНÆМ ÆМДЗÆВГÆ «ИРЫСТОН»**

**Цели:**

– Продолжать работать над произношением звуков *«хъ»* и *«дж»*.

– Познакомить детей со словами: *мигъ, стъалы, арв, фыдыбæстæ.*

– Активизировать слова: *хæдтæхæг, хур, вертолет, ракетæ, цъиу, бон, æхсæв.*

–Учить детей отвечать на вопросы: *«Кæм?», «Цы уынæм?».*

**Материал:** картина с видами Кремля, Москвы.

**Ход занятия**

**1. Звуковая зарядка** *(см. 75-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 75-е занятие).*
**3. Знакомство с новым материалом.**
**В.** Мы знаем название города и республики, где проживаем. А страна наша очень большая и в ней живут люди разных национальностей. Мы живем в России. Россия – иронау – Уæрæсе. Зæгъæм иумæ.
**В.** и **Д.** Уæрæсе.
**В.** Мах цæрæм Уæрæсейы.
**В.** и **Д.** Мах цæрæм Уæрæсейы.
**В.** Уæрæсейы столицæ у Мæскуы.
**В.** и **Д.** Уæрæсейы столицæ у Мæскуы.
**В.** Кæм ис Кремль? *(Показывает картинку.)*
**Д.** Мæскуыйы.
**В.** Мах кæм цæрæм? Давид!
**Д.** Уæрæсейы.
**В.** Родина – иронау – фыдыбæстæ.

**В.** и **Д.** Фыдыбæстæ.
*(Ответы детей на вопрос: «Кæм цæрæм?»)*
**4. Физкультминутка по выбору детей.**
**5. Разучивание стихотворения.**

**Ирыстон**

Нæ номдзыд Ирыстон,
Нæ дунейы цин,
Нæ амонды царды
Бæркадджын æфсин.
Нæ бæстæйы фарнæй
Ныррухс и дзæбæх…

Сырх дидинæг калы
Нæ райгуырæн зæхх.
Сырх дидинæг калдзæн
Æнусмæ нæ дуг!
Ды махæн, Ирыстон,
Нæ зæрдæ, нæ туг.

*Баситы Мысост*

**Работа над текстом.** Прочитать, перевести непонятные детям слова: *номдзыд* – славный; *бæркадджын* – изобильный; *туг* – кровь.
Методика разучивания знакома.
**6. Национальная игра по выбору детей.**
**Работа вне занятия.** Повторить с детьми стихотворение М. Басиева «Иристон», изготовить бланки авиабилетов на каждого ребенка.

*79-е занятие*

## Тема: «МОЯ СТРАНА, МОЯ РЕСПУБЛИКА» – «МÆ БÆСТÆ, МÆ РЕСПУБЛИКÆ»

**Цели:**
– Продолжать работать над произношением звуков *«хъ»* и *«дж»*.

– Активизировать слова: *Уæрæсе, Ирыстон, Дзæуджыхъæу, хæдтæхæг, горæт.*

– Учить детей отвечать на вопросы: *«Цал сомы дæм ис?», «Цы æлхæныс?».*

**Материал:** «Билеты на самолет», монеты или кружочки до 10-ти штук на каждого ребенка.

## Ход занятия

**1. Звуковая зарядка** *(см. 77-е занятие).*
**2. Рифмовка** *(см. 77-е занятие).*
**3. Повторить стихотворение М. Басиева «Иристон».**
**4. Чтение текста.**

### Мæн цы фæнды

Де уæхскыл мæ сæвæр, дада, ды, –
Мæн нæ сыхмæ акæсын фæнды.

Сæргъæв мæ бæрзонд бæласмæ ды, –
Мæн нæ хъæумæ акæсын фæнды.

Сæргъæв мæ Санайы хохмæ ды, –
Мæн Мæскуымæ акæсын фæнды.

Стæхын мæ кæн ракетæйыл ды, –
Дун-дунетæ фенын мæн фæнды.

*Цæрукъаты Валодя*

**Работа над текстом.**

Прочитать, перевести непонятные слова: *уæхск* – плечо; *сæргъæвын* – приподнять; *фæнды* – хочу; *дун-дуне* – весь мир. Прочитать повторно без перевода.

**Фарста:** «Кæдæм акæсын фæндыд сывæллоны?»
*(Ответы детей.)*

**5. Физкультминутка по выбору детей.**
**6. Дидактическая игра «Мы заблудились».**

**В.** Представьте себе, что мы заблудились и оказались в не-

знакомом нам городе очень далеко отсюда. Как нам вернуться домой?
*(Ответы детей переводить вместе с ними на осетинский язык.)*
**В.** Нæхи горæтмæ нæ хæдтæхæгæй атæхын хъæуы æви фистæгæй цæуæм?
*(Ответы детей.)*
**В.** Раст  зæгъут. Атæхæм хæдтæхæгæй. Лæвар нæ нæ аласдзысты. Мæнæ билеттæ. Балхæнут сæ. Билеты аргъ у аст сомы.
*Дети берут из коробки по восемь монет и «покупают» билеты у воспитательницы.*
**В.** Цал сомы дæм ис? *(Ымайы æхца.)* Цы ælхæныс?
**Д.** Билет хæдтæхæгмæ. Æз ælхæнын билет хæдтæхæгмæ.
*(Ответы детей.)*
**В.** Балхæдтам билеттæ, фæлæ нæ стюардессæ хæдтæхæгмæ нæ бауадздзæн. Билетты нæй фыст, кæдæм тæхæм, уый, стæй, кæй билет у, уый дæр. Продолжим игру на следующем занятии. Каждый из вас назовет фамилию, имя и отчество. Так же республику и город, куда улетаем. С такими билетами мы сможем сесть в самолет.
**Работа вне занятия.** Уточнить с детьми их фамилии на осетинском языке.

*80-е занятие*

## Тема: «ДИДАКТИЧЕСКАЯ ИГРА» – «ДИДАКТИКОН ХЪАЗТ»

Цели:
– Продолжать работать над произношением звука *«ы»*.
– Учить детей отвечать на вопросы: *«Чи дæ?», «Кæдæм тæхыс?».*
– Активизировать слова: *мыггаг, ном, Ирыстон, Дзæуджыхъæу.*

**Материал:** ТСО – осетинская музыка *«Хонгæ»*, песни *«Цъæйдон»* и *«Мады зарæг»*; иллюстрации достопримечательностей города Владикавказа.

**Ход занятия**

**1. Повторить стихотворение М. Басиева «Иристон».**

**2. Дидактическая игра «Мы заблудились»** *(продолжение)*.

**В.** Сымах балхæдтат билеттæ. Ныр сыл ныффыссын хъæуы уæ мыггæгтæ æмæ нæмттæ, стæй, кæдæм тæхут, уый дæр. Хъазут дыууæ командæйæ.

Если что-то непонятно, посоветуйтесь с членами команды, с капитанами команд, но не оставляйте в чужой стране никого. Всем надо будет ответить на одни и те же вопросы. Так делает и кассир в аэропорту. Пишет фамилию, имя и отчество пассажира и куда тот собирается улететь.

*Соревнуются две команды!*

**В.** Фыццаг райдайдзысты хъазт чызджытæ. Байхъусут-ма сын сæ капитанмæ! Томæ, рауай! Чи дæ?

**Т.** Æз дæн Хъантемыраты Тотыры чызг Томæ (Тамарæ).

**В.** Кæдæм тæхыс?

**Т.** Ирыстонмæ.

**В.** Кæцы горæтмæ?

**Т.** Дзæуджыхъæумæ.

**В.** Фыссын: Хъантемыраты Томæ Тотыры чызг тæхы Ирыстонмæ, горæт Дзæуджыхъæумæ. Айс дæ билет.

*(По этой схеме выписать билеты всем девочкам.)*

**В.** Чызджыты ныр стюардессæ бауадздзæн хæдтæхæгмæ. Ис сæм билеттæ. Ныр та байхъусæм лæппуты командæмæ. Давид, рауай. Куыд ныффыссон билеты? Чи дæ?

**Д.** Æз дæн Давид.

**В.** Кæмæй у дæ мыггаг?

**Д.** Уырыймæгтæй.

**В.** Кæй фырт дæ?

**Д.** Мараты.

**В.** Зæгъæм иумæ!
**В.** и **Д.** Æз дæн Уырыймæгты Давид Мараты фырт.
**В.** Кæдæм тæхыс?
**Д.** Ирыстонмæ.
**В.** Кæцы горæтмæ?
**Д.** Дзæуджыхъæумæ.
**В.** Фыссын: «Уырыймæгты Давид Мараты фырт тæхы Ирыстонмæ, горæт Дзæуджыхъæумæ». Айс дæ билет.
*(По этой схеме выписать билеты всем мальчикам.)*
*Воспитатель подводит итог – чья команда лучше справилась с заданием – и вешает на их экран медаль. Считает медали последнего месяца и объявляет победителя.*
*Затем ставит стулья парами в два ряда, и дети с билетами проходят в «самолет». Пропускает их стюардесса – педагог. Тихо звучит осетинская музыка.*
**В.** Бацъынд кæнут уæ цæстытæ æмæ байхъусут мæнмæ. Представьте себе! Уæ цæстытыл ауайын кæнут.
Тæхæм уæлæрвты, тæхæм мигъты сæрты. Уынæм æнæкæрон денджыз, æнæзонгæ бæстæ, æнæзонгæ горæттæ, дæттæ, хъæутæ.Тæхæм, тæхæм æмæ уынæм дардæй Кавказы бæрзонд хæхтæ, дуркъæдзæхтыл згъорынц дзæбидыртæ, сæ сæрмæ тæхынц цæргæстæ. Тæхæм нæ хъæды сæрты æмæ уынæм æрдузы сагты, бирæгъ суры рувасы, тæрхъустæ хæрынц кæрдотæ. Уынæм, комы сыгъдæг доны кæсæгтæ сурынтæй куыд хъазынц, уый. Рæсугъд у нæ горæт! Ракæсут уæ цæстытæй. Байхъусут! Æрбахæццæ стæм нæхимæ.

**Дзæуджыхъæу**

Нæ уарзон Дзæуджыхъæу, дæуæй
Зæххыл рæсугъддæр горæт нæй.
Дæ Теркæй зарагдæр нæй дон.
Фæрнæй уæд дзаг дæ алы бон.

*Дзасохты Музафер*

Рæсугъд у нæ Ирыстон!

Дæ райсом хорз, мæ Ирыстон, фæрнæй
Æрвит дæ бонтæ фидæнмæ тындзгæйæ,
Мæнæн дæуæй зынаргъдæр нæй,
Æз равзæрдтæн дæ туг æмæ зæрдæйæ.

Бахæццæ стæм Уæлладжыры коммæ. Цъæйдон дзы кæлы.

Сау хохæй сызгъæрин хур æркаст,
Комы стынг Цъæйдоны хивæнд хъазт,
Фесхъиуынц йæ уылæнтæ нæргæ,
Цъæйдон – цъæйы доны зæрдæ.

Æнхъæлмæ нæм кæсынц нæ нанатæ. Сыстут ныр. Æрхæццæ стæм балцæй. Лæугæйæ байхъусæм зарæг «Ныййарæг мад»-мæ

Куы араст вæййæм дард балцы  нæ кæртæй,
Куы скъуырæм искуы фæндагыл нæ къах, –
Дæ сау дзыкку ысурс вæййы нæ мæтæй,
Æмæ вæййæм дæ иунæг катай мах.

Ныййарæг мад, ныййарæг мад, дæ номыл
Мæ цинтæ ’мæ  мæ сагъæстæ бæттын.
Æз федтон хур дæ къухтæй хуыд хæдоны,
Дæ хуыд дзабырты базыдтон цæуын.

Æрхæццæ стæм Дзæуджыхъæумæ. Æз уын бакастæн поэт Чеджемты Æхсары æмдзæвгæтæ, байхъуыстат ын йæ зарæгмæ.

**Работа вне занятия.** Приготовить атрибуты на головы к сказке *«Арс цуанонмæ уазæгуаты куыд цыд»*.

*81−84-е занятия*

## ТЕМА: «КАК МЕДВЕДЬ ХОТЕЛ ПОГОСТИТЬ У ОХОТНИКА» – «АРС ЦУАНОНМÆ УАЗÆГУАТЫ КУЫД ЦЫД»

*(Аргъау)*

**Цель:**

– Учить детей участвовать в инсценировке сказки.

**Материал:** атрибуты на головы участникам инсценировки.

**Ход занятия**

1. Чтение текста до §2. Перевод незнакомых слов. Повторное чтение. Хоровое чтение 2 раза. Распределить текст между детьми. *(«Тæрхъустæ»)*
2. Чтение текста §2. Перевод незнакомых слов. Повторное чтение. Хоровое чтение. Распределение текста между детьми. *(«Бирæгътæ»)*
3. Чтение текстов §3 и §4. Перевод незнакомых слов. Повторное чтение. Хоровое чтение. Распределение ролей и текста между детьми.
4. Показ инсценировки другим возрастным группам детского сада.

**Работа вне занятия.** Разучивание текста с группами детей. Раздать текст на дом. Текст помогут разучить родители.

**Арс цуанонмæ уазæгуаты куыд цыд**

*(Аргъау)*

§1

**Арс.** Хъæды сырдтæ! Цомут æмæ ацæрæм цуаноны кæрты! Йе скъæт фосæй йедзаг, йæ кæркдоны – бирæ мæргътæ! Уæдæ йæм ис дыргътæ, халсартæ æмæ мыд дæр. Тæрхъустæ, цы зæгъут?

**Тæрхъустæ** *(фæтарстысты, афтæмæй иумæ дзурынц).*

Нæ-нæ! Нæ йæ уарзæм!
Нæ-нæ! Нæ йæм цæуæм!

**Арс.** Цы уын кодта цуанон?

**Тæрхъустæ.**

Иуахæмы, иубон
Хъæдмæ ацыд цуанон!

Мах йæ хуымтæм бабырстам,
Уырыдзытæ ракъахтам!

Голджыты сæ акодтам.
Къабускатæ ахордтам,
Фæткъуы бæлас бауыгътам,
Нæ цотæн дзы рахастам!

Сæгъы æхсыр радыгътам,
Нæхи дзы хорз бафсæстам!
Æндæр нын ницы кодта,
Фæлæ йæ нæ уарзæм!

**Арс.** Фыдгæнджытæ разындыстут, тæрхъустæ! Марын уæ хъуыдис.

§2

**Дзурæг.** Арс ацыд æмæ æрлæууыд бирæгъты цур.

**Арс.** Бирæгътæ! Цомут, ацæрæм цуаноны кæрты!

**Бирæгътæ.**

Нæ-нæ! Нæ йæ уарзæм!
Нæ-нæ! Нæ йæм цæуæм!

**Арс.** Цы уын кодта цуанон?

**Бирæгътæ.**

Иуахæмы бæрзонд рæгътæй
Иуæндæс фæхъуыд йæ сæгътæй!
Далыстæн дыууæ сæ нæрдтæй
Скарстам мах нæ цыргъ дæндæгтæй!

Радавтам ын иу йæ бæхтæй.
Цуанон нал æфсæст гæрæхтæй!
Рафыхтис нæм лæг фырмæстæй!

Бирæгътæн дыууæ сæ нæлтæй
Амардта йæ цыргъ фæрæтæй!
Æндæр ын ницы ракодтам,
Фæлæ нæ нæ уарзы!

**Арс.** Марын уæ хъуыдис! Тыхгæнджытæ разындистут сымах дæр!
**Дзурæг.** Ацыд Арс дарддæр.
**§3**
**Дзурæг.** Арс æрлæууыд рувæсты цур.
**Арс.** Рувæстæ, цомут, ацæрæм цуаноны кæрты!
**Рувæстæ** *(фæтарстысты)*.

Нæ-нæ! Нæ йæ уарзæм!
Нæ-нæ! Нæ йæм цæуæм!
**Арс.** Цы уын кодта цуанон?
**Рувæстæ.**

Иуахæмы, иубон
Хъæдмæ ацыд цуанон!
Мах йæ хъазтæй фондз ахордтам,
Кæрчытæй авд радавтам!

Бабызтæм фæхъуызыдыстæм,
Уасджытæй фондз рацахстам,
Нæ лæппынтæн сæ рахастам!
Æндæр ын ницы кодтам,
Фæлæ нæ нæ уарзы!

**Арс.** Фыдгæнджытæ разындистут сымах дæр! Цæуын цуанонмæ мæхæдæг! Дзидзайæ мæ бафсаддзæн! Мыды боцкъа мын ратдзæн!

**Дзурæг.** Рувæстæ, бирæгътæ, тæрхъустæ бахæлæг кодтой:

Тæхудиаг!

**Дзурæг.** Уызын фæзынд.

**Уызын.** Нæ паддзах! Цуанон топпифтыгъдæй æрбацæуы хъæдмæ! Лидзгæ! Дæу агуры!

**Арс.** Цы йын кодтон, оххай!

**Уызын.** Фехъуыстон хæрз æрæджы,
Цуаноны мыд бахордтай!
Стæй, дам, ивгъуыд фæззæджы

Йе скъæты дуар батыдтай
Æмæ родты нарддæры
Ды къæрныхау радавтай.
**Арс.** Оххай!
**Уызын.**
Мæнæ аცы рагуалдзæг
Цуанонæн йæ цъæх хæрæг
Æрхы бын æрбаргæвстай!
**Арс.** Оххай! Уызын, мауал сæ нымай!
**Уызын.** Алидзут!
**Дзурæг.** Сырдтæ алыгъдысты.

*Джимиты Кларæ*

**Работа над текстом.** Прочитать и перевести непонятные слова. Разделить детей на три подгруппы, да так, чтобы все ребята смогли участвовать в инсценировке (сделать это заблаговременно). Изготовить вместе с детьми атрибуты на головы («зайцы», «лисы», «волки», «еж» и «медведь»).
**Работа вне занятия.** Показать сказку детям другой группы.

## НАЦИОНАЛЬНЫЕ ИГРЫ
*(Ирон адæмон хъæзтытæ)*

**1. Уæхскæй къуырын – Вытолкни плечом.**

**Описание игры.** Чертится круг радиусом 1,5 метра. Двое игроков становятся в центре круга так, чтобы их плечи касались друг друга. Руки заложены за спину. По команде игроки поднимают одну ногу, сгибают ее в коленном суставе. Подскакивая на одной ноге, начинают выталкивать друг друга за пределы круга. Победителем становится тот, кому это удается.

**Правила.** Запрещается менять ногу.

**2. Хъонхъулатæй хъазт – Разбей шеренгу.**

**Описание игры.** В игре участвуют две команды, в каждой команде выбирается вожак. Дети, держась за руки,

становятся в две шеренги, вожак – с правого фланга. Команды становятся друг к другу лицом на расстоянии 10–12 метров. Один из вожаков, по договоренности, первым со словами: «Табу, табу» называет имя одного из игроков команды «противника». Вызванный должен с разбегу плечом пробить чужую шеренгу. Если это удается, то он забирает одного из игроков к себе в шеренгу, если нет, сам остается в той шеренге. Игра продолжается до тех пор, пока игроки одной шеренги не перетянут к себе всех игроков другой шеренги.

**Правила.** Игрок пробивает шеренгу только плечом в местах захвата руками. Игрок может выбегать только по вызову водящего команды противника.

**От автора.** Водящий выкрикивает имя ребенка из шеренги «противника» – вызывает его. Всей шеренгой произносят имя ребенка, потом говорят: «Разгъор нæм цæрдæг! Аскъуын нын нæ цæг!»

И только после слова «цæг!» игрок покидает свою шеренгу и разбегается.

**3. Бæндæнæй хъазт – Перетягивание веревкой.**

**Описание игры.** На площадке чертится круг диаметром в 4 метра, через середину которого проводится прямая, делящая круг на две равные части. По обе стороны прямой линии становятся спинами друг к другу два участника игры. На них надевается кольцо из веревки диаметром 1,5 метра так, чтобы оно прошло под руками. Приседая, участники подаются корпусом вперед, чтобы веревка была слегка натянута. По команде каждый начинает тянуть противника из круга. Кто кого вытянет из круга, тот и выигрывает.

**Правила.** В игре участвуют мальчики одинакового роста. Веревку держать на уровне груди. Могут играть по 3–4 ребенка и тогда необходимо увеличить длину веревки.

**4. Къæбæлæй исын – Перетягивание палкой.**

**Описание игры.** Двое играющих садятся на пол ли-

цом друг к другу так, чтобы их выставленные вперед ноги плотно упирались ступнями друг в друга. Играющие наклоняют свой корпус и вытягивают руки вперед. Обхватив кистями обеих рук небольшую, размером 80 см, палку, они по команде стараются перетянуть партнера на свою сторону. Тот, кому это удается, становится победителем.

**Правила.** Во время игры ноги должны быть вытянуты строго вперед и плотно прижаты друг к другу. Тянуть за счет силы рук и разгибания корпуса.

**5. Тохсийæ хъазт – Игра в альчики.**

**Описание игры.** На ровной площадке чертится круг диаметром полтора метра, в центре круга чертится прямая линия, где расставляют альчики (можно плоды каштана). От круга на расстоянии 2,5–3 метров чертится линия кона – прямая параллельно линии, которая в центре круга. Крупной битой играющий выбивает каштаны. Выбитый каштан считается выигранным и игрок продолжает выбивать следующий… Если не выбил, становится в конце очереди. Выигрывает тот, кто больше каштанов выбил из круга.

**Правила игры.** Бросок необходимо производить снизу накатом по площадке. Бита может быть сланцевой или деревянной, или каменной, диаметром 10–15 см, чтобы попасть в альчик (или каштан).

**6. Гаккырис.**

По кругу на расстоянии 40 см друг от друга – небольшие круги, начерченные мелом. Игроки приседают в эти лунки-круги на корточки. Водящий, подпрыгивая на одной ноге, старается столкнуть с места кого-нибудь из игроков. Тот, кого он столкнет первым, и становится водящим, а другой занимает его место в кругу.

**Методические указания.**

1. Игрок считается сбитым, если ступня его сместится и окажется за чертой круга.

2. Водящий слегка подталкивает игроков в спину.

3. Сидящие не поворачиваются к водящему лицом.

4. Во время игры водящим разрешается менять ногу по мере усталости.

## ПОГОВОРКИ

*(Æмбисæндтæ)*

### Уалдзыгон æмбисæндтæ

Уалдзыгон бон афæдз дары.
Уалдзæг – гуырæн дуг.
Уалдзæг – магусайы удхæссæг.
Уалдзæджы минæвар – дзывылдар.
Уалдзæг – уæрыкджын.
Уалдзæг – кусаг.
Уалдзæг – кусынæн.
Уалдзæджы фидиуæг – хæрисы къуыбыр.
Уалдзæг къæвдайæ фидауы.
Уалдзыгон их сайаг у.
Уалдзæг – æрвнæрæн.
Уалдзæг рæдау у.
Рæсугъд уалдзæг – хъæздыг фæззæг.
Уалдзæг – дониуарæг, фæззæг – хуариуарæг. *(Диг.)*
Уалдзæг – фæллойнæ, фæззæг – куывддонæ, зумæг – аргъæуттæ. *(Диг.)*

### Сæрды мæйтæ

Хурхæтæны мæй
Сусæны мæй кæнæ кæхцгæнæны мæй
Майрæмыкуадзæны мæй

### Æмбисæндтæ сæрдыл

Сæрд дæ хид рауадз æмæ зымæг ма басийай.
Сæрды аууæтты чи бады, уый зымæг йæ гуыбынмæ хъусы.
Сæрд мæлдзыг дæр æвæрæнтæ кæны.
Сæрдыгон къæвда зæххæн сой у.
Сæрдыгон бон афæдз у.

Сæрд хурæй конд у.
Сæрдæн – хор, сæрæн – зонд.

**Фæззæджы мæйтæ**

Рухæны мæй
Кæфты мæй
Джеоргуыбайы мæй

**Фæззыгон æмбисæндтæ**

Фæззæг – мæкъуылджын.
Фыццаг мæкъуыл куы фæзыны, фæззæг уæд райдайы.
Фæззæг хъæздыг у.
Фæззæг – магусайы удхæссæг.
Фæззæг куыстуарзагæн – зæрдæрухс.
Фæззæджы бæркад – афæдз дарæг.
Фæззæг царды къæбиц у.
Фæззæг æппæтæй æххæст у.
Фæззæг дзаджджын у.
Фæззæг идзаг фингæ æмгустдзинадæй æрæвæруй. *(Диг.)*
Фæззæг уæззау уæрдунтæ толуй. *(Диг.)*
Фæззигон хъуæцæ фезонæги тæф хæссуй. *(Диг.)*
Фæззигон мегъæ æма фæллад лæгбæл æууæнкæ нæййес. *(Диг.)*

**Зымæджы мæйтæ**

Цыппурсы мæй
Тъæнджы мæй
Æртхъирæны мæй

**Зымæгон æмбисæндтæ**

Зымæджы дæндаг дур кæрды.
Зымæгон боныл æууæнк нæй.
Зымæг арт уарзы.
Зымæгон бон ыскæс æмæ ныккæсæй фылдæр нæу.
Зымæгон арв нæ нæры.
Зымæг куынæ уаид, уæд уалдзæджы хъуыды дæр ничи ’ркæнид.

Зумæг раздæр æвзонг цъеути бандавуй. *(Диг.)*
Зумæг фæззæги хæндугæй цæруй. *(Диг.)*
Зумæгон губун – нæрсагæ. *(Диг.)*

**Диагностика**
**уровня знаний детьми осетинского языка подготовительной группы дошкольного образовательного учреждения**

Сентябрь ____________ ______ (месяц) (год)

Май ____________ ______ (месяц) (год)

Для определения уровня знаний осетинского языка детьми подготовительной группы дошкольного образовательного учреждения необходимо использовать словарный запас предыдущего учебного года. Конкретный материал по всем темам программы имеется в материалах старшей группы (см. программу).

Работу с детьми по диагностике необходимо проводить индивидуально с каждым ребенком по схеме.

| № | Ф.И.О. | Сентябрь | | | Май | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Не понимает осетинский язык | Понимает осетинский язык | Разговаривает на осетинском языке | Не понимает осетинский язык | Понимает осетинский язык | Разговаривает на осетинском языке |
| 1 | | + | | | + | | |
| 2 | | | + | + | | + | + |
| 3 | | | | | | | |
| 4 | | | | | | | |
| 5 | | | | | | | |
| 6 | | | | | | | |
| 7 | | | | | | | |
| 8 | | | | | | | |
| 9 | | | | | | | |
| 10 | | | | | | | |

После сентябрьской диагностики составить три списка:

– не понимают осетинский язык ………….

– понимают осетинский язык ……………..

– разговаривают на осетинском языке …….

В конце учебного года провести повторную диагностику по программе подготовительной группы. Определить динамику. Подвести итог.

Содержание

1. Предисловие........................................................3
2. Перспективный план ...............................................6
1-е занятие «Я и моя семья» – «Æз æмæ мæ бинонтæ».......23
2-е ........................................................................26
3-е.........................................................................29
4-е.........................................................................32
5-е ........................................................................35
6-е «День рождения» – «Гуырæн бон»...........................37
7-е «Я и моя семья» – «Æз æмæ мæ бинонтæ»..................43
8-е ........................................................................46
9-е ........................................................................48
10-е «День поэзия К. Хетагурова» – «Хетæгкаты Къостайы поэзийы бон»..........................................................50
11-е «Наступила осень» – «Æрцыд фæззæг».....................53
12-е «День рождения» – «Гуырæн бон»...........................56
13-е «Наступила осень» – «Æрцыд фæззæг».....................56
14-е ......................................................................60
15-е ......................................................................63
16-е.......................................................................66
17-е.......................................................................69
18-е.......................................................................72
19-е «Колосок» – «Æфсир»..........................................75
20-е «Одежда» – «Дарæс»...........................................79
21-е ......................................................................81
22-е Магазин игрушек» – «Хъазæнты дукани»...................84
23-е ......................................................................87
24-е ......................................................................90
25-е «Два друга» – «Дыууæ хæлары»..............................92
26-е ......................................................................96
27-е «День рождения» – «Гуырæн бон»...........................97
28-е «Магазин игрушек» – «Хъазæнты дукани»..................99
29-е «Фруктово-овощной магазин» – «Халсартæ æмæ дыргъ-

ты дукани»…………........................................................101
30-е «Как котенку захотелось быть девочкой» – Гидайы чызг уævын куыд бафындыд»...............................................105
31-е «Чудесный мешочек» – Æмбисонды голлаг»….......108
32-е «Игрушки Фатъи» – «Фатъийы хъазæнтæ»…..........110
33-е ...........................................................................114
34-е «Зима» – «Зымæг»……………...............................116
35-е ...........................................................................119
36-е «Разучивание стихотворения» – «Ахуыр кæнæм æмдзæвгæ»…...................................................................122
37-е «День рождения» – «Гуыræн бон» ........................124
38-е «Встречаем новый год» – «Æмбæлæм Ног азыл»....125
39-е ...........................................................................128
40-е «Лепим фигурки из теста» – «Кæнæм басылтæ» …132
41-е «Встречаем новый год» – «Æмбæлæм Ног азыл».......133
42-е «Примерный сценарий новогоднего утренника»…..134
43-е «Мой праздник» – «Мæ бæрæгбон»..........................137
44-е «Асланбек» – «Аслæнбег»……...............................139
45-е «Еда и питье» – «Хæринаг æмæ нуазинаг»…..........141
46-е ...........................................................................144
47-е «Птицы нашего края» – «Нæ бæстæйы мæргътæ»….147
48-е е «День рождения» – «Гуыræн бон»…....................149
49-е «Что из чего сделано?» – «Цæмæй конд сты?»........149
50-е ...........................................................................152
51–52-е «Наша армия» – «Не ’фсад»……........................156
53-е «Наша мама» – «Нæ мад»……..............................160
54-е ...........................................................................163
55-е «День рождения» – «Гуыræн бон»…......................166
56-е «Птицы нашего края» – «Нæ бæстæйы мæргътæ»….166
57-е «Решение Аслана» – «Асланы уынаффæ»…..........170
58-е «Животные нашего края» – «Нæ бæстæйы цæрæгойтæ».............................................................................172
59-е ...........................................................................176

60-е........................................................................180
61-е ........................................................................182
62-е «Мой дом» – «Мæ хæдзар»..................................184
63-е ........................................................................187
64-е «Птицы нашего края» – «Нæ бæстæйы мæргътæ»…190
65-е «Мой дом» – «Мæ хæдзар»..................................190
66-е ........................................................................193
67-е ........................................................................196
68–70-е «Как мышка сыну невесту сватала» – «Мыст йæ фыртæн – усгур»..................................................199
71-е «Весна пришла» – «Æрцыд уалдзæг»......................203
72-е ........................................................................206
73-е «Птицы прилетели» – Æртахтысты цъиутæ»........210
74-е «День рождения» – «Гуырæн бон»........................213
75-е «Не бойся» – «Ма тæрс»........................................213
76-е «День Победы» – «Уæлахизы бон»........................216
77-е «Мой любимый город» – «Мæ уарзон горæт».........219
78-е «Разучивание стихотворения «Ирыстон»................222
79-е «Моя страна, моя республика» – «Мæ бæстæ, мæ респу бликæ»...................................................................223
80-е ........................................................................225
81–84-е «Как медведь хотел погостить у охотника» – «Арс цуанонмæ уазæгуаты куыд цыд»..................................228
Национальные игры ....................................................232
Поговорки ..................................................................235
Диагностика...............................................................238

*Учебное издание*

**Джимиева К. Т.**

# ОБУЧЕНИЕ ОСЕТИНСКОМУ ЯЗЫКУ КАК ВТОРОМУ

*(ПОДГОТОВИТЕЛЬНАЯ ГРУППА)*

Редактор *И. Х. Джанаева*
Корректор *Л. Г. Дзампаева*
Компьютерная верстка *З. Т. Добаевой*

Сдано в набор 2.04.2013 г. Подписано в печать 26.04.2013 г.
Формат бумаги 60×84 $^{1}/_{16}$.
Гарнитура шрифта “Times”. Печать цифровая.
Усл. п. л. 9,3. Тираж 105 экз.

Отпечатано с готовых диапозитивов в издательстве СОГПИ,
362003, г. Владикавказ, ул. К. Маркса, 36